# МАХ ДУГ



## ДЗИУАТЫ АНАТОЛИ: 80 АЗЫ

5
2026

*Æз æцæг патриотизм цы хонын, уый зонут? Мæ хъуыдымæ гæсгæ, патриот у, адæмæн йæ Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады рæсугъд ныхæстæ чи кæны, уый нæ, фæлæ рæстдзинад чи дзуры. Уымæн æмæ рæстдзинад цыфæнды уæззау æмæ хъыгаг куы уа, уæддæр Райгуырæн бæстæйæн фылдæр пайда æрхæсдзæн. Афтæ, гъе...*

*ДЗИУАТЫ Анатоли*





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2026

# МАХ ДУГ

5
2026

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2026

# НОМЫРЫ ИС:

**ФЫСТÆГ ИВГЪУЫДÆЙ** ........ 5

**ТОРЧЫНТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 90 АЗЫ**

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли. Тох рæстдзинад æмæ фыдæхы ‘хсæн. *Уац* .... 8

**ХОХОЙТЫ ЭНВЕР: 70 АЗЫ**

ХОХОЙТЫ Энвер. Хор, къæвда… æдзох – мæ зæрди. *Æмдзæвгæтæ* ........ 14

**ПОЭЗИ**

НÆКУЫСАТЫ Наирæ. Æз абон æрдзы хъæлæс хъусын… *Æмдзæвгæтæ* ........ 20

**ПРОЗÆ**

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. Ныххатыр мын кæн, Ладимхан. *Радзырд* ... 24

КАРСАНТЫ Ахмæт. Мæлæт æмæ хæхтæ. *Уацау* ........ 30

**ЦАРДЫСТЫ ÆМÆ УЫДЫСТЫ**

ХУЫГАТЫ Сергей. Бицъоты Грис. *Мысинæгтæ* ........ 51

**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**

ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ ........ 61

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**

ДЗЫНЫХТЫ Анжелæ. Рæсугъд зæрдæйы цин æмæ хъынцъымтæ. *Уац* ........ 87

СÆБАНТЫ Тамерлан. Мысын мæ хистæр хæлары... ........ 102

Кахи КАВСАДЗЕ. Профессионал своего дела ........ 104

Дагун ОМАЕВ. Достойный сын Кавказа ........ 105

ДЗЫНЫХТЫ Аленæ. «Нæ фæндтæн ратт сæрибар æмæ цард!» *Уац* ........ 107

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ**

ТЪЕХТЫ Тамерлан. «Дæ хъæбул дæн, мæ райгуырæн!..» *Уац* ....... 113

**РОХУАТÆН ÆВГЪАУ**

ДЗАДТИАТЫ Тотырбег. Сусæг фæндæгтæ. *Уацау* ........ 121

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**

БАСИТЫ Мысост. Мæ зæрдæ мысы!.. *Æмдзæвгæтæ* ........ 134

**ИРОН ХАБÆРТТÆ**

Хъæбатыр барæг ........ 139

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........ 143

# ФЫСТÆГ ИВГЪУЫДÆЙ

## ИРОН ÆВЗАГ

Фыццагон рæстæджы дæр стыр аргъ кодтам уырыссаг æвзагæн. Дзæбæх ныхас зæгъын нæ-иу куы фæндыдис, уæд-иу загътам: «Дæ лæппу уырыссагау базонæд». Кадджын нæм уыдис гуырдзиаг æвзаг дæр. Æрмæст нæ цæсты нæ уыдис æрдуйы бæрц дæр нæ фыдæлты æвзаг – ирон æвзаг.

Уый фæдыл нæ уд лæвæрдтам уырыссаг æвзагмæ æмæ нæ ирон ныхасыл нæ фæцайдагъ стæм нæ скъолайы, нæ бинонты ‘хсæн. Сæдæ азæй фылдæр рацыдис, ирон æвзагыл чиныг куы сæвзæрдис, фæлæ уадиссаг ницыма сцырын ис ирон чиныг. Цæмæн нæ хъуыдис чиныг ирон авзагыл? Цас ирон æвзаг тагъддæр ферох кодтаиккам æмæ тагъддæр сдзырдтаиккам уырыссаг æвзагыл, уыйас рæвдздæр уыдис паддзахы дуджы хицауады политикæ дæр кæройнаг къаннæг мыггæгты ‘хсæн.

Революци асаста, паддзахы къухы цы адæмтæ уыдис, уыдоны рæхыстæ. Алы адæмæн, алы дзыллæйæн бар ис, сæ зонд, сæ хъару æмæ се ‘гъдæуттæм гæсгæ саразой сæ цард кæрæй-кæронмæ. Куыд араздзыстæм мах нæ царды бындур? Æмдзу кæндзыстæм дунейы кусæг адæмимæ, уыдонæй нын хицæнгæнæн нæй, куыд иунæг æртахæн нæй фæхицæнгæнæн стыр денджызæй. Фæлæ уыцы кусæг адæмæн дæр фæдисонæн не сбæздзыстæм, нæ сæрæн куынæ уæм, нæ къахыл æдæрсгæ куынæ лæууæм. Цæмæй нæ къахыл слæууæм, уымæн та сæйраг амæлттæй иу у не ‘взаг. Не ‘взаджы руаджы райхъал уыдзæн нæ зонд, æрмæст уый фæрцы æнæ фæрисгæйæ бауыдзыстæм хайджын сæрибары

ӕрхӕсгӕ хӕзнатӕй. Размӕ нӕ ацӕудзыстӕм, нӕ зонд не стыхджын уыдзӕн, йӕ фисынтӕ йын нӕхи ӕвзагыл куынӕ самайӕм, йӕ уидӕгтӕ йын нӕхи ӕвзагыл куынӕ сфидар кӕнӕм.

Зынгӕ уырыссаг ахуыргонд Потебня куыд зӕгъы, афтӕмӕй зонд ӕмӕ ӕвзаг иу сты, ном цы хъуыдыйӕн нӕй, уый йӕхӕдӕг дӕр нӕй, ӕнӕ дзургӕйӕ хъуыдыгӕнӕн нӕй. Уымӕ гӕсгӕ нӕ зонды фӕрӕзтӕ, нӕ зонды ахастытӕ баст сты, сывӕллонӕй цы ‘взагыл байдыдтам дзурын, мадӕлтӕ нын авдӕны зарджытӕ кӕуыл кодтой, уыцы ӕвзагимӕ. Ӕндӕр ӕвзагыл адӕймаг зонды мӕсыг нӕ самайдзӕн. Къостайӕн йӕ уырыссаг фыстытӕ аив сты, фӕлӕ йӕ «Ирон фӕндыр»-ы хъазт арвмӕ дӕр хъуысы.

Революци нӕ ссӕрибар кодта: хицауад кӕнӕм нӕхӕдӕг нӕ бӕстыл, алы хъуыддаг у нӕхи аразинаг. Кӕд бамбардзыстӕм хуыздӕр кӕрӕдзийы, кӕд рӕвдздӕр ацӕудзӕнис нӕ куыст? Мадӕлон нӕ, фӕлӕ ӕндӕр ӕвзагыл куы дзурӕм, уӕд нӕ культурӕ ӕххӕстӕй саразын нӕ къухы нӕ бафтдзӕн. Нӕ хъуыддаг аразӕндӕтты ирон ныхас куынӕ хъусӕм, уӕд хъуыддаг дӕр хорз ӕвӕрд нӕ уыдзӕн.

Чиныг куынӕ сарӕх кӕнӕм ирон ӕвзагыл, уӕд нӕ адӕмы талынгӕй рухсмӕ никуы ракӕндзыстӕм. Уымӕ гӕсгӕ нӕ тынг зӕрдиагӕй хъӕуы базилын не ‘взагмӕ, ӕмӕ йын ӕппӕты разӕй скъолаты, цы аккаг у, ахӕм бынат скӕнӕм.

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр*
*1964 аз*

# ТОРЧЫНТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 90 АЗЫ



**(1936)**

*Мæ цард æрæвæрин фæлтау*
*Мæнгарды ныхмæ тохы де стæн.*
*Рæстæй фæцардтæн, – нæй мæм фау,*
*Фæлæ зæххыл пехуымпар не сдæн.*

*«Зейнап»*

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

# ТОХ РÆСТДЗИНАД ÆМÆ ФЫДÆХЫ ‘ХСÆН

*Уац*

Поэт, прозаик, æхсæнадон архайæг, горæт Беслæны кадджын цæрæг, Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы уæнг, РЦИ-Аланийы Парламенты дыккаг æмæ цыппæрæм æвзæрстыты депутат Торчынты Хъазыбег литературæмæ æрбацыд уырыссаг æвзагыл фыст уацмысты фæрцы, фæлæ йын семыдзаг сты ирон удызмæлдæй. Йæ фæллæйттæ та чысыл не сты – йæ аивадон къæбицы ис, адæмы размæ кæй нæма рахаста, бирæ ахæм уацмыстæ. Йæхæдæг куыд зæгъы, уымæ гæсгæ йæ литературон фæллæйттæ æдæппæт уыдзысты дæс томы. Поэзийæ дарддæр сæ ис прозæ æмæ афоризмты хуызы философон хъуыдытæ.

Хъазыбегæн йæ алы уацмыс дæр у лæмбынæг æркæсыны аккаг, фæлæ се ‘хсæн сæрмагонд бынат ахсы «Зейнап». Тынг æхсызгон хъуыддаг уыди роман ирон æвзагмæ раивын, æмæ, мæ къухы кæй бафтыд, уый банымайæн ис ахъаззаг цауыл. Уацмыс иронау чи бакæса, уый æнæмæнг банкъардзæн, сæрысуангæй дæр роман дзаг кæй у ирон удызмæлдæй, автор та ифтонг кæй у, æрмæст ирон адæймаг хайджын цы уды минуджытæй вæййы, уыцы æууæлтæй. «Зейнап»-ы цы пиллонкалгæ уарзты æнкъарæнтæ æвдыст цæуынц, уыдон райдайæнæй кæронмæ сты æнæкъæм, æнæфау. Уацмысы хъайтартæн мах тæрхонгæнæг хъуамæ ма суæм, сæ уарзты уацары бахаугæйæ, фыдæлты уагæвæрды сæрты ахизгæйæ, царды уылæны ныхмæ кæй рацыдысты, уый тыххæй. Ахæм къахдзæфæн кæддæриддæр вæййы уæззау фæстиуджытæ. Сæйрагдæр та, ахæм иудзинады фæстæ цы цот райгуырынц, уыдон вæййынц цардиппæрд æмæ дзырдæппарæн. Æмæ уыцы фæстиуджытæ авторы цæстæнгасæй нæ аирвæзтысты:

*Роксанæ, радзур-ма рæстагæй,*
*Нæ чызг кæм номхæссæн фæци?*
*Кæйдæр, æнхъæлдæн, уарзта рагæй...*
*Æфхæрд ыл ма ‘руадзæм, гыцци!*
*Фæлтау ныффæразæм зын сахат,*
*Æгъгъæд ын – амонды гадзрахат.*

*Йæ маст иппæрд удæн – æгæр.*
*Цы у уæ хыл æмæ уæ хъæр!*

Ацы рæнхъытæй бæрæг у, Зейнапмæ æнцон хъысмæт кæй не ‘нхъæлмæ кæсы, уый. Дыууæ уды уарзты сæрвæлтау ахæм удуæлдай къахдзæф куы акæнынц, уæд æгас дуне рацæуы сæ ныхмæ. Фæлæ, дарддæр сæ хъысмæты цы зындзинæдтæ фæзындзæн, уый ницæмæ даргæйæ, чиныгкæсæг бацæуы хъайтарты уавæры, æмæ сын йæ бон нæ вæййы тæрхон кæнын. Уый нæ, фæлæ сыл фæриссы йæ зæрдæ, фæархайы сæ хъизæмæртты. Хъуамæ бахъара адæймаджы зæрдæмæ Султан æмæ Зейнапы уды хъизæмар! Иуæрдыгæй – се ‘хсидгæ уарзт, иннæрдыгæй – цардиппæрд æмæ адæмы карз тæрхон:

*...Фæлæ, цæвиттон, фесты сонт.*
*Рæдыдæн уыд сæ тæрхон хъоды,*
*Гъестæй фæхицæн кæнын хоты,*
*Сæ фæнд – æгъатыр, фесты конд:*
*«Куыд ис æгадимæ фæцæрæн?!*
*Фæцу, сæрфат скæн дæ сæрæн!»*

Уацмысы ацы цаутæ æвдыст кæй цæуынц, уый аиппыл банымайын никæй цæст бауарздзæн, уымæн æмæ царды æцæгдзинад ацы ран фæрсыгъд цæуы аивадон мадзæлттæй. Фыццаджыдæр, автор пайда кæны равзаргæ ныхæстæй. Ирон адæммæ табугонд цы у, ууыл автор тынг бæстон ауды, афтæмæй æвдисы, уарзæгой удты ‘хсæн рагæй фæстæмæ «рæдыд» цы хуындис, уыимæ баст цаутæ æмæ сæ фæстиуджытæ.

Æнæмæнг бафиппайын хъæуы уый, æмæ Зейнап æмæ Султаны ‘хсæн цы стыр уарзты æнкъарæн сæвзæрд, уый уацмысы авторæн цасдæр ист кæй у йæхи цардæй. Уый афтæ куынæ уаид, ацы судзгæ зæрдæты ахастытæ æрымысæггаг куы уаиккой, уæд авторæн нæ бантыстаид сæ алыварс сын царды æндæр æмдзугæнæг цауты рæнхъытæ рацамайын дæр. Автор нын зæгъы: уарзт кæм ис, уым ис царды ныхмæдзыдтæ дæр. Уый нын амоны æрдз дæр: æфсир кæм æрзайы, хæмпæлгæрдæг дæр уым фæзыны. Æмæ уыцы фæткæн аивæн нæй.

Торчынты Хъазыбеджы уацмыс æрмæст уарзты темæйыл фыст нæу. Уарзтимæ æмдзу кæны нæуæдзæм азты политикон царды ныхмæдзыдты темæ дæр. Æргомæй дзы æвдыст цæуынц Советон Цæдисы пырх дуджы сæйраг архайджытæ. Автор, коммунистон зондахастыл æнувыд уæв-

гæйæ, хурмæ хæссы уæды заманы политикон тохы аиппытæ, уыцы тохы архайджыты галиу хъуыддæгтæ æмæ фыдракæндтæ. Ранæй-рæтты автор рахизы æмæ хиуылхæцгæйæ ракæны ацы тохы йæхи архайды кой дæр:

*...Мæныл дæр уым æрцыди уæз,*
*Мæ хæлар, басæттон дæ разы.*
*Зын уыд мæнгард тохы фæразын,*
*Фæлæ компартийы зын хæс*
*Æрцыди афтæмæй æххæст.*
*Фæци уæлахизæй нæ хæст.*

Цæуы æгъатыр политикон тох, растдæр зæгъгæйæ та, царды æнусон тох рæстдзинад æмæ фыдæхы ‘хсæн. Авторы зæрдæйы рæстдзинады уæлахизы тыххæй цы ныфс ис, уымæн нæй амæлæн, нæй басæттæн йе ‘ууæнкæн. Уый бæрæг дары уацмысы райдайæнæй кæронмæ. Хъазыбег йæхæдæг дæр йæ уацмысы хъайтартимæ æмтохгæнæг у царды хъулæтты ныхмæ. Хатгай йæ ныхас аздахы чиныгкæсæгмæ дæр, цыма йын афтæ фæзæгъы: «Цы фæдæ? Иучысыл-ма бафæраз, æмæ рæстдзинад æнæмæнг фæуæлахиз уыдзæн». Йæ поэтикон рæнхъытæй та йæм афтæ дзуры:

*...Зæххыл цы уарзтæн нæй æмбал,*
*Гъе уымæн агуырдтон амал.*
*Фæлæ мæнæй нæ фесты рох*
*Зæххон фыдæх дуджы нысæнттæ,*
*Æгъатыр, хъал лæгты фыдвæндтæ,*
*Гъестæй мæ рæстаг уды тох.*
*Султаны бафæзмгæйæ, æз*
*Ссардтон уымæн ныр фæрæз!*

Уарзт æмæ рæстдзинады сæрыл тохæн ныхмæлæууæг сты, адæймаджы фыдæх, хъомылад æмæ зонды размæцыд æцæгæлон кæмæн сты, уыдон. Ахæм адæймæгтæй иу у Султанæн йæхи туг æмæ стæг, йæ фырт Хасан дæр. Романы дыккаг хайы куыд уынæм, афтæмæй ма дзы уымæн æмбæлттæ бирæ разындис йæ амæлæты фæстæ, фæлæ уæддæр, фæрнджын ныййарджытæн ахæм быдар кæй райгуырд, уый адæймаджы зæрдæйы дзурынтыл тынгдæр æфтауы. Хасанæн йæ ныййарджытæм ныхмæ лæууыны уыйбæрц бантысти, æмæ уæздан хиуылхæст Султаны марæн кард сисын бахъуыди йæ фыртмæ. Уый

уыдис уацмысы сæйрагдæр ныхмæдзыд, кæд дзы ныхмæдзыдтæ бирæ ис, уæддæр. Ацы ныхмæдзыд схызти йæ къуырцдзæвæнмæ æмæ ахицæн и тугкалд æмæ зæрдæрыстæй.

Ацы уацмыс чи бакæса, уый фендзæн, райдайæнæй кæронмæ кæй у тохы нысантæй йемыдзаг. Æмæ уый та царды æцæгдзинад у. Царды тох куыддæр фæуа, афтæ фæуыдзæн цард дæр. Авторы сæйраг нысан у рæстдзинады уæлахиз, фæлæ автор йæхи æппæтзонæг нæ кæны æмæ нын нæ зæгъы, кæцы бон кæнæ кæцы аз æрцæудзæн рæстдзинады сæрыл арфæйаг уæлахизы бон. Уый нын амоны тохы фæндаг. Мах ыл куы слæууæм, уæд нæ цард алы бон дæр уыдзæн рæстдзинадæй дзаг, нæ бон нæ бауыдзæн рæстдзинадæй фæиппæрд уæвын. Уый тыххæй нын Хъазыбег æргомæй дзуры, тохы фæндагыл цы зындзинæдтæ æвзарикkам, уыдоны тыххæй, цæвиттонæн нын хæссы йæ хъайтарты:

*Мæ хæлар, раздæхæм ныр ног*
*Æмæ нæ хъайтартæм æркæсæм.*
*Уæд ма Султанмæ касти рог*
*Йæ фидæн. Иппæрд та – ирхæфсæн,*
*Нæ зыдта йе 'рмдзæф уый цъаммарæн,*
*Кæй ис рæстаг тохæн ныммарæн,*
*Мæнгард кæй айсдзæни йæ фæнд*
*Æмæ кæй сафдзæни йæ фæд.*

Кæронбæттæны ма мæ фæнды зæгъын, Торчынты Хъазыбеджы роман «Зейнап» Пушкины строфайæ фыст кæй æрцыд, уый фæдыл мæ хъуыды. Уæвгæ, Гуырдзыбегты Иринæйы цы фæлхат кæнон. Уый лæмбынæг фæдзырдта, автор, дам, йæхи Пушкинимæ нæ бары, фæлæ уыцы стихамадæй кæй спайда кодта, уым фауинагæй ницы ис. Æмæ æз дæр уыцы цæстæнгасмæ ницы фау æрхæссинаг дæн. Уый нæ, фæлæ нын автор фадат радта, цæмæй ма ноджыдæр иу хатт æрæмхиц уæм æмдзæвгæйы аив зæлынадимæ – æцæг ног æмæ æнахуыр амалæй. Ацы рæнхъыты автор романы тæлмацгæнæг кæй у, уымæ гæсгæ тынг зæрдиагæй зæгъы: «Уацмыс тæлмац кæнгæйæ, æз стыр сфæлдыстадон æхцондзинад банкъардтон, æмæ мæ ныфс ис: сымах дæр уыцы уæлмонц æнкъарæнæй æнæ хай нæ фæуыдзыстут».

# 15 МАЙ -
# ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ БОН

Ахуыргонд адæймаг æппæты фыццаг йæ мадæлон æвзаг базоны, уый фæстæ та – иннæ адæмты æвзæгтæ.

*НИГЕР*

Йæ национ æвзагæн аргъ кæнын нæ, йæ цæрæнбонты тыххæй кувын чи нæ зоны, уыцы адæмæн рæсугъд фидæн никуы уыдзæн. Уый историйы нырыккон фыдæвзарæнты иуахæмы нал зондзæн йæ цин, йæ хъыг, йæ фæндиæгтæ йæ мадæлон æвзагыл нывыл нымайын Хуыцау æмæ Дунейы раз. Ацы æнамонддзинады фæстæ та дзы фæлидздзæн йæ фыдæлты фарн æмæ намыс. Уыд рæсугъд номдзыд курдиатджын адæмыхатт æмæ нал ис. Миты фæзгъæрау уалдзыгон бон атадис иннæ адæмыхæттыты ‘хсæн, фесæфт…

*НАФИ*

Дунейы тæккæ хуыздæр хæрзтæн у сæ хуыздæр мадæлон æвзаг, чи йæм кæсы иунæг боны цæстæй, уый у йæ адæмæн знаг.

*ЦÆГÆРАТЫ Гиго*

Рæсугъд у цард, фæлæ цардæй рæсугъддæр æмæ тыхджындæр та сты райгуырæн бæстæ æмæ мадæлон æвзаг.

*ЦОЦИТЫ Резо*

Æвзаг хиды хуызæн у фæлтæрты ‘хсæн.

*ГАЛУАНТЫ Людмилæ*

Афæдз иу бон ирон æвзагæн цæрæнбон дæттæг нæу, йæ фидæны хъуыддæгтæ аразынæн цъус у. Махæн хъуамæ алы бон дæр уа не ‘взаджы бон. Алы бон дæр хъуамæ дзурæм нæ мадæлон æвзагыл. Абоны хуызæн бирæ ирон æвзагыл фыст чингуытæ никуы уыд, уавæртæ аразыны хъуыддагыл дзырд никуы цыдис. Фæлæ хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ абон не ‘взагыл фаг нал дзурæм. Абоны бæрæгбоны нысан дæр уый у, цæмæй ирон лæг иронæй баззайа, æмæ нæ мадæлон æвзаг нæ кæстæртæн ныууадзæм удæгас æмæ фидарæй.

*ПЛИТЫ Гацыр*

# ХОХОЙТЫ ЭНВЕР: 70 АЗЫ



**(1956)**

*Цурд тæхагæ æвзонгада... Рæстæг барæнæуай, бамæхезæ ку нæ зонуй, ивулд донау размæмпурс æй. Ду игурцау, фиццаг бауарзтау еунæг хатт фæууис нæ хæццæ. Æхсицгондзийнадæ нин балæвар кæнис хори фæлмæн лæфийнау, ниййерæг мади уарзтау, фиди хедиæртад къæсау...*

*ХОХОЙТИ Энвер*

# ХОР, КЪÆВДА… ÆДЗОХ – МÆ ЗÆРДИ

## ЗÆРДИ ГЪÆР

*«И надежда все поет вдали...»*
*Аннæ АХМАТОВА*

Гъолон – рæстæг:
Æвæгæсæг –
Нæййе хуæцæг –
Хецау хæстæг.

Ехх, æркъæдзæ ʻй
Æнгъæлкæсæг…
Кæд æркæндзæй
Æндæр рæстæг?!

Дуйней фарнæ,
Цæй, æркæсæ
Устур арми
Нин æрхæссæ:

Нæуæг амонд,
Хуæздæр рæстæг,
Е ба йе ʻмуод
Æруа – Бæстæ.

## УАЛДЗÆГИ ЦÆХÆРТÆ

*Когда хочешь себе добра, никому не делай худа.*
*Народная мудрость*

Царди урдуг, кæми хæрди
«Хор, къæвда…» фæуууй мæ зæрди,
Фал дæ фæрци, уорс гæгъæди,
Нæ изайунцæ – æвæрди,
Æма дзорун хердигонау
Евгъуд уалдзæги цæхæртæ,

Некæмæн дæн фуримонау,
Берæ ес мæнæй лæгдæртæ:
Хестæр, 'мгарæ 'ма кæстæртæ,
Къæлæтгиндæртæбæл – уæлдæртæ,
Уонæн сæ хай – мулк, цъæхсæртæ –
Æлгъист, рæстæгмæ къæсæртæ…
Адтæй мæ нихмæ – тохгутæ,
Фæсмæкъурмæ – æнтъохгутæ,
Кедæр хъйамæттæй – лохгутæ:
Фæрсæрдæмæ – æздохгутæ,
Фал нæ рауадæй сæ фæндæ…
Æзмæнст царди æртхотгутæй
Нæ бакурмæ 'й, нæ, мæ зæрдæ.
Царди урдуг, уæдта хæрди
«Хор, къæвда…» æдзох – мæ зæрди.
Зæрдæбоз – дæуæй, гæгъæди,
Нæмæ уадзис ду, æвæди ...

## БАРÆГ

*Балладæ*

*«Ах, песня у любви одна,*
*Но так полна она тревоги,*
*Так глубока, что нет в ней дна,*
*Как нет конца моей дороге ...»*
*Егише ЧАРЕНЦ*

**1**

Цал хатти уæ рæзти
Исуинæ бæлццон:
Уæ дуар 'ма къæрæзтæ –
Æхгæд, ку – игон.

Мæ бæхи цæфхæдтæ
Кодтонцæ зæлланг…
Гæр, некæд 'рæстæфтæ
Ду мах, мæ зæрддаг?!
Уæ цормæ бæх – фæдтæ,

– Стъæлфитæй «финстон …»
Ду ба уоци   сæнттæ
Не ‘сдæ кæсунгъон.

**2**

Нур ба ма уæ рæзти
Ци исун – бæлццон?!
Æй де ‘нкъай мæ бæсти
Еу æцæгæлон…

Исдæ син – уодвæлдес,
Кæмæн дæр хуарз æй…
Мæнæн ба нæбал ес
«Бафсес» уæ разæй.

Уæ цормæ бæлæстæн –
Рæстæгмæ синхон.
Нæбал ан – æнвæрстæ,
Мадта, ци фæууон?!

**3**

Нæ уисæ – ‘нæнвæрсгæ.
Уæ дуар – æнигон,
Фæууидтон де ‘мгæстæ
Еу гигкæ еубон…

Мæ бауæр – баризтæй,
Æстæн – мæ уолæфт,
Бæрзондмæ исхизтæй
Тæнæг зæрди цæф…

**4**

Кизгон уарзти догæн –
Евгъуд æ дзаман,
Цума ме ‘фхуæрд уодбæл
Конд ес хъадама…

Ци фæнди æрвонгæй –
Расугау фæуун,
Зæрдæ ба агоргæй
Райдайуй кæун.

Цæмæн ма уæ рæзти
Æз исун – бæлццон?!
Æхгæд – дуар, къæрæзтæ.
Уох, неци ‘й мæ бон!..

## РАЦО …

*На светлое окно твое*
*Глядел из темноты.*
*Соседи понимали все,*
*Не понимала ты.*

*Константин БАЛЬМОНТ*

Рацо, цæй, уæ размæ,
Мæ уоди гага,
Кенæ ба къæразæй
Еу идзулд уæдта…
Бахизтæй мæ – магъзмæ
Тæвдæ, фиццаг ба…
Уогæ ба ци карз æй,
Уарзт сугъдæг ку уа!..
Æдта, ци мæйдар æй
Æнæ дæу дуйне?!
Зарон нидæн зарæй,
Батава дæу йе?!
Ци барун уæ рæстæ
Æррайи хузæн ?..
Сосуарзтæй игъæстæ
Кæд фæууй хуарзæн?!
Изæрæй уæ цори
Фæуун агорæг,
Еу ести рæуонæй
Къæразгæ уинæг.

Æфсарæ æгасæй
Ислæудтæй не ‘хсæн.
Гъæйдæуай, æдасæй
Изолмæ ‘й фехсæн!
Уæ цори бæласæй
Дæ уатмæ – кæсæн,
Мабал ми æртасæ
Сонт уарзти тæмæн!
Ракæсай уæ размæ,
Рохс уарзти гага,
Уодæй мабал гъазæ,
Ниссор æй дæ ба!..

## ÆФХУÆРД СИФÆ

*Æмбесонд-уайдун*

*«...не вызвать стихами*
*Ни дум в идиоте,*
*Ни доблести в хаме!»*
*А . ЖЕМЧУЖНИКОВ*

Сæрддон хори – лæфин арти
Бафæразта… Не ‘ссугъдæй,
Фæззæги ба – тухст бунати,
Æнхус æй бæргæ гъудæй.
Тæнæг, гъолон, зелгæ сифи
Думгæ скодта æ кустаг…
Ци маст бацудæй æ хурфи.
Ци син адтæй иурстаг?!
Зир-зир – гъолон, устур сифæ,
Фæззæг хъаурæй фæццауд æй,
Уоййид адтæй царди нивæй
Ма зæнхæмæ æрхаудтæй.
Уайтæккидæр суффутт думгæ
Ку фæддунд æй æсхъæлæй,
Рист къалеу ба – мастæй цумгæ,
Бунмæ кастæй мæтъæлæй.
Еци æфхуæрд, тухтунд сифæ

Сафæ еунæг: дзæгъæл æй…
Ке ма, мæгур, æрæстæфа,
Фæцæй æ цард, дæ-дæ-дæй!

Бадаретæ уæ зæрдæбæл:
Æнæмæлгæ ке неке ‘й!
Бæргæ зонæн а зæнхæбæл
Нæй хуарз нивæ æнккæтей.
Хъоди – кæнæн   фудæнхæбæл,
Мабал марæн кæрæдзей!

## УОСИАТ

Хорискасти ирд дедентæ
Фæлтæрд хуасдзау æстæфуй,
Мудибиндзæ бараггенæй
Гъæр, дув-дув, æнæ дзем-дземæй
Дидинæгмæ æртæхуй.

Æма гъеуæд раст киндздзонау
Куд нипъпъерф уй деденæг,
Фиццаг бауарзт æхсидзгонау,
Хе никкæнуй фуримонау,
Æ сæр æруадзгæй ниллæг.

«Иуазæг» ба æнæдзебæл
Исцæйуадзуй æ мондаг,
Уæд фенвæрсуй кæд æхебæл?..
Æнæздæхгæ – кæрæдземæ,
Фæххецæн уй сæ фæндаг.

Деденæгау ду дæр сонтæй
Игон зæрдæ макæд уо:
Нæ райгуруй уарзт æнцонтæй…
Мæлгъæвзаг æй æ рагбонти
Еуæй-еу сæртæг лæппо.

*НÆКУЫСАТЫ Наирæ*

# ÆЗ АБОН ÆРДЗЫ ХЪÆЛÆС ХЪУСЫН…

## КУВÆНДОН

Мæ зæрдæйы цы кувæндон фæзынди,
Уым арæх хъуысы дзæнгæрæджы цагъд.
Цырагъдарæн Дæ хъомысæй ыссыгъди,
Уæларвæй йæм Дæ сыгъдæг сой æртагъд.
Сыгъдæг æфсарм уым хъахъхъæнæг æрлæууы,
Дæ масты сæрты уырдæм хизæн нæй.
Фæсмоны фæрцы азым барст æрцæуы, –
Цы ис нæ зæххыл бамбæхсæн Дæуæй?
Мæ кувæндоны радзурын мæ хъыгтæ,
Мæ мидзæрдæйы сæмбæлын Дæуыл.
Æркалын æз уæззау хъыджы цæссыгтæ,
Æртадзыс Ды Дæ уарзты сой мæныл.
Æхсæны лæгæй сæвæрдтай Дæ Фырты,
Дæ уаз цæрæнмæ Уый фæрцы цæуын.
Æз бахсыстæн Йæ хъæдгæмтты цæхæрты,
Дæ Фарны раз хатыргондæй лæууын.

## ЗÆРДÆВÆРДЫ БÆЛАС

Кæм ис зæххыл зæрдæвæрды бæлас?
Æнæхуыцау æм удвæндаг нæ зоны,
Йæ къалиуты ‘хсæн адæймаг – æдас,
Уый алкæй дæр æнусон цардмæ хоны.
Мæ райгуырдæй йæм агуырдтон фæндаг,
Нæ йыл фæхæст дæн дунейы тыгъдады.
Уыд ме ‘взонгад рæузонд хъуыдытæй дзаг, –
Зæххон монцтыл Хуыцауы Дзырд нæ бады.
Мæ фæндæгтæ æрцыдысты æхгæд,
Æз удвæндагмæ разылдтæн мæ тыхстæй.

Мæ бæллицтæ сыгъзæринау – ныгæд.
Кæдæм лидзон мæ хъынцъымæй, мæ рыстæй?
Æппæтылхæцæг дунемæ æркаст,
Ныфссаст æмæ æрхæндæгæй мæ ссардта.
Йæ рухс цæстæй мæ зæрдæмæ ныккаст,
Рæдауæй мын уæларвон хорзæх радта.
Нæ зæххыл нæй зæрдæвæрды бæлас,
Ыссардтон æй Ыскæнæджы дыргъдоны.
Ныфсы бæласыл цас дыргътæ ис, цас!
Фæндаг та йæм рæстуды зæрдæ зоны.
Хуыцауы Уд куы бандзæвыд мæныл,
Мæ уавæр æз куы бамбæрстон Йæ разы,
Ныфс агурæг уæд нал зылдтæн бæстыл,
Хуыцауы Дзырд мæ ныфсы бæлас разынд.

## УАЛДЗÆДЖЫ ФÆНДЫР

Фæлгæсы хурзæрин уæларвæй,
Йæ уарзт ныл байзæры лæвар.
Йæ цин, йæ рухс æмæ йæ хъармæй
Уый байсы зымæджы тыхбар.

Фæцæуы ног чындзау нæ бæстыл,
Нырма – æнæуæндаг, æмыр.
Æрзилы сахартæ ‘мæ фæзтыл,
Йæ къухы – амонды фæндыр…

Уæзданæй азæлыди хæхтыл
Фырнымд, рæсугъд уалдзæджы цагъд.
Æрттивынц хуры тынтæ рæгътыл,
Æрлæууыд уалдзæгæн йæ рад.

Нæ уыдис афтæ ‘хсызгон никуы
Мæ удæн уалдзæджы æрцыд.
Хъызт зымæг акалдта йæ пакъуы,
Фæлæ «хæрзбон» зæгъæг нæ уыд.

Куы ‘рцыдис уацхæссæгау уалдзæг,
Уæд зымæг фефсæрмы æваст,
Æртадис, аппæрста йæ лæдзæг, –
Тыхджын у рагуалдзæджы каст…

Æз абон æрдзы хъæлæс хъусын,
Æз ын йæ сусæгтæ уынын.
Йæ хъармæй суадонау нæ сысын,
Мæн тавы рагуалдзæджы хуын.

Æз æй мæ зæрдæйы нæ дарын,
Мæ хуынæй Иры зæххæн – хай.
Æз абон рагуалдзæгæн зарын,
Ды дæр, мæ Иры бæстæ, рай!

## УАЛДЗÆГ

Уалдзæджы дидинтыл рауарыд мит,
Авгау нындзыг сты ихæй.
Урс зымæг райста йæ кæрцы къæрид,
Уалдзæг та аззади джихæй.

Зымæг йæ бартæ нæ дæтты, кæс-ма,
Ногæй та урс ссад луары.
Хæхтæн сæ худтæ нæ систа нырма,
Адæмы, æрдзы фæлвары.

Уалынмæ урс ссад фестади дон,
Арвыл зæрин хур æрттивы…
Уалдзæг нæ улæфы, – нæй йын æфсон,
Ногæй йæ разгæмттæ ивы.

Ничима аивта æрдзы æгъдау, –
Ралæудзæн, райдайдзæн уалдзæг.
Ногæй та хурмæ ысуадздзæнис тау,
Раздæрау – рухс æмæ хъæлдзæг.

## ÆХСЫНЦЪЫЙЫ ФÆЛЫСТ

Куыд аив у æхсынцъыйы фæлыст,
Æвзонг чызг дæр йæ фидауцмæ куы бæллы.
Æвдудон у, уый ферох кæны хъызт,
Йæ арф уидæгты царды гуырдз ызмæлы.

Тæргайæ мартъи акалы йæ мит,
Йæ дидинтæ йын миты бын ныккæны, –
Нæ хъусы зымæг рагуалдзæджы сидт,
Фæстæмæ та йæ урс куырæт ыскæны.

Фæлæ æхсынцъы разыны ныфсджын,
Æнтæфæй æмæ уазалæй нæ тæрсы.
Уый алцæмæн дæр сахуыр ис быхсын,
Йæ алыварс зæрдæрухсæй фæлгæсы.

## НÆХИ БÆСТÆЙЫ АЛЦЫ ДÆР ХУЫЗДÆР У

Нæ Иры зæххыл уæлдæф дæр æндæр у,
Йæ дыргътæ дæр мын адджындæр вæййынц.
Нæхи бæстæйы суардон дæр хуыздæр у,
Нæ мæргътæ дæр æндæр зарæг кæнынц.

Нæ Иры зæххыл уалдзæг дæр æндæр у,
Нæхи донæй тыхджындæр кæны лæг.
Нæхи халсар дæр диссагдæр, хуыздæр у,
Нæ кæнын æз æндæр бæстæм хæлæг.

Нæ Иры зæххыл кæрдæг дæр æндæр у,
Нæхи æвзаг та адджын у мыдау.
Нæхи бæстæйы алцы дæр хуыздæр у,
Нæ уарзон Ирмæ чи æрхæсдзæн фау?

*ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат*

# НЫХХАТЫР МЫН КÆН, ЛАДИМХАН

*Радзырд*

Фæцыд дуары дзæнгæрæджы хъæр. Цæсткæсæнæй æддæмæ акаст хæдзары æфсин Разитæ. Байгом кодта дуар. Постхæссæг ын салам загъта, радта йæм телы гæххæтт æмæ йын йæ къух æрæвæрын кодта, кæй йæ райста, уый фæдыл. Мидæмæ æрбахизгæйæ йæ сылгоймаг хъæрæй бакаст: «Борсаты Ладимхан фæзиан. Æвæрынц æй 12 июлы».

– Чи, чи фæзиан, зæгъыс? – тагъд-тагъд æй афарста йæ сæрыхицау Бодзи.

– Мæгъа, Борсатæй цавæрдæр Ладимхан фæзиан, – æнæбары дзуапп ын радта Разитæ.

Бодзи хъуыдыты аныгъуылд. Тамакодонæй ставд сигарæ райста. Ссыгъта йæ. Фæздæджы къуыбылæйттæ гом рудзынгæй æддæмæ абырстой. Лæг нынкъард. Цалдæр хатты арф ныуулæфыд. Йæ нард бохъхъыртæ æддæг-мидæг ауадысты.

– Хиуæттæй исчи у? – афарста йæ Разитæ.

Ницы дзуапп радта Бодзи. Сигарæ æртхутæгдоны æрæвæрдта. Сыстад. Фæлмæн къæлæтджын йе стыр уаргъæй феуæгъд. Агуывзæ коньякæй байдзаг кодта. Ногæй та йæ риуыдзаг арф ныуулæфыд æмæ коньяк фæдæлæмæ кодта.

– Па! Зæгъ-ма, чи фæзиан, чи у? – афарста йæ йæ чызг Ася дæр.

– Хорз адæймаг! – уыд йæ дзуапп фыдæн.

– Æмæ нын æвваxс хæстæг уыд?

– Нæ.

– Уæдæ йыл афтæ тынг цæмæн батыхстæ?

– Бирæ хорздзинæдтæ дзы зонын... Нæ сыхæгты зæронд ус уыд...

– Цал азы йыл цыд?

– Æвæццæгæн, цыппарыссæдзмæ æвваxс.

– Ха-ха-ха, – райхъуыст мидæггаг уатæй йе ‘фсины кæл-кæл. – Ай, сæрæй, нæ хæдзары хицауæн йæ зонд цæуын куы райдыдта, йæ зонд... Сæ раздæры сыхæгты цыппарыссæдзаздзыд зæронд ус амард, уый та йыл йæхи хæры... Æххæст ма йыл газетмæ тæфæрфæс дæр раттæм.

Уадз æмæ дыл адæм сæхи худæгæй схæссой. Уым цыппæрæм фарсыл бакæсдзысты: «Рестораны директор Цæргæсаты Никъалайы фырт Бодзийæн йæ раздæры сыхаг – цыппарыссæдзаздзыд зæронд ус – Борсаты Ладимхан цæрынхъуагæй амард, æмæ йын хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц йе 'мкусджытæ».

– Хъус... Хъус-ма!.. Чысыл-ма дæ дзæнгæдайæ банцай! – нал æм баурæдта йæхи Бодзи.

– Æгъгъа-уæдæ... – йæ былтæ йыл акъуырдта Разитæ æмæ фыддæрагæн сифтыгъта магнитофон. Фæсарæйнаг музыкæйы цъæхснаг зæллангæй æмризæджы ныррызтысты Бодзийы фондз уæрæх уаты. Алырдæм акæс – æппæт уæттæ цæхæр калынц алыхуызон зынаргъ дзаумæттæй. Уæртæ залы царыл цы люстрæ тыбар-тыбур кæны, уый та ма тæккæ æндæрæбон йе 'фсин фæндзай минæй алхæдта. Иннæтæ дæр уымæй цауддæр не сты. Æппæт уыцы хъæздыгдзинæдтæм кæсгæйæ цæмæндæр Бодзийы зæрдæ æрбауынгæг. Йе ставд бæрзæйыл афæд кодтой хиды лæсæнтæ.

Разитæ чысыл фæсабырдæр кодта музыкæ. Йæхи хæстæг байста йæ мойы цурмæ, комкоммæ йын йе 'нкъард цæстытæм ныккаст æмæ йын афтæ:

– Хъазгæ кæныс, æви æцæг фæрыст дæ зæрдæ уыцы зæронд усыл?

– Нæ хъазын, – ризгæ хъæлæсæй загъта Бодзи. – Райсом мæнæн зианмæ æнæ цæугæ нæй. Ладимханæй æз цæрæнбонты хæсджынæй баззадтæн. Ацал-ауал азы йæ иу бæрæг дæр никуы бакодтон. Стыр худинагæй баззадтæн мæ сыхæгты, хъæубæсты раз. Ныр ма сæм цы цæсгом равдисдзынæн. Æххормаг, мæгуыр заман-иу уый, æз цы хуыздæр ахæрон, ууыл архайдта. Иу зымæг дæр мæ æнæ хъарм цъындатæ никуы ныууагъта. Базарадон институт дæр уый руаджы фæдæн каст. Фæрсæй-фæрстæм цардыстæм. Мæ мад куы амард, уæд... уæд мыл цыппар азы дæр æххæст нæма цыд. Мæ фыдыус та мын... Дæхæдæг æй хорз зоныс. Ладимхан-иу мæ йæ бынæй скъахта. Мæ цæфтæ мын-иу йæ фæлмæн уырзтæй барæвдыдта. Студент куы уыдтæн, уæд йæ пенсийы æмбис мæнæн æрвыста. Ныр æз афтæ цæмæн сдæн, цæмæн?! Ай нын царды алцы дæр куы ис! Акæс-ма, цы хъуаг стæм? Уæдæ иунæг хатт цæуылнæ бабæрæг кодтон Ладимханы?.. Уæдæмæ хиуарзон, маргзæрдæ дæн. Афтæ цæмæн сдæн, уый та мæхæдæг дæр нæ зонын. Æрдз цы хорздзинæдтæ сфæлдыста, уыдонæн сæ хуыздæрты-хуыздæртæ сты

адæймаджы æнкъарæнтæ. Уæдæ сыл цæмæн суæлæхох вæййы мулк? Цы монцæн баивæм нæ рæсугъд зæрдæйы конд зынаргъ дзаумæттыл? Цы у адæймаджы цард æнæ рæстуд æнкъарæнтæй? Æппындæр ницы! Сæтæлæгау йæхицæн цæры. Адæмы хъæр æм нал фæхъуысы... Нал æмбарæм, æмæ нал хъуысы адæмы хъæр махмæ дæр, Разитæ, нал!..

– Нæ дæ ‘мбарын, нæ лæг, уыйбæрц иумæ цæрæм, æмæ дæм абоны хуызæн зыгъуыммæ хъуыдытæ никуы рахатыдтæн, – бустæхуызæй йæм сдзырдта Разитæ. – Æнхъæлдтон, хынджылæг кæныс, фæлæ æцæгæй куы райдыдтай… Бануаз ма коньякæй иу агуывзæ. Æххæст сæ æртæ скæн, кæд дæм хуыздæр зонд æрцæуид. Амард уыцы æнæх... уыцы зæронд ус. Бирæ фæцард. Алчи дæр нæ уый бæрц азтæ батонæд. Цы йын нæ бон у? Рухсаг уæд. Мæнæ йын почтæйы дæ номыл марды лæвар арвитдзыстæм. Уæдæ йын цы бакæнæм? Уый тыххæй хъуамæ Сау денджызы былмæ мауал ацæуæм? Уæдæ нæ путевкæтæ дзæгъæлы фесæфой? Нæхи куы æррæвдз кодтам, уæд ныр та иннæрдæм симыс?

– Ма байрай дæ путевкæтæй! – нал баурæдта йæхи Бодзи. – Гъæй кæнут, кæдæм уæ фæнды, уырдæм. Цæрæнбонты мæ уæхицæн коммæгæс бæх сарæзтат. Бафæлладтæн!.. Æмбарыс?! Бафæлладтæн уыцы æхцаты, бриллиантты, сæрак кæрцыты, путевкæты койæ. Бынтондæр бандзыг дæн. Кæсæнмæ бакæсын нал уæндын. Мæ цармы æппындæр нал цæуын. Афтæмæй та кæддæр хъæуы адæм сæ цæст мæныл æвæрдтой. Хонгæ дæр мæ Цæргæсаты тæнтъихæг, нарæгастæу, нуарджын лæппу, зæгъгæ, кодтой. Хъæбысæй хæцынмæ мемæ бирæтæ сæ ныфс нæ хастой. Ныр искуы фæбырыдтæн, зæгъгæ, уæд мæ уæзисæн кран дæр, æвæццæгæн, уæлæмæ сисын нал бафæразид.

– Æмæ ма фæбыр, - æнæбары йæ мидбылты бахудт сылгоймаг, – чи дæ бырын кæны.

– Ды дæр раздæр бæргæ нарæгастæу уыдтæ, – фелхыскъ æй кодта Бодзи. – Ныр дæ дæргъ, дæ уæрхæй уæлдай нал ис.

– Хъус-ма, нæ лæг! – йæ къухтæ йæ астæуыл авæрдта Разитæ. – Кæд бануæзтай æмæ дæм дзæгъæл дзæнгæда кæнын цæуы, уæд æддæмæ ахиз æмæ уым ныхас кæн, фаутæ æвæр, кæуыл дæ фæнды, уыдоныл! Кæд райсом денджызмæ нæ цæуыс, уæд дæр дæ бар – дæхи. Уæ хъæуы зæрæдты кæд се ‘ппæты дæр ныгæныс, уæд дæр дæ куыд фæнды, афтæ кæн. Махæн райсом Асюляимæ нæ дымгæ дæр нал ауындзынæ.

– Æмæ уæ ласгæ та чи акæндзæн? Мæн не ‘вдæлдзæн...

– Уыл ма тыхс! Мæхи «Мерседес» дæр та ратылд, – мæстæймарæгау æм бахудт Разитæ. – Стæй ма тæрсгæ дæр ма кæн, ацы хатт фæндагмæ хуыздæр кæсдзыстæм. Дæ «БМВ»-йæ æвзæрдæр нæ цæуы мах «бæх» дæр.

– Бар – уæхи. Чи та ма йæ хъæбулæн хуыздæр зонд бацамоны... Уæвгæ...

Уалынмæ та райхъуыст дуары дзæнгæрæджы хъæр. Мидæмæ æрбахызт Бодзийы хæдивæг Булат. Бодзийы цур стъолыл коньячы авг кондæй куы федта, уæд йæ къухтæ кæрæдзийыл æрцавта æмæ хъæрæй сдзырдта:

– Йæ бонæй уа, отпусчы чи ацыд ахæм хорз рæстæг! Гъе мæ лымæн, коньякмæ æгæр хæстæг ма лас дæхи. Дæхиуыл фæхæц... Ахсæв уæ, куыд æмбæлы, афтæ афæндараст кæндзыстæм. Кусæрттаг уæлæ мæхи дачæмæ сластам. Нозт, дыргътæ, физонæггаг – иууылдæр цæттæ.

Ницы дзуры Бодзи. Йæ цæстæнгас сарæзта рудзынгмæ æмæ, цыма уынджы стыр диссæгтæ уыны, уыйау йæ бæрзæй иуæрдæм дæр нал тасы.

– Бодзи, мыййаг ма нæ исты бакæнын хъуыд? Куы ницы дзурыс? Æви, мæ дачæйы кæй æрбынат кодтам, уый дын хъыг у?.. Дæ хорзæхæй, дæхи кæдæм бафæнда, уайтæккæ уым балæудзыстæм. Æви дæ, мыййаг, исты риссы?..

– Ма йæ тыхсын кæн, дæ хорзæхæй, Булатджан, чысыл раздæр æвирхъæу тел райста, – йæ лæджы та фелхыскъ кодта Разитæ.

– Ис... Исты æвзæр хабар æрцыд?..

– О, судзаггаг хабар. – Бодзийы бæсты йын дзуапп радта Разитæ...

– Ныууадз-ма, Разитæ, дæ хъазæн ныхæстæ... – йæ мидбылты бахудт Булат. – Æз... æз уæм хъуыддаджы фæдыл æрбацыдтæн, куыд рæсугъддæрæй æмæ уæ хъæлдзæгдæрæй афæндараст кæнæм, уыл архайын, сымах та?..

– Булат! – сдзырдта йæм Бодзи. – Хатыр бакæн, бузныг дæ лæггадæй, мæн райсом зианмæ цæуын хъæуы... Уæхæдæг... æнæ мæн уæ хъуыддаг кæронмæ ахæццæ кæнут.

– Бодзи, уый цытæ дзурыс?! Мах ныр æнæхъæн къуыри дæу тыххæй нæ удтæй арт куы цæгъдæм, уæд... Кæд нæм æндæрæбон ревизи чи кодта, мыййаг, уыдонмæ дæ зæрдæ æхсайы? Æппындæр сыл ма дызæрдыг кæн. Æз сæ хорз суазæг кодтон. Алкæмæн дæр сæ йæ хъуыддаг сарæзтон. Куыд мын бафæдзæхстай, афтæ...

– Нæ, нæ бауыдзæн мæ бон, – загъта та йын арф ныуулæфгæйæ Бодзи.

Разитæ куы базыдта, йæ лæг йæ фæнд нæ аивдзæн, уæд цъæхснаг хъæлæсæй базарыд æмæ Булатæн афтæ бакодта:

– Ныртæккæ дæ мах Асюляимæ феййафæм... Уæ рестораны директор сау дары, æмæ уымæн ахæм рæттæм цæуæн нæй. Цæугæ, Булатджан, феййафæм дæ.

Æмæ дуары гуыпп фæцыд.

Æхсæв-бонмæ нæ бафынæй Бодзи. Тамако тамакойы фæдыл дымдта. Чысыл-иу куы ацъынд кодта, уæд та-иу йæ цæстыты раз фестад Ладимханы æнкъард цæсгом. Уайтагъд-иу фесхъиудта йæ хуыссæны.

Хуры фыццаг тынтæ рудзынгæй куы æрбакастысты, уæд дуары гуыпп фæцыд. Мидæмæ сæ ком ивазгæйæ æрбахызтысты Разитæ æмæ Ася.

– Диссаджы лæггад нын фæкодтой Булатитæ, диссаджы! – æппæлæгау сдзырдта, йæ мойы ‘рдæм бакæсгæйæ, Разитæ. – Фынгыл цынæхуызон хæрд æмæ нозт уыд! Суанг ма дзæбидыры фыдæй физонджытæ дæр скодтой.

Ницы дзуры Бодзи. Сабыргай кæны йæ уæлæдарæс.

Хæргæ дæр ницы бакодта, афтæмæй ахызт уынгмæ. Чысыл фæстæдæр йæ машинæ ратылд гаражæй. Разитæ йæ фæдыл ратахт, æмæ ма Бодзийы хъустыл ауадысты йæ ныхæстæ:

– Ды... ды лæг никуы уыдтæ!.. Цæрæнбонты мын мæ туг бацъырдтай!.. Адæм цæргæ кæнынц, æз та?.. Афæдз иу хатт сфæнд кæнæм денджызы былмæ ацæуын. Æмæ дын уый та нæ цыд!..

...Згъоры машинæ размæ. Бодзи фидар хæцы рулыл. Алыхуызон хъуыдытæ зилдух кæнынц йæ сæры. Мæнæ ныххæццæ сæ хъæумæ фæзилæн фæндаджы цурмæ. Йæ зæрдæ цавæрдæр æнахуыр дзæхст-дзæхст скодта. Йæ хъустыл ауад Æрæфы доны уылæнты уынæр. Ссæдз азæй фылдæр нал уыд йæ хъæуы Бодзи, æмæ йæм ныр афтæ кæсы, цыма цавæрдæр аргъæутты бæстæмæ бахауд.

Уæртæ йæм сæ хъæуы хæдзæрттæ æрбазындысты. Бодзи йæ рог хæдтулгæ базылдта сæ сыхбæсты ‘рдæм. Къухтæ, рулыл хæцгæйæ, базыр-зыр кæнынц. Мæрддзыгой адæм æмбырдтæ кæнынц Ладимханты кæртмæ. Бодзи дæр йæ машинæ чысыл уæлдæр æрурæдта. Бацыд хистæрты размæ. Тæфæрфæс сын ракодта. Нал баурæдта йæ цæссыг. Мидæмæ кæугæ бацыд.

– Чи у, цымæ, ацы лæг? Ахæм хицау хион куынæ зыдтам Ладимханæн? –сусу-бусу систой устытæ.

Йæ цæссыгтæ сæрфгæ лæууы кæрты тута бæласы бын Бодзи. Райста сыхæгтæй цалдæры къухтæ, фæлæ йæм ничи дзуры йæ номæй. Алчи дæр æм дызæрдыг каст æрбакæны. Сарайы бадынц сæ сыхæгты зæронд лæгтæ. Æдæппæт ма дзы цалдæр зонгæ цæсгомы уыны.

Сыхбæсты кæстæртæ чырын сæ уæхсчытыл систой, зианы фæхæссынц уæлмæрдмæ. Бодзи дæр сæркъулæй цæуы мæрддзыгойы адæмимæ. Ладимханы мæллæг, æнцъылдтæ цæсгоммæ куы фæкомкоммæ вæййы, уæд йæ тыппыр рустыл æрфæд кæнынц ставд цæссыгтæ.

Уæлмæрдты адæмы астæумæ рахызт сæ хъæуы хистæр Батрадз. Бодзийы зæрдæ агайынц хистæры ныхæстæ: «Ладимхан кадджынæй фæцард не 'хсæн... Иунæг хъæбул ын баззад бындарæн – Бодзи. Æмæ йын уый дæр нал сыздæхт хæсты быдырæй... Ладимхан ма йæ уд исыны размæ фæдзæхста, мæ мæгуыр бынтæ, дам мын мæ хъæбулы æмном, йæ раздæры сыхаг Цæргæсаты Бодзийæн ныууадзут... Уе 'гас дæр æй зонут, куыд бирæ уарзта йæ сыхаг сидзæр лæппу Бодзийы. Хабар æм уыд... Фæлæ уæхæдæг зонут, ныртæккæйы рæстæг хицауы бынаты чи кусы, уыдонæн æдзух сæ куыстæй рацæуыны фадат нæ вæййы... Бодзийæн дæр, æвæццæгæн, фадат нæ фæци... Нæй гæнæн... Цард цард у...»

Бодзийы уæнгтæ цæф сæгуыты нуæрттау ныррызтысты. Бæргæ йæ фæндыд размæ рахизын, чырыныл ныххауын, хæкъуырццæй фæкæуын, цæмæй йæ адæм феной, базоной, Ладимхан йæ комы-комдзæгтæй цы сидзæр лæппуйы фæхаста, уыцы Бодзи ам кæй ис. Фæлæ йæ цæсгом нæ хъæцы.

* * *

...Хæдтулгæ машинæйæн цыма йæ рохтæ уæгъд фесты, уыйау фæдисонау згъоры размæ. Бодзи фидар хæцы рулыл. Хатт йæ къухты æнгуылдзтæ алæмæгъ вæййынц. Йæ райгуырæн хъæу æм дардæй-дарддæр кæны. Рæстæгæй-рæстæгмæ ма фæстæмæ акæсы. Фемдзаст вæййы, дардæй йæм сæ сæртæ цы бæрзонд гæды бæлæстæ тилынц, уыдонмæ. Афтæ йæм фæкæсы, цыма йын уыдон фæдзæхсынц: «Райгуырæн хъæуæй зынаргъдæр ницы ис, æмæ дæ хъæубæстæм ма рох кæн фæндаг».

Ацы хаттæй æнкъарддæрæй никуыма цыд йæ хæдзармæ Бодзи.

*КАРСАНТЫ Ахмæт*

# МÆЛÆТ ÆМÆ ХÆХТÆ*

*Уацау*

* * *

Лæппутæ уыцы бынатæй нал ацыдысты. Кæд ма раджы уыд, уæддæр тас уыд ног зæй рацæуынæй, æмæ, Игорь аскъуыддзаг кодта, цæмæй æрæхсæвиуат кодтаиккой уыцы ран.

– Райсом нæм æнхъæлмæ кæсы иууыл вазыгджындæр фæндаг. Ардыгæй уæлæмæ айнæг тынг скъуыдтæ у, æмæ, гæнæн ис, згъæлой ауыгъд фæзгъæртæ. Уымæ гæсгæ хъуамæ уæм уæлдай цырддзастдæр, – бафæдзæхста сæ Игорь æхсæвæры фæстæ.

Дыккаг бон хылдысты æмхæрд айнæджы къулыл. Игорь цыд разæй, æфсæн къæбæлтæ къуыргæ. Иннæтæ хъавгæ хылдысты йæ фæдыл. Иудзæвгар куы сирвæзтысты, уæд Игоры раивта Сергей. Игорь ын каст йæ фердæхтмæ, æмæ дзы рухс кодта йæ зæрдæ. Сергей ма институты куы ахуыр кодта, уæд цыд атлетикæмæ. Алы ерысы дæр-иу æм æнхъæлмæ каст уæлахиз, æмæ фæцахуыр цæвиттойнаджы ном хæссыныл. Уымæ гæсгæ ам дæр архайдта йе 'мбæлтты цæсты дæлдзиныджы бынаты ма баззайыныл.

Æртыккаг курсы ма ахуыр кодта Сергей, афтæ бауарзта альпинизм æмæ йæ къух систа рог атлетикæйыл. Райдыдта цæуын альпинистты лагерьмæ. Игоры цæст ын йæ зæрдæргъæвддзинадыл æрхæцыд, æмæ йæ уæгъд нал суагъта, бакодта йæ йæхи къордмæ. Сергей бауæндыд йæхиуыл, буц уыд йæ фердæхтдзинадæй. Фæлæ ма йын цыдæр нæ фаг кодта: йе 'мбæлттæй йын ничима раппæлыд йæ арæхстдзинадæй, æмæ йæ уый дызæрдыджы ныппæрста. Ныр дæр, уыцы тæссаг къулыл хилгæйæ, хъуыды кодта уыл æмæ йæ зæрдæ дардта, абон æй æнæмæнг кæй сисдзысты Хуыцаумæ, кæй дзы феппæлдзысты. Йæ фæстæ цæуджытæ йæм кастысты хæлæггæнгæ.

«Хорз цæуы», – йæхинымæры йæм батæхуды кодта Андрей. Уый лæмбынæг каст Сергейы алы фезмæлдмæ дæр æмæ æмбæрста, афтæ аив уый кæй никуы сарæхсдзæнис.

---

* Кæрон. Райдайæн 2026 азы 3-æм номыры

Изæры æхсæвæр куы бахордтой æмæ сæхи фынæй кæнынмæ куы æрцæттæ кодтой, уæд Игорь раппæлыд Сергейæ:

– Сергей, абон нын равдыстай диссаджы арæхстдзинад. Æз афтæ нæ сарæхстаин.

– Рæсугъд цыд, ницы аипп æм ис æрхæссæн, – бафиппайдта Андрей дæр.

Виктор ныхъхъус. Уый æмбæрста, Сергей йæм хорз цæстæй кæй нæ каст, æмæ йын кæд æхсызгон уыд, кæй йæ стыдтой, уый, уæддæр æргом ницы сдзырдта.

Фынæйы размæ дæр ма дзырдтой цæуылдæрты. Райсом дæр та сæм æнхъæлмæ кæсы абоны хуызæн вазыгджын фæндаг, фæлæ гæнæн ис, сихорафон сæфтой хохы сæрмæ.

– Ацы хох уыдзæн мæ фыццаг хох! – хъæлдзæгæй сдзырдта Виктор, уæлгоммæ хуысгæйæ.

– Йæ сæрмæ куы сирвæзай, уæд æй хон дæхи, – цатыры иннæ къуымæй йæм бадзырдта Игорь.

– Виктор, рагацау ма цин кæн, – ивазгæ хъæлæсæй та райдыдта Сергей. – Цин кæндзынæ фæззæджы, куы æрыздæхæм æмæ дæ уарзон чызджы рæвдыдæй дæ мондæгтæ куы ныммарай, уæд.

– Цавæр уарзон чызджы? – талынджы йæм йæ цæстытæ базылдта Виктор æмæ мæстыйæ йæ иу фарсыл æрзылд.

– Сергей, дæ бон æнæ искæй фæрæхойгæ нæу? – бауайдзæф ын кодта Игорь.

– Цæй, хъазгæ кæнын, ма мæсты кæн, Виктор, – фидауæджы хъæлæсы уагæй загъта Сергей.

Виктор хуыссыд æнæзмæлгæ æмæ мадзурайæ. Умæн ныртæккæ йæ хъуыдыйы уыд æрмæстдæр Ларисæ. Лагерæй йæм ныффыста æртæ фыстæджы, йæхицæй та йын райста дыууæ. Иунæгæй-иу куы аззад, уæд-иу сæ систа æмæ та-иу сæ ногæй кæсын райдыдта. Цас сæ арæхдæр кастис, уыйбæрц ын лæвæрдтой фылдæр æхцондзинад. Йæхинымæры-иу ныхас кодта йемæ.

«Райсом схиздзыстæм хохы сæрмæ, стæй æрцæудзыстæм лагерьмæ, уым мæм, чи зоны, æнхъæлмæ кæса Ларисæйы фыстæг. Иу къуырийы фæстæ та йын фендзынæн йæхи», – хъуыды кодта Андрей æмæ бафынæй уыцы æхцон хъуыдытимæ. Æхсæвы федта фын, цыма лæууыд хохы сæр æмæ рухс зæрдæйæ фæлгæсыд фæйнæрдæм. Бынæй йæм

комы нарæгæй йæ урс сæрбæттæн тылдта Ларисæ, сидт æм йæхимæ. Цыма йын хъуыста йæ хъæлæс дæр. Æмæ йæм ратахт… тахт, цалынмæ йæ цуры нæ февзæрд, уæдмæ.

* * *

Фарон сæрды Ирыстоны хæхты æппынæдзух уарыд къæвда. Лæпputæ-иу сæ бон арвыстой хæхтæм ацæуынмæ тæхуды кæнгæйæ, фæлæ сын цыма боныхъæд фыдæнæн ми кодта, уыйау къæвда нал æмæ нал æнцад. Æхсæвыгон-иу, мæстæйдзагæй схуысгæйæ, хъуыстой къæвдайы уынæрмæ æмæ-иу сæхимидæг карз æлгъыст кодтой боныхъæды. Райсомæй-иу сæ раздæр чи сыстад, уый-иу хъуамæ, цатыры дуарæй йæ сæр æддæмæ радаргæйæ, скастаид арвмæ, йæ цæст ахастаид хæхтыл.

– Цæй, куыд? Цы зæгъы Уæллаг? Нæма йæм ис йæхиуыл æрхудыны зæрдæ? – ныфсæнхъæлцау-иу æй афарстой иннæтæ.

– Арвыл уыйбæрц мигъ нæ зыны, фæлæ…

Райсомæй-иу æцæгæйдæр арв асæст нæ уыд, фæлæ та-иу сихорæй фæстæмæ райдыдта уарын æмæ-иу нал банцад суанг æмбисæхсæвмæ.

Лæппутæн бынтондæр фехæлд сæ зæрдæйы уаг. Чысыл ницæй тыххæй дæр-иу спихуылæйттæ кодтой кæрæдзийыл. Афтæмæй та сæ алчи дæр æмбæрста, сæхæдæг кæй ницы аххосджын сты. Уыдонæй алкæмæн дæр хæхтæм уыд æвидигæ уарзондзинад, æмæ сын уый уыд иумæйаг. Иумæйаг сын уыд, къæвда сын кæй лæвæрдта, уыцы æнамонддзинад дæр. Уымæ гæсгæ азым æмхуызонæй æвæрдтой ирон Хуыцауыл. Хаттæй-хатт-иу райдыдтой Кавказы хæхты æфхæрын фыдæнæнгæнæгау, æппæлыдысты Памирæй, уым æдзух хур бонтæ кæй фæкæны, уый тыххæй.

Игорь, Андрей æмæ Сергей цардысты иу цатыры. Семæ уыд Барис дæр. Сыхаг цатыры цæрæг лæппутæ дæр, æвæццæгæн, сфæлмæцыдысты боныхъæдæй, æмæ-иу сæ изæрыгон чидæр райдыдта гитарæйыл цæгъдын. Æрвылизæр дæр цагъдæуыд уыцы иу мелоди, æмæ дзы куыдфæстагмæ фæлмæцын райдыдтой Игоритæ. Иуизæр Барис йæхи нал баурæдта. Æмæ ахъæр кодта сыхаг цатыры ‘рдæм:

– Гъей, музыкант! Мауал нын æвдæрз нæ удты, ратт улæфт дæ гитарæйæн.

Музыкæ бамыр. Йæ уæлвæд цатырæй райхъуыст кæйдæр хъæлæс:

– Уæдæ цы бакæнæм, куыд æрвитæм ахæм æндыгъд рæстæг?

– Райс исты чиныг æмæ кæс, – бахъæр та йæм кодта Барис.

– Чиныг зымæг фæкæсынц! – дзуапп ын радтой цалдæрæй.

– Ирæттæ боныхъæды бардуаджы Уацилла хонынц.

– Мæ къухмæ куы ‘рбахауид, уæд ын æз фенын кæнин, бардуаг цы у, уый! – хъазгæмхасæн бартхъирæн кодта æндæр чидæр.

– Лæпputæ, цы, уый зонут? – се ‘ппæт дæр æй куыд фехъустаиккой, афтæ хъæрæй сдзырдта Сергей. – Мæнмæ иу фæндон ис: амбырд кæнæм æхца, балхæнæм иу фыр æмæ скувæм… хæйрæг æй фæхæсса, цы йæ хонынц, йæ ном нæ арæхсы мæ дзыхы. Чи зоны нын исты баххуыс кæна. Бирæ дзы ницы курæм, раттæд нын хуры цæст.

Уыцы фæндон бахъæлдзæг кодта се ‘ппæты дæр. Сарæх сты фæрстытæ, фæндæттæ.

– Æмæ йын йæ фыд цы фæкæндзыстæм? – бафарста, чысыл раздæр Уациллamæ чи бартхъирæн кодта, уыцы лæппу.

– Бахæрдзыстæм æй.

– Уæд нæ нозт ссарын дæр бахъæудзæн.

– Ма хъæр кæн, æдылы, хистæрты хъустыл исты æрцæудзæн æмæ…

– Æмæ йæм кувгæ та цы ‘взагыл скæндзыстæм? Уыцы бардуаг, кæй зæгъын æй хъæуы, æрмæстдæр иронау зондзæн?..

– Гогайты Муратæн бахæс кæндзыстæм, уый ирон у æмæ йын зæгъдзæн, цы æмбæлы, уый.

– Уый æндæр хъуыддаг у! Уæд æххæст арахъхъ дæр æрбахæссæд искæцы хъæуæй.

Сергейы фæндон фæцыд се ‘ппæты зæрдæмæ дæр, фæлæ уайтагъд фæсыкк: æхца æнæмæнг æрæмбырд кодтаиккой, фæлæ уыцы фыдкъæвдайы никæй бафæндыд уæтæрмæ ацæуын.

Иуизæр Игориты цатырмæ фæзындысты сæ сыхæгтæ æд гитарæ. Æрбадтысты сынтæджытыл. Цатыры фезмæлæн нал уыд, фæлæ уый нæ тыхсын кодта фысымты, нæдæр уазджыты. Уазджытæй сæ иу райдыдта цæгъдын, дыууæйæ райдыдтой зарын. Дыууæйæн дæр æрдз нæ радта зарыны хъæлæс, фæлæ рæстæг марынæн къæвдайы сæх-сæхмæ хъусынæй цыфæнды мæгуыраy зарæгмæ хъусын æхцондæр уыд се ‘ппæтæн дæр. Арæхдæр кодтой, ахæстæтты кæй фæкæнынц, ахæм зарджытæ.

*Приморили, гады, приморили,*
*Загубили молодость мою.*

Æддейæ, лагеры чи нæ цард, ахæм исчи куы ‘рбайхъуыстаид, уæд æнæмæнг ахъуыды кодтаид, зæгъгæ, ам альпиниcттæ нæ бадынц, фæлæ цавæрдæр фыдгæнджытæ. Лæппутæй никæмæ уыд альпинизмыл зарыны

зæрдæ, æмæ уымæ гæсгæ фыдæнæнгæнæгау зарыдысты къуыдипп зарджытæ. Уæддæр, гитарæйæ чи цагъта, уый куыдфæстагмæ йæхи нал баурæдта æмæ систа, сæ уавæрыл чи фидыдта, ахæм æндæр зарæг.

*Я на уступичке сижу довольно шатком.*
*Терплю холодный бивуак...*

– Ныууадз, дæ хорзæхæй! – йæ хъуыры фæбадтысты цалдæрæй. – Æнæуи дæр нæ зæрдæтæ уазал сты.

Лæпputæ ма иудзæвгар абадтысты, стæй сæ алчи бацагуырдта йæ хуыссæн. Æхсæвы сæ алчи дæр йæ фыны уыдта хуры тынтæм тæмæнтæ калæг хæхты.

Æппынфæстаг къæвда банцад. Мигътæ сæхи систой арф кæмттæй. Игоритæ сæхи ацæттæ кодтой æмæ араст сты хæхтæм. Бæрзæндтæ уыдысты ногуард митæй æмбæрзт. Кавказы хæхтыл куыдфæнды фæлмæн къæвда ма ‘руара, уæддæр хæхты цъуппытыл митæн æнæ ‘рхæцгæ нæй.

Игоритæ æрбынат кодтой иу хохрæбын. Се ‘хсæв хъуамæ арвыстаиккой цатыры, стæй сæумæраджы райдыдтаиккой хохыл хизын. Æхсæвы ныууарыд мит. Райсомæй куы сыстадысты æмæ цатыры дуар куы бакодтой, уæд хорзау нал фесты. Мит уыд уæрагмæйы бæрц. Алфамбылайы ныббадт мигъ. Лæппутæ сагъæсы ныххаудтой. Дымгæ уæддæр куы радымдтаид, уæд мигъ систаид, ракастаид хур, æмæ мит атадаид æмбисбонмæ. Фæлæ дымгæйы уддзæф никæцæй цыд. Мит уарыд æнæхъæн бон. Лæппутæ бадтысты уазал цатыры æмæ сæ хъысмæты карз æлгъыст кодтой.

– Цы бачындæуа, куыд кæсын, афтæмæй ныл Хуыцау рахæтыд бынтондæр, – сдзырдта ныллæг хъæлæсæй Игорь.

– Уый тыххæй йын скувын хъуыд, – бахъуыр-хъуыр кодта Сергей. – Иу фыс аргæвдынæн нæ баистæм, æмæ кæсут, къæвдайыл нæ хъæцыдыстæм, ноджы ма мит дæр ныууарыд.

– Зондджын адæм ацафон сæхи денджызы фæнайынц, – бафиппайдта Барис.

Дыккаг бон дæр мит йæ уарынæй нæ банцад.

– Цæуæм, лæппутæ, лагерьмæ. Хуыцау дын дæ къух куынæ араза, уæд æм æнхъæлмæ кæсын нал хъæуы, – загъта Игорь.

Лæппутæ бавнæлдтой цатыр исынмæ. Коммæ куы ‘рхæццæ сты, уæд мит нал уарыд, дарддæр цыдысты цъыфы. Къæвда уарыд æмæ уарыд. Лагерьмæ ныххæццæ сты изæрмилты, сæ хæдфæстæ цæуын райдыд-

той иннæ альпиністтæ дæр. Уыдон дæр – хуылыдз æмæ фæллад, алкæй цæсгомыл дæр сæ зынд мæстджын зæрдæйыуаг. Æниу дзы уыд ахæмтæ дæр, хæдзармæ тынг кæй фæндыд. Уыдон сæ мидзæрдæйы радысты, æфсон сæ кæй фæцис, уый тыххæй, фæлæ сæ зæрдæйы цин æмбæхстой иннæтæй.

Игорь йæхи цæттæ кæнын райдыдта сæхимæ. Йæ улæфты рæстæг æнæуи дæр фæуд кодта, цы цалдæр боны ма йын баззад, уыдон та арвитдзæн йæ бинонты цур. Дыккаг райсом хæрзбон загъта йе ʻмбæлттæн æмæ комкоммæ ацыд Дзæуджыхъæумæ. Иннæтæ сфæнд кодтой сæхи искуы денджызы былмæ айсын. Сбадтысты цавæрдæр уæзласæн машинæйы, фæлæ сæ уыцы машинæ аласта æрмæстдæр Зæрæмæджы онг. Уырдыгæй дарддæр машинæтæ нæ цыдысты, къæвдаты фæстиуæгæн раивылгæ цæугæдæттæ фæндæгтæ кæй фехæлдтой, уый тыххæй. Лæппутæ къахæй араст сты Мамысоны æфцæджы ʻрдæм. Цыдысты, чи федзæрæг, ахæм ирон хъæуты цурты. Куы баталынг, уæд æрæхсæвиуат кодтой иу зæронд хъæууаты, æрдæгкалд мæсыджы. Дыккаг бон ныфтыдысты кæцыдæр туристон базæмæ æмæ уырдыгæй автобусы ацыдысты Сухуммæ.

Горæты сæрмæ уыд ирд æнæмигъ арв.

– Арв кæд у æрвхуыз, – йæ мидбылты бахудт Андрей.

– Æцæг æрвхуыз куы у, – бахудт Сергей дæр.

Денджызы был азмæлæн дæр нæ уыд фæлладуадзджытæй. Æртæ лæппуйы горæты кæрон баххуырстой иу къаннæг уат. Тагъ-тагъд афснайдтой сæ хæссинæгтæ æмæ атындзыдтой денджызмæ.

Денджызы уылæнтæ сабыргай ленк кодтой былы ʻрдæм, доны уæлцъар æрттывта хуры тынтæм.

«Хæхты афонмæ дæр уары мит, ам та улæфынц адæймаджы нуæрттæ, цы ма уа амæй хуыздæр адæймаджы удæн», – хъуыды кодтой сæхимидæг лæппутæ. Хъуыды кодтой, фæлæ не ʻмбæрстой, ныртæккæ хæхты дæр ахæм боныхъæд куы уаид, уæд кæм фылдæр æхцондзинад райсиккой: уым æви ам, денджызы был? Чи зоны, уым, фæлæ сæм ныртæккæ ууыл хъуыды кæныны зæрдæ нæ уыд.

Андрей лæууыд былыл æмæ æхцонзæрдæйæ каст денджызы уылæнтæм.

– Андрей! – иуафон йæ хъустыл ауад Сергейы хъæлæс.

Чысыл фалдæр цыппар чызджы ʻхсæн хуырыл бадтысты Сергей æмæ Барис. Сергей йæ къух тылдта Андреймæ. Уый разылд æмæ бацыд сæ цурмæ.

– Чызджытæ, базонгæ ут, уый дæр не ‘мбал у, йæ ном – Андрей. Уарзы хæхтыл цоппай кæнын, æмæ дзы чызджытæ бынтондæр ферох сты.

– Къуыдипп ныхæстæ ма кæн, – бауайдзæф ын кодта Андрей æмæ чызджытæн салам радта.

Бацайдагъ сын хиирхæфсæн ныхас, лæппутæ сын райдыдтой хæхты рæсугъддзинадæй æппæлын. Чызджытæ сæм хъуыстой цымыдисæй, стæй æмбырдæй араст сты физонæг кæнæнмæ.

Андрей фæцис уазджытæй сæ иуы фарсмæ бадт. Уымæн уыд бæзджын бурдзалыг сæрыхъуынтæ æмæ стыр æрвхуыз цæстытæ. Чызг хъæрæй худт Сергейы хъазæн ныхæстыл. Йæ ном хуынд Иринæ. Андрей фæхатыд, Сергейæн йæхи фарсмæ цы нæрст саулагъз чызг бадт, уый йæ цæстытæ кæй нал иста Сергейæ. Бадт зулаив, йе ‘ргом лæппумæ аздахгæйæ, йæхи йе уæхскыл сныхасгæйæ.

Физонæг кæнæнæй куы рацыдысты, уæд дæр чызг уæгъд нал уагъта Сергейы, йæ цонгыл ын дыууæ къухæй ныххæцыд, афтæмæй йын цыдæртæ цъыбар-цъыбур кодта. Стæй сæхи фæиппæрд кодтой иннæтæй æмæ уайтагъд кæдæмдæр фæтары сты. Барис дæр, фæллад дæн, зæгъгæ, йæхи айста хæдзармæ. Андрей æмæ Иринæ баззадысты иунæгæй.

– Куыд фервитут уæ рæстæг? – афарста Андрей, ныхасы бындур æрæвæрыны охыл.

Чызг йе уæхсчытæ кæрæдзимæ фелхъывта:

– Мæгъа. Зæгъæм, дысонизæр кафтизæры уыдыстæм.

– Цæй, ахсæв та ацæуæм киномæ. Дыууæйæ.

Иринæ уæлдай ницыуал загъта лæппуйы фæндоныл.

Кинойы фæстæ сæ фæндаг акодтой паркмæ. Æрбадтысты бæлæсты бын фæхсбандоныл.

– Æз дыууæ хатты уыдтæн Карпаты хæхты, – загъта чызг иудзæвгар æнæдзургæйæ абадыны фæстæ. – Рæсугъд сты хæхтæ, уæлдайдæр та, цъитиджын куы вæййынц, уæд. Фæлæ æз ахæм хъæхтæ æрмæстдæр киноты федтон. Уым тæссаг хъуамæ уа, нæ?

– Хатт вæййынц тæссаг дæр, – дзуапп ын радта Андрей. – Тас дæр иуæй-иу хатт хъæуы, цæмæй адæймагæй ма рох кæна йæхи хъахъхъæнын.

Лæппу æмæ чызг бирæ нал абадтысты. Андрей ахизын кодта Иринæйы æмæ ацыд сæхи фатермæ. Барисы ма бадгæ байййæфта, бадт æмæ йæ цæстытæ ныссагъта цыдæр журналы.

– Сергей нæма фæзынд? – афарста йæ Андрей.

– Нæма. Æвæццæгæн ын æгæр тезгъо фæцис, – журналмæ кæсгæйæ йын дзуапп радта Барис.

– Æмæ ды иунæгæй цы бадыс?

Уый йæм ницыуал сдзырдта.

Сергей фæзынд æмбисæхсæв. Тагъд-тагъ йæ дзаумæттæ акалдта æмæ æнæдзургæйæ хуыссæнты абырыд.

– Цæй куыд, Сергей, чызджы зæрдæ дæ исты барухс? – цымыдисæй йæ афарста Барис.

Сергей дзуапп нæ радта, афтæмæй азылд къулы ‘рдæм æмæ уайтагъд афынæй. Райсомæй Андрей æмæ Барис куы сыстадысты, уæд йæ сынтæджы базмæлыд Сергей дæр.

– Цæуыс дæхи найынмæ? – бафарста йæ Барис.

– Сымах ацæут. Æз дæр ма чысыл афынæй кæндзынæн æмæ уæ феййафын.

Чызджытæ та бадтысты уыцы бынаты. Иринæ Андрейы куы ауыдта, уæд æм бакодта барджын худт, зæронд зонгæтæ куыд бахудынц кæрæдзимæ, афтæ.

– Цом иумæ аленк кæнæм, – фæдзырдта йæм Андрей.

Чызг сыстад æмæ æнæдзургæйæ фæраст йемæ. Ленк кодтой фæрсæй-фæрстæм. Иуафон ракастысты фæстæмæ æмæ бафиппайдтой, æгæр дард кæй раленк кодтой, уый.

– Цом фæстæмæ, – загъта Андрей.

Былмæ куы рахызтысты, уæд Иринæ кодта тыхулæфт.

– Бафæлладтæ? – фæлмæн хъæлæсæй йæ афарста Андрей.

– Афтæ тынг нæ. Ды та?

– Нæ, кæй зæгъын æй хъæуы.

– Сымах, спортсментæ, иууылдæр хиппæлой стут, – бахудт чызг.

Уæдмæ сæм фæзынд Сергей дæр. Уайтагъд та иууылдæр бахъæлдзæг сты йæ хъазæн ныхæстæй. Фæлæ Сергей нæ уыд зноны хуызæн зæрдæйы равгыл. Чызджытæн кодта цыдæр хъæлдзæг ныхæстæ, стæй æвиппайды ныхъхъус æмæ нымдзаст дардæй зынæг хæхтæм. Уый лæууыд чызджыты ‘хсæн æмæ сæ худын кодта йæ хъæлдзæг ныхæстæй, фæлæ йæхи зæрдæ æнкъард уыд, уымæн æмæ йæ уд хæхты уыд.

– Андрей, чи зоны, уым банцад къæвда, æмæ ракаст хур?

– Чи зоны, фæлæ уымæй махæн цы пайда ис, мах уым не стæм…

– Не стæм… Ныр æнхъæлмæ кæс фидæн сæрдмæ, – арф ныуулæфыд Сергей.

– Цом найынмæ, Сергей, – сдзырдта йæм зноны саулагъз чызг.

Сергей йæм ницы сдзырдта, афтæмæй фæраст денджызы ‘рдæм æмæ кæсагау баленк кодта доны. Чызг лæууыд былыл æмæ æдзынæг каст йæ фæдыл.

Изæры та æмбырдæй ацыдысты рестораnмæ. Лæпputæ фæйнæ цалдæр сæны куы ануæзтой, уæд чызджыты фæхуыдтой кафынмæ. Саулагъз чызг кафыд Сергеимæ, йæхи йæм æнгом балхъивгæйæ. Андрей æмæ Иринæ кафыдысты, ныллæг хъæлæсæй ныхас кæнгæйæ. Хаттæй-хатт-иу чызджы къуыбыр риутæ андзæвыдысты Андрейы сæвджын риуыл, æмæ-иу йæ хъандзал уæнгтæ ризæгау бакодтой. Барызтысты-иу Андрейæн йæхи уæнгтæ дæр, йæ къæхтæ-иу йæ коммæ нал кастысты. Чызг йæ гуырыл æддæмæ хæцын райдыдта. Уый фæхатыд Андрей, фæлæ йæ нал фæндыд чызджы суæгъд кæнын.

Бадты фæстæ ма иучысыл куы атезгъо кодтой, уæд та йæ Андрей ахизын кодта. Куы хицæн кодтой, уæд лæппу йæ цонг æрбатыхта чызджы уæхскыл æмæ йын хъавгæ аба кодта. Уый дзы йæхи нæ атыдта. Андрей суагъта чызджы æмæ, цалынмæ мидæмæ цыд, уæдмæ каст йæ фæдыл. Чызг дæр ма йæм иу каст фæкодта йе уæхсчы сæрты æмæ йæ атыхта йæ фæлмæн мидбылхудты.

Лæппутæн æрхæццæ сæхимæ цæуыны рæстæг. Райсом раджы ацыдысты билеттæ исынмæ. Билеттæ райстой дыккаг бонмæ æмæ ацыдысты денджызы былмæ.

– Цы фестут, лæппутæ, нæ цæстытæ уæм куы ныуурс сты? – æмдзыхæй сæ афарстой чызджытæ.

– Райсом цæуæм, билеттæ исынмæ уыдыстæм.

Чызджытæ фенкъард сты. Æнæхъæн бон та сыл ацыд хъазгæ æмæ худгæйæ, фæлæ сæ зноны ахаст иуæн дæр нал уыд.

– Райсом цæуын, – загъта Андрей Иринæйæн, изæры та парчы куы ‘рбадтысты, уæд.

– Цæуыс…

– Æндæр гæнæн мын нæй, – йæхи растгæнæгау сдзырдта лæппу.

Чызг сыстад. Дарддæр цыдысты талынг уынджы.

– Андрей, цы ныхъхъус дæ, цæуылнæ исты дзурыс? – бафарста йæ Иринæ, лæппуйы цæстытæм аивæй скæсгæйæ.

Уый йæ бафарста ахæм хуызы, цыма йæм æнхъæлмæ каст цæмæдæр. Фæлæ йын Андрей ницы загъта. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, дзургæ йын кодта цыдæртæ, фæлæ йын, сæйрагдæр, кодта йæ куысты кой, чызджы бынтондæр чи не 'ндæвта, ахæм цæйдæрты кой. Уымæ гæсгæ чызг цыд мадзурайæ. Иринæ æмæ йе 'мбæлттæ кæм цардысты, уырдæм куы бахæццæ сты, уæд чызг æрлæууыд.

– Цæй, хæрзæхсæв, – загъта Андрей æмæ та хъуамæ аба кодтаид чызгæн, фæлæ уый иуварс алæууыд.

– Хæрзæхсæв, – загъта чызг æмæ цырд къахдзæфтæй згъорæгау акодта хæдзары 'рдæм.

Андрей хæдзармæ куы бацыд, уæд йе 'мбæлттæ уыдысты фынæй.

– Чызджытæ нæм нæ фæзындзысты фæндараст кæнынмæ? – бафарста Барис, райсом сæхи цæттæ кæнын куы райдыдтой, уæд.

– Нæ зонын, ахæм ныхас нæм нæ уыд. Нæ уарзын, исчи мæ фæндараст кæна, уый, – куыдфæндыйы хъæлæсыуагæй йын дзуапп радта Сергей.

* * *

Андрей анызгъуылд йæ куысты. Рæстæгмæ дзы æрбайрох сты хæхтæ, альпинистты лагерь æмæ фæстаг бонты къæвдатæ. Æрмæст дзы нæ рох кодта Иринæ, мысыд æй алы уысм дæр, куысты уыдаид æви хæдзары, – йæ сурæт нæ хицæн кодта йæ цæстытæй. Йæ цæстытыл уадысты йæ худæндзаст цæсгом, йæ хурмæсыгъд буар, йе 'лвæст уæнгтæ. Йæ хъустыл уад, уыцы бонты йын æппæтæй адджындæр чи сси, уыцы æхцон хъæлæс. Йæ худт, йæ ныхæстæ зæлыдысты йæ хъусты, байстой йын йе 'нцойад.

О, мысыд æй… Мысыд, æмæ йæ цас тынгдæр мысыд, уыйбæрц тынгдæр æфхæрдта йæхи: хорз нæ рауад сæ фæстаг фембæлд. Аххосджын та уыд йæхæдæг – исты йын зæгъын хъуыд. Чызг æм æнхъæлмæ каст цæмæдæр, уый та, цыма йе 'взаг аныхъуырдта, иу сыбыртт дзы не схауд, нæ йын раргом кодта йæ зæрдæйы фæндон. Йæхимæ йын фæнысан кодта йæ телефоны номыртæ, фæлæ… Телефоны номыртæ афыссынц цыфæнды зонгæйæн дæр. Уый та… Иринæ йын хуымæтæджы зонгæ куынæ уыд, йæ уд дзы куы баззад, уæд цæмæн разынд ахæм æгуыдзæг?

Цыд рæстæг. Рацыд цалдæр мæйы. Андрейы хъуыдыйæ нал æмæ нал хицæн кодта Иринæ. Æмæ… æппынфæстаг аскъуыддзаг кодта…

Куыстæй йæхи ракуырдта æртæ боны æмгъуыдмæ, сабат æмæ йын

хуыцаубонимæ рауадысты фондз боны. Йæ мадæн загъта, куыстæй мæ командировкæйы æрвитынц, зæгъгæ, æмæ райста билет хæдтæхæгмæ.

Аэропортæй фæдзырдта телефонæй Иринæмæ.

– Иринæ ам нæй, лекциты ис, – телефонæй йæм райхъуыст сылгоймаджы хъæлæс, æвæццæгæн, йæ мад уыд.

Андрей сбадт автобусы æмæ ацыд университетмæ. Агъуысты цурмæ куы бахæццæ, уæд дзыхълæуд фæкодта: чызгæн йæ мыггаг куынæ зоны, уæд æй куыд агурдзæн уыйæппæт студентты 'хсæн? Иринæ йын загъта æрмæстдæр, кæй ахуыр кæны историон факультеты. О, фæлæ кæцы курсы? Деканатмæ нæ бацæудзæн, мыййаг, æмæ фæрсын нæ райдайдзæн, ам уæм ахæм æмæ ахæм чызг ахуыр кæны, бæрзонд, рæсугъд, йæ ном Иринæ, ис ын бæзджын, бурдзалыг сæрыхъуынтæ, зæгъгæ, æмæ йæ кæм ссарон? Æмæ райдыдта зилын дæргъæй-дæргъмæ къæлидоры, бакаст-иу гомдуар аудиторитæм дæр.

Æппынфæстаг æй суыдта къæлидоры кæрон чызджыты 'хсæн лæугæйæ. Чызг æм лæууыд чъылдымæрдæм, фæлæ йæ уайтагъд базыдта йæ фидауцджын уæнгтыконд æмæ йæ сæрыхъуынтæй. Цырд къахдзæфтæй атындзыдта уыцырдæм, æмæ йæм куыддæр баввахс, афтæ сдзырдта:

– Ирæ!

Чызг фæстæмæ фæзылд. Куы йæ федта, уæд æм рацыд.

– Салам! – йæ къух æм бадардта лæппу.

Чызгæн, æрдæбон ын йе 'мбæлттимæ ныхасгæнгæйæ цы мидбылхудт уыд, уый айсæфт. Каст æм бынтон æнæзонгæйы цæстæнгасæй. Æрæджиау æм йæ къух радта æмæ йын загъта ныллæг хъæлæсæй:

– Æгас цу!

Иринæйы хъæлæсыуаджы уыд æрмæстдæр дисдзинад. Иннæ чызджытæ цымыдисæй ныккастысты Андреймæ.

– Кæсыс, ссардтон дæ, – зæрдиагæй сдзырдта лæппу æмæ йæ, иннæ чызджыты æнæуаг цæстæнгасæй фæтыхсгæйæ, афарста: – Тагъд фæуыдзысты дæ лекцитæ?

– Иу сахат ма мын баззад.

– Æз дæм бынæй банхъæлмæ кæсдзынæн.

– Хорз.

Андрей æрхызт кæртмæ æмæ бахизæнæй чысыл фалдæр æрбадт фæхсбандоныл. Бадт сындзытыл бадæгау. Уый бамбæрста, сæ

фембæлд кæй нæ рауад, уый æнхъæл куыд уыдис, афтæ. Иринæ фæивта бынтондæр. Бæрæг уыд, кæй йæм не 'нхъæлмæ каст. Æниу æм цæмæн хъуамæ æнхъæлмæ кастаид, цæмæн ыл хъуамæ хъуыды кодтаид уал мæйы дæргъы? Дзургæ куы ницæуыл бакодтой, уæд…

Рацыд сахатæй фылдæр рæстæг. Иринæ рахызт уынгмæ, æрдæбон йемæ чи лæууыд, уыцы чызджытимæ. Андрей сыстад æмæ бацыд сæ размæ. Чызджыты цæсгæмттыл та фæзынд цымыдисы нысæнттæ.

«Æвæццæгæн сын исты загъта мæн тыххæй», – ахъуыды кодта Андрей.

Иринæ бакаст чызджытæм:

– Фенынмæ уал, чызджытæ.

… – Æвæццæгæн, командировкæйы æрцыдтæ нæ горæтмæ? – бафарста Иринæ Андрейы, иудзæвгар куы рахызтысты университеты кæртæй, уæд.

– Нæ. Командировкæйы нæ дæн.

– Уæд та экскурсийы?

– Нæдæр экскурсийы.

– ?..

Лæппу ныккаст чызджы фæрсæджы каст кæнæг цæстытæм æмæ загъта æргомæй:

– Дæу фенынмæ æрцыдтæн.

Иринæйы цæстытæ фæкодтой æнахуыр æрттывд. Æрмæст лæппу нæ бамбæрста, йæ ныхæстæ йыл бандæвтой æви денджыз æрлæууыд йæ зæрдыл…

– Кæд хæдзармæ цæуыс, уæд дæ ахизын кæндзынæн, – загъта чъызгæйæ.

– Цом.

Дарддæр цыдысты æнæдзургæйæ. Андрей иу къахдзæфы бæрц йæхи урæдта фæстæдæр, цæмæй кастаид чызгмæ. Дымдта фæззыгон уазал дымгæ, æмæ чызг схæцыд йæ пъалтойы æфцæгготыл.

– Кæм æрæхсæвиуат кодтай? – бафарста Андрейы.

– Никуы.

Стæй сбадтысты автобусы. Ныхъхъус та сты сæ дыууæ дæр. Андрей афæлмæцыд уыцы мадзура бадтæй æмæ бафарста чызджы:

– Куыдтæ цæрыс?

– Бузныг, ницы мын у.

Автобус ӕрлӕууыд, ӕмӕ рахызтысты. Иудзӕвгар ма ацыдысты къахӕй, стӕй чызг ӕрлӕууыд.

– Ӕрбахӕццӕ стӕм. Мӕн фӕнды зӕгъын…

Андрейы уӕнгтӕ ихӕнрызт скодтой: «Цы йӕ фӕнды зӕгъын?.. Ӕнӕхъуаджы йӕм кӕй ӕрцыдтӕн, уый?..»

– Ӕз… Иу къуырийы фӕстӕ уыдзӕн мӕ чындзӕхсӕв… Ис ахӕм лӕппу, мемӕ ахуыр кӕны университеты… – дзырдта чызг ӕрхӕцӕрхӕцгӕнгӕ. Стӕй та иудзӕвгар ӕмырӕй алӕууыд ӕмӕ ма йӕ ныхасмӕ бафтыдта. – Ды мӕм ма фӕхӕрам у. Афтӕ рауад...

Ӕмӕ ацыд.

Лӕппу сӕргуыбырӕй лӕууыд ӕнӕзонгӕ уынджы. Стӕй комкоммӕ ацыд аэропортмӕ. Уыцы бон атахт фӕстӕмӕ.

* * *

Къорд ӕхсӕвбынат кӕм ӕркодта, уырдыгӕй ма хохы бӕрзӕндмӕ уыдаид бӕрцӕй цыппарсӕдӕ метры. Иннӕ хӕхты цъуппытӕ уыдысты сӕ тӕккӕ фарсмӕ, лӕппутӕ се 'хсӕв кӕм арвыстой, уыцы чысыл фӕзы ӕмвӕзадыл. Райсомӕй та раджы афснайдтой сӕ цатыр, тагъдтагъд цай бацымдтой ӕмӕ та ӕрӕвнӕлдтой сӕ фӕндагмӕ. Ӕхсӕвы дзӕбӕх бафынӕй сты иууылдӕр, ӕмӕ сӕ ныр алкӕй цӕсгомыл дӕр зынд, абон хохы сӕрмӕ ӕнӕмӕнг кӕй сӕфтдзысты, ахӕм ныфс. Сӕхи ӕнкъардтой уӕнгрог, алкӕй дӕр сӕ фӕндыд разӕй цӕуын, фӕлӕ та ацы хатт дӕр уыцы вазыгджын хӕс ӕрхауд Игорь ӕмӕ Сергеймӕ. Ацы хатт дӕр та цыдысты хъавгӕ ӕмӕ арӕхстджынӕй. Хохы дагъӕй куы ахызтысты, уӕд сӕм бынӕй схъӕр кодта Андрей:

– Ӕрлӕуут, раивӕм уӕ!

– Нӕ хъӕуы, нырма нӕ бафӕлладыстӕм! – ӕрдзырдта йӕм Игорь ӕмӕ райдыдта хилын цӕхгӕрмӕ къулыл. Андрей ӕмӕ Виктор цыдысты кӕрӕдзийы фӕдыл. Уӕлейӕ хъуыст дзӕбуджы хъӕр – Игорь райдыдта къӕбӕлтӕ къуырын. Фыццаг къӕбӕл куы бакъуырдта, уӕд дзы аласта бӕндӕны кӕрон ӕмӕ йын йӕ кӕрон рахста Сергеймӕ:

– Хӕц!

Сергей галиу къухӕй ныххӕцыд айнӕджы тигъыл, рахиз къухӕй та хӕцыд бӕндӕныл ӕмӕ хъахъхъӕдта Игоры. Игорь ацыд дыууӕ метры бӕрц ӕмӕ та райдыдта ног къӕбӕл къуырын. Дзӕбуджы хъӕр та зӕлгӕ ацыд кӕмтты. Уыцы рӕстӕг, Игоры сӕрмӕ цы ауыгъд дур уыд, уый фӕиртӕст ӕмӕ йӕ разӕй ахаста Игоры…

– А-а-а-а! – лыстæг дурты сæх-сæхимæ баиу тасæфтауæг хъæр. Сергейæн бæндæны кæрон йæ цонгыл тыхт уыд, бæндæн куы айвæзт, уæд уый дæр аскъæфта йæ фæдыл…

Уысммæ ныссабыр æппæт дæр. Андрей ма бынмæ ахаста йæ тарст цæстæнгас, фæлæ дзы куы ницыуал суыдта, уæд йæ цæсгом нылхъывта айнæджы къулмæ. Æнкъуыстысты йе уæхсчытæ.

– Ан-д-рей! – сыхъуыст æм Викторы знæт хъæлæс. – Лæппутæ… Бабын сты!..

Андрей схæцыд йæ сæрыл æмæ ныккаст Виктормæ. Уый хуыссыд дæлгоммæ, йæ сæр йæ цæнгты ‘хсæн ныттухгæйæ. Уæдмæ апырх дурзæйæ сыстгæ рыг, æмæ бынæй разындысты, цъититыл цы дуры цæндтæ баззад, уыдон.

– Виктор, рацу ардæм! – нydздзырдта Андрей Виктормæ. Уый сыстад æмæ сæргуыбырæй нымдзаст коммæ. Стæй разылд æмæ, айнæджы цыргъ тигътыл хæцгæ, сбырыд Андрейы цурмæ.

– Цы фæуæм? – бафарста йæ тыхулæфтгæнгæ.

Андрей ницы сдзырдта. Лæууыд дурдзавдæй, нæ зыдта, Викторæн цы дзуапп радтаид, уый. «Хæрдмæ – нал, кæй зæгъын æй хъæуы. Хæйрæджыты хай фæуæд!» – хъуыды кодта æмæ йæхинымæры карз æлгъыст кодта хъысмæты. Ныры онг æхцондзинад цы хæхты уындæй иста, уыдон ын фестадысты æппæтæй æнаддæр.

– Тæссармæ бахизæм скæсæйнаг фахсыл, æндæр фæндаг нын нæй, кæд цъитиджын рæгътыл ныйирвæзиккам коммæ. Цы зæгъдзынæ? – фæрсæджы каст бакодта Виктормæ.

– Цы хъуамæ зæгъон?..

– Уæдæ рæстæг мауал сафæм. Цом.

– О, фæлæ…

– Цы?

– Æгæр дард у ууылты. Мыййаг, куы баталынг уа, æмæ сæ рæстæгыл куынæ ссарæм…

– Комкоммæ уырдыгмæ цæуын та тæссаг у. Гæнæн ис, æмæ нæхæдæг дæр агуринаг фæуæм. Æниу ма мах та чи агурдзæн…

Викторы хъуыды раст уыд. Уыцы бон сын нал бантыст коммæ ныццæуын. Се ‘хсæв арвыстой иу къаннæг лæгæтгонды æмæ та райсомæй араст сты дарддæр. Хур нæма скаст, афтæ ныххæццæ сты бынатмæ. Мæрдты сын бирæ агурын нæ бахъуыд – дыууæ дæр уыдысты иу ран,

кæрæдзимæ дæрддзæф. Схастой сæ, æртæ боны раздæр кæм æхсæвиуат кодтой, уыцы фæзмæ æмæ æрлæууыдысты сæ уæлхъус. Лæппутæ ма кæрæдзийæ хицæн кодтой æрмæстдæр сæ дарæсы хæррæгътæм гæсгæ. Сæ цæсгæмттæй сæ базонæн нал уыд…

Андрей æрæхгæдта йæ цæстытæ. Афтæ алæууынц хæстон æмбалы марды уæлхъус, стæй бавналынц ингæн къахынмæ… Фæлæ уыдоны ингæн къахыны сæр нæ хъуыд, хъуамæ сæ фæхæццæ кæной бынатмæ.

– Дурдзавдæй сæ цуры лæууæм, уымæй сын ницыуал баххуыс кæндзыстæм. Ацу лагерьмæ æмæ сын фехъусын кæн, цы ‘рцыд, уый, – æрæджиау, йæ кæуындзæг тыххæй ныхъуыргæйæ, сдзырдта Андрей. Стæй райхæлдта кæттаг цатыры тыхтон, æмæ сын æй сæ уæлæ æрæмбæрзта.

Виктор ма иудзæвгар алæууыд, стæй йæ цæстæнгас тонæгау акодта мæрдтæй æмæ цырд къахдзæфтæй уырдыгмæ фæцæуæг.

– Дæхи хъахъхъæн къæмбыртыл! – йæ фæдыл ма ахъæр кодта Андрей.

* * *

Бон фæкъул изæрæрдæм. Андрей бады дурыл æмæ кæсы йæ къæхты бынмæ. Цъититы ‘рдыгæй улæфыд уазал уддзæф, æмæ йæ фæллад уæнгтæ рызтысты ихæнрызтæй. Фæлæ уымæ ницы хъардта, ницы йæ æндæвта, уымæн æмæ йæ сæр йедзаг уыд риссаг хъуыдытæй. Йæ хъустыл иугай скъуыддзæгтæй уадысты Игорь æмæ Сергейы хъæлæстæ, йæ цæстытæй нæ хицæн кодтой сæ цардæгас цæсгæмттæ.

«Тагъд æрталынг уыдзæн. Кæм сты фæдисæттæ? Цы бакæндзынæн иунæгæй ацы… Рæстæг та цæуы, рухсæй сосавæндагмæ куынæ ныйирвæзæм, уæд…»

Иуафон схæцыд йæ сæрыл. Сыстад. Нырма йæ ныр равдæлд, знонæй нырмæ хордоны хъæстæ кæй нæу, ууыл ахъуыды кæнынмæ. Бацыд рюкзакмæ, райхæлдта йын йæ ком æмæ дзы систа консервы къопп, дыууæ хус кæрдзыны карсты æмæ фæстæмæ æрбадт дурыл.

– Сис ма дзы ноджы, мах дæр æххормаг стæм! – ауад йæ хъустыл. Лæппу фестад, ныррызтысты йе уæнгтæ. Йæ цæстæнгас ахаста фæйнæрдæм, алфамбылайы змæлæг нæ зыны. Фемдзаст цатырæй æмбæрзт мæрдтæм. Уыдон хуыссыдысты æнæзмæлгæйæ, райсом сæ куыд æрæвæрдтой, афтæ. Лæппу бамбæрста, йæ хъустыл кæй ауад уыдонæй кæйдæр хъæлæс. Чидæр æм дзы сдзырдта йæхинымæры, фæлæ йæ

фехъуыста, уымæн æмæ кæрæдзийы æнæдзургæйæ дæр æмбæрстой. Сахуыр сты иумæ хæрынил, æмæ йын ныр нæ ныббарстой, йæхæдæг æнæ уыдон хæрынил кæй æрбадт, уый. Æркаст консервы къопмæ.

«Цы ми кæнын уый? Куы йæ зонын, мæ хъуыры кæй ницы ныххиздзæн, уæд сæ цæмæн систон, цæмæн бацыдтæн се 'дзард удты зæрдæхудты?» – йæ цонг дардыл ныззылдта, æмæ къопп амидæг комы. Стæй æрбадт æмæ, йæ сæр йæ армы тъæпæнтыл æруадзгæйæ, хъæрæй ныккуыдта.

Хур хæхты фæстæ фæаууон. Хæхты аууæттæ стырæй-стырдæр кодтой, куыдфæстагмæ бынтондæр бацахстой комы. Андрей бадт æмæ куыдта. Хæхтæ йæм кастысты æгомыгæй. Æгомыгæй æмæ куыдфæндыйы цæстæнгасæй. Уыдонæн уæлдай нæ уыд, нæ сæм хъардта адæймаджы рис.

Талынг кæнын райдыдта. Андрей йæ сæрыл схæцыд æмæ фæйнæрдæм акаст. Сыстад æмæ цудтытæ кæнгæ бацыд суадонмæ. Æргуыбыр æм кодта æмæ дзы йæ цæсгомыл скалдта. Чысыл ын цыма фенцондæр… Баздæхт фæстæмæ йæ бынатмæ.

«Абон, æвæццæгæн, ничиуал фæзындзæн», – ферттывта йæ сæры. Æниу æй фæндгæ дæр нæ кодта, исчи йæм æрбацыдаид, уый. Мæрдты ахæсдзысты лагерьмæ, стæй? Хъуамæ тел радта Нинæмæ! Лæппуйы уæнгтæ ногæй барызтысты. Постхæссæг æм ратдзæн тел æмæ дарддæр ацæудзæн йæ фæндагыл. Нинæ та?! Бакæсдзæн тел æмæ… Æмæ уæд та уыцы уысм йæ цуры лæуд фесты йæ сабитæ дæр! Мишæ æмæ Катя. Нæ! Фæлтау ацæудзæн йæхæдæг. Чи зоны, йæ бон бауа Нинæйы фæсайын? Зæгъдзæн ын, цыма Игорæн асаст йæ цонг, æмæ хуыссы рынчындоны… Стæй йын фæстæдæр зæгъдзæн рæстдзинад. О, фæлæ… бауæнддзæн ыл? Йæ зæрдæ нæ базондзæн, сайгæ йæ кæй чындæуы?

Андреймæ йæ хъуыдытæ фæкастысты, цы 'рцыд, уымæй æгъатырдæр. Куыд ис ахæм хъуыддаджы фæсайæн, кæд æмæ адæймаг амард, уæд? Æмæ уæдæ куыд бакæндзæн, куыд æм бадзурдзæн комкоммæ йæ Хуыцауы цæф? Сфæраздзæн æй? Нæй гæнæн! Зæгъын ын хъæуы рæстдзинад, цас тагъддæр, уыйас хуыздæр. Æрмæст сывæллætты цур нæ, уыдонæн æй зæгъдзæн йæхæдæг… искуы…

Цалдæр азы размæ сын Памиры хæхты зæйы бын цы дыууæ æмбалы фесты, уыдоны дæр æрхастой лагерьмæ. Арвыстой сын телтæ сæхиуæттæм. Стæй сæ хæдтæхæгыл аластой цинкæй æхгæд табæтты. Æппæтæй зындæр сын уыд, цы 'рцыд, куыд æмæ цæмæн æрцыд, уый

зæгъын. Андрейæ никуы ферох уыдзысты уыцы удмарæн цаутæ. Игоримæ бацыдысты лæппутæй сæ иуы хæдзармæ. Бахуыдтой сæ мидæмæ.

«Мах стæм уæ лæппуйы æмбæлттæ», – загътой бинонтæн. Стæй сын райдыдтой дзурын, сæ лæппу куыд бабын, уыцы хабар. Уыдон сæм хъуыстой æгомыгæй. Стæй дзырд куы фесты, уæд сæ бафарста лæппуйы фыдыфсымæр:

– О, фæлæ ма сымах куыд аирвæзтыстут?

Уыцы фарсты нæ уыд цымыдисдзинад, нæдæр, цы ‘рцыд, уый лыстæггай базоныны хъуыды – бæрæг уыд, лæг сын сæ цæстмæ кæй дардта: уыдыстут иумæ, фæлæ сымах баззадыстут удæгас, уыдон бабын сты. Цæмæн? Цæуылнæ сын баххуыс кодтат рæстæгыл? Æви фæтарстыстут æмæ бамбæхстат уæ удты, уыдоны та ныууагътат хъысмæты бар?

Игорь иудзæвгар æгомыгæй алæууыд, стæй комкоммæ ныккаст лæджы цæстытæм:

– Мах уын загътам, уыцы æнамонд цау куыд æрцыд, уый. Гæнæн ис, æмæ рауадаид иннæрдæм, гæнæн ис, æмæ абон ахæм хъуыддаджы тыххæй уæ лæппу ныхас кодтаид мæ бинонтимæ.

Иннæ лæппуйы хæдзармæ куы бахæццæ сты, уæд Андрей фæурæдта Игоры.

– Чи зоны нæ нал хъæуы ардæм цæуын, уымæй уæддæр ницыуал рауайдзæн…

– Рауайдзæн, нæ рауайдзæн, уæддæр мах хæсджын стæм æмæ бацæуæм, уымæн æмæ уыдыстæм иумæ.

Ногæй та сын бацайдагъ ахæм ныхас:

– Ау, æмæ сын уæ бон баххуыс кæнын нæ баци? – бафарста сæ ацæргæ сылгоймаг. Уый лæууыд къулы ‘нцой æмæ куыдта йæ къухтæй йæ цæсгом бамбæрзгæйæ.

– Нæ бон нæ баци, ныххатыр нын кæнут, – сæ сæртæ уырдыгмæ æруагътой лæппутæ.

Ныр дæр та сæм, чи зоны, ахæм цæстæй ракæсой Игорь æмæ Сергейы бинонтæ. Андрей нæ гуырысхо кодта ууыл, Нинæ йæм кæй нæ ратдзæн ахæм фарст, ды ма цæмæн баззадтæ удæгас, зæгъгæ. Фæлæ уæддæр… Йæ мад æмæ йæ фыд та? Сфæраздзысты ацы уæззау хабар? Игорь сæ иунæг хъæбул куы у…

Æмбисæхсæвæй ахызт, уæддæр ма бадт Андрей йæ уæззау хъуыдыты ныгъуылдæй. Бонæрдæм æрхуыссыд фæсал кæрдæгыл æмæ афынæй гом арвы бын. Райхъал æрмæстдæр райсомы ирдгæйæ. Хур бæндæны бæрц стылд арвыл, афтæ ауыдта, йæ акомкоммæ цы хъæд уыд, уырдыгæй альпинистты къорд рахизгæ. Анымадта сæ йæхинымæры: уыдысты цыппæрдæс адæймаджы. Æрдæгсахат рацыдаид, афтæ схæццæ сты йæ цурмæ. Андрей сыстад æмæ сын райста сæ къухтæ. Уыдон сæ худтæ систой æмæ иудзæвгар сæргуыбырæй алæууыдысты мæрдты уæлхъус, стæй сæ арæхстгай систой, семæ цы дыууæ сынты схастой, уыдонмæ æмæ ауырдыг кодтой комы ‘рдæм.

Комы фæндагæн йæ хуссарварс хызт фысты дзуг. Сæ зонгæ фысгæс рацыд сæ размæ. Йæ фæдыл, йæ къæдзил зæхмæ æруадзгæйæ, цыд йæ куыдз дæр. Фысгæс систа йæ уæлдзарм худ æмæ æрхæндæгæй æрлæууыд сынтыты цур. Йе ‘нцъылдтæ уадултыл æртылд дыууæ ставд цæссыджы. Зæронд лæг сæ асæрфта йæ дысæй æмæ бацыд Андрейы цурмæ.

– Цы сыл æрцыд? – бафарста йæ уынгæг зæрдæйæ.

– Дурзæй сæ æрæййæфта, – дзуапп ын радта Андрей.

– Сывæллæттæ сын ис?

– Игорæн дыууæ: лæппу æмæ чызг.

Куыдз бацыд сынтыты цурмæ æмæ сæм басмыста радгай.

– Асурут куыдзы, – сдзырдта лæпputæй чидæр.

– Уадзут æй, мæ хуртæ, – сабыргай сдзырдта фысгæс. – Куыдз зæрдæ зоны. Ацы лæппутæ цалдæр боны размæ ауылты ссыдысты. Игорь ын радта кæрдзыны къæбæр, æмæ йæ бахъуыды кодта, бакæсут ма, йæ цæстытæ куыд баумæл сты.

Куыдз æрхуыссыд нæууыл æмæ йæ сæр æруагъта йæ дзæмбытыл. Лæппутæ ма иучысыл алæууыдысты, стæй систой сынтыты æмæ араст сты дарддæр. Фысгæс йæ худыл хæрдмæ схæцыд æмæ ныллæг хъæлæсæй сдзырдта:

– Рухсаг ут!..

Андрей йын ныххæцыд йæ къухыл.

– Хорзæй баззай, нæ фыды хай.

Уый йын йæ дыууæ дæрзæг армытъæпæны ‘хсæн йæ къух ныл-хъывта æмæ йæ бафарста уынгæг хъæлæсæй:

– Никуыуал æрбацæудзынæ хæхтæм?

Андрей зæхмæ ныккаст. Байгомыг. Æрæджиау йæ сæрыл схæцыд æмæ комкоммæ бакаст зæронд лæджы цæстытæм.

– Æрбацæудзынæн…

Боныхъæд ивæнтæ кодта. Хæхты цъуппытыл фæзынд иугай мигъы бындзыгтæ. Дымгæ сæ сурæгау кодта комы ‘рдæм.

Виктор цыд Андрейы фæдыл. Цыд, йæ къæхтæ йæ фæдыл ласгæ. Æртæфст ыл йæ фæллад – знон хохæй лагерьмæ лидзæгау фæкодта, уырдыгæй фæстæмæ дæр – афтæ. Æцæг æхсæвы лагеры сбон кодта, фæлæ йæ цæстытыл хуыссæджы цъынд не ‘рхæцыд, хæргæ дæр ницы бакодта, æмæ ноджы асаст йæ хъару. Уæддæр цыд. Ницы йæ æндæвта: нæдæр фæллад, нæдæр, стонг кæй у, уый. А дунейыл æй æппындæр ницыуал æндæвта Игорь æмæ Сергейы бинонтыл хъуыды йеддæмæ. Сергейы нæ бауарзта йæ фыццаг фендæй фæстæмæ. Уымæн æмæ, кæнгæ йын ницы кодта, йæ зæрдæхудты никуы ницæмæй бацыди, афтæмæй æдзух архайдта йæ фелхыскъ кæныныл. Хаттæй-хатт-иу æй бынтон ницæй тыххæй дæр афтæ смæсты кодта, æмæ-иу цæттæ уыд хæхтæй комкоммæ сæхимæ ацæуынмæ дæр, фæлæ йæ Игорь æмæ Андрейы ‘фсарм урæдта. Каст æм æнæуынон цæстæй, йæхимæ йын цы цæстæй касти, ахæм цæстæй, фæлæ… Ныр нал ис Сергей, ныр æй нал хъыгдардзæн, никуыуал ын смаст кæндзæн, фæлæ Виктормæ афтæ каст, цыма йын хъысмæт байста, а дунейыл æппæтæй фылдæр кæй уарзта æмæ кæй мæлæтыл фæрыст, ахæм адæймаджы. Ферох æй æппæт дæр. Адæймаджы мæлæт ын ферох кæнын кодта æппæт мæстытæ дæр. Цæугæ-цæуын фемдзаст, Игоры цы сынтыл хастой, уымæ, æмæ ныр та Игоры мæлæтыл сагъæс æрбынат кодта йæ зæрдæйы. Уырнгæ та йæ ныр дæр нæма кæны, Игорь мард у, уый. Уымæ афтæ каст, цыма Игорь фынæй у кæнæ рынчын, æмæ йæ уымæн хæссынц лæппутæ. Рацæудзæн рæстæг, Игорь слæудзæн йæ къæхтыл, æмæ та иумæ рацæудзысты хæхтæм.

Бахæццæ сты сосавæндаджы кæронмæ. Викторæн дыдæгътæ кодтой йæ къæхтæ.

– Андрей, иучысыл нæ фæллад суадзæм, фæстæмæ фæкæсгæйæ загъта Виктор. – Ныр кæдæй нырмæ цæуæм æнæрлæугæйæ. Мæ зæнгтæ мæ нал уромынц. Стæй нæхи истæмæй фæсайæм, знон райсомæй нырмæ æз кæрдзыны хъæстæ нæ фæдæн.

Андрей къахвæндагæй иуварс ахызт æмæ æрбадти дурыл.

– Сымах цæут, лæппутæ, мах дæр уæ аййафдзыстæм, – ахъæр кодта иннæты фæдыл æмæ асæрфта йæ ныхы хид.

Виктор райхæлдта рюкзакы ком, систа дзы дыууæ консервы къоппы, бакодта сæ æмæ дзы иу Андрейы раз æрæвæрдта.

– Æз нæ хæрын, мæ бон нæу.

– Уæд æз дæр… – Виктор ныккаст зæхмæ.

– Бахæр, – фæтæригъæд ын кодта Андрей. – Æз райсом…

Виктор райдыдта зыдæй хæрын.

Хъæды дзыхæй разынд альпинистты къорд. Цыдысты сæргуыбырæй. Бæрæг уыд, сынтхæсджытыл кæй амбæлдысты. Сæ разæй цыд Мурат. Андрей иннæтæй дæр базыдта кæйдæрты, лагеры-иу сæ арæх федта. Сæ цурмæ куы бахæццæ сты, уæд сын салам радтой æмæ æрбадтысты нæууыл. Мурат йæхи æруагъта Андрейы фарсмæ. Бадтысты мадзурайæ. Мурат ницæмæй бафарста Андрейы. Цы ма йæ фарстаид, уæлдай хатт ма цы риссын кодтаиккой кæрæдзийы зæрдæтæ.

– Кæдæм дарут уæ фæндаг? – бафарста йæ æрæджиау Андрей.

– Дзæбидырты хохмæ. Цæгат фæхстæм, – дзуапп ын радта Мурат.

– Тæссаг фæндаг равзæрстат. Цæгат фахсыл тæссаг у зæйæ.

– Зонын æй. Астæуккаг рагъы тигътыл схиздзыстæм. Зынвадат у, фæлæ ууылты æдасдæр у – кæд зæй рацæуа, уæддæр нæ иувæрсты аивгъуыйдзæн.

Мурат сыстад.

– Цæуæм, – йæ цæст ахаста йе ‘мбæлттыл.

Уыдон сыстадысты æмæ, Андреитæн цæстæнгасæй хæрзбон кæнгæйæ, араст сты дарддæр. Виктор каст сæ фæдыл. «Уыдон цæуынц, мах кæцæй рацыдыстæм, уырдæм. Уым тулынц дуртæ, цæуынц зæйтæ…», – ахъуыды кодта йæхинымæры, æмæ…

«Раздæхут фæстæмæ! Кæдæм цæут?! Уым тæссаг у! Уым адæймагмæ æнхъæлмæ кæсы мæлæт! Раздæхут!..» – хъæр сæм кодта, фæлæ йæ хъæр йæхимæ дæр нæ фехъуыст. Йæ цæстытыл ауадысты хæхтæ. Афтæ йæм каст, цыма хилы айнæджы тигъыл. Уæлейæ, йæ акомкоммæ, расхъиудта стыр дур, ныртæккæ йæ ахæсдзæн йæ разæй, æмæ йæ балæууын кæндзæн арф комы… Кæнæ: хæрдмæ лæгæрды арф миты. Æвиппайды мит фескъуыд, зæй рацыд, уый ма йæ фыр тыхстæй фæлæбурдта айнæджы тигъмæ, фæлæ йæ уæдмæ æрæййæфта зæй æмæ… Æмæ хуыссы байбыны цатырæй æмбæрзтæй, Игорь æмæ

Сергей куыд хуыссыдисты, афтæ. Стæй йæ систой чидæртæ æмæ йæ хæссынц дæлæмæ, фæлæ уый ницыуал æнкъардзæн. Чидæр зæгъдзæн æрхæндæгæй: «Ууыл фæцис адæймаджы цард…» Фæцис?.. Уый нысан кæны, æмæ нал уыдзæн удæгас. Нал фендзæн хæхтæ, мæнæ ацы хъæдтæ, арвы рухс… Нал уыдзысты Андрей æмæ иннæтæ дæр. Уымæн æмæ уый уыдзæн мард æмæ никæйуал уындзæн… Æмæ Ларисæ та?.. Куы йæ фæндараст кодта, уæд ын афтæ куы дзырдта, исты дыл куы 'рцæуа, зæгъгæ, уæд æй æз не сфæраздзынæн…

«Нæ! Мæн цæрын фæнды! Мæн фæнды Ларисæйы цур уæвын! Мæлæты бонмæ! Нæ мæ фæнды йæ тæригъæды бацæуын!»

– Андрей, æз никуыуал æрбацæудзынæн хæхтæм.

– Виктор, ныртæккæ уыл дзурыны рæстæг нæу. Фæстæдæр аныхас кæндзыстæм.

– Нæ, Андрей, æз аскъуыддзаг кодтон фидарæй: никуыуал æрбацæудзынæн хæхтæм. Æз бирæ фæхъуыды кодтон ууыл. Курын дæ, бамбар мæ!

Викторæн рызт йæ хъæлæс. Йæ фæстаг ныхæстæ акалдта тагъдтагъд, цыма тæрсгæ кодта, Андрей йæ дзурын куынæуал бауадза, уымæй. Фæлæ Андрей ницыуал дзырдта, каст иуварсæрдæм. «Бамбар мæ», – йæ хъусты зæлыдысты Викторы ныхæстæ.

– Адæймаджы бамбарын зын нæу, Виктор, фæлæ… Цæуыл хъуыды кодтай афтæ бирæ? Цы 'рцыд, ууыл? Æмæ уый гæнæн ис, æмæ æрцыдаид мæныл дæр кæнæ дæуыл. Стæй æндæр искæуыл дæр. Уый зыдтай ды, зыдтай йæ мæнæй хуыздæр. Зыдтай йæ, фæлæ йæ æмбаргæ нæ кодтай. Уымæн æмæ нæ зыдтай, уый цы нысан кæны. Ныр æй базыдтай, уымæн æмæ федтай… Æмæ фæтарстæ, дæуыл дæр ахæм исты куы 'рцæуа, уымæй. Фæцис альпинист… Цæй, бар дæхи. Дарддæр дзурын ницыуал пайда у… – Андрей сыстад æмæ йæ рюкзак йе уæхскмæ сæппæрста.

– Цæуæм.

Араст сты къахвæндагыл. Мигътæ бамбæрзтой арвы. Æруæз кодтой хæхты цъуппытыл. Райдыдта æртæхтæ кæнын…

*Уырыссаг æвзагæй ГÆБÆРАТЫ Юрийы тæлмац*

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# БИЦЪОТЫ ГРИС

*Мысинӕгтӕ*

Бицъогри – уый йӕ псевдоним уыди. Ӕз ын ӕй ӕрхъуыды кодтон. Зонгӕ йын ӕй бирӕ ничи кодта, афтӕ иугай чидӕртӕ не ʻввахсдӕр ӕмбӕлттӕй. Йӕ чингуытыл ӕй никуы ныффыста, стӕй йӕм дзы дзургӕ дӕр мӕн йеддӕмӕ ничи кодта. Ӕмӕ йӕм дзы ӕз дӕр алы ран ӕмӕ алы хатт нӕ дзырдтон – афтӕ искуы-иу хатт хиуӕтты ʻхсӕн хъазгӕмхасӕнты. Фӕлӕ мӕм афтӕ зыны, цыма йыл бадти уыцы ном, чингуытыл дӕр цыма сфидыдтаид.

Уӕд та Бицъогри нӕма уыди. Уӕд уыди ӕмбал. Ног ӕмбал, студент ӕмбал, сабыр, ӕфсӕрмыгӕнаг ӕмбал. Йӕ уӕлӕ – гӕлифе хӕлаф ӕмӕ сӕракхъус цырыхъхъытӕ, сӕ хъустӕ йӕ фӕтасӕнтӕм кӕмӕн хӕццӕ кодтой, ахӕм цырыхъхъытӕ. Мӕ зӕрдӕ мӕм цы дзуры, уымӕй йӕ фыды уыдаиккой хӕлаф дӕр ӕмӕ цырыхъхъытӕ дӕр – йӕ райст-бавӕрды дарӕс, ӕмӕ, Гришӕ студент куы сси, уӕд сӕ уымӕн радта. Уӕдӕ йыл уый фӕстӕ гӕлифе дӕр никуыуал федтон ӕмӕ цырыхъхъытӕ дӕр. Уӕле та йыл ковбойкӕ уыди – уӕд лӕппутӕ искуы-иутӕй фӕстӕмӕ ковбойкӕтӕ дардтой. Ӕмӕ сӕ цы хуызӕн хъуымацӕй нӕ бахуыдтаиккой! Гришӕйы ковбойкӕ йӕхицӕй нарӕг дӕргъытӕ зынгхуыз хъуымацӕй уыди.

Ӕмдзӕрӕны бынӕттӕ нӕ фаг кодта, фатер бахҳуырсын йӕ къухы нӕма бафтыд, ӕмӕ фыццаг бонты Черменыхъӕуӕй цыди институтмӕ. Куыд-иу нӕ айрӕджы кодтаид, ӕмӕ-иу ын нӕ курсы бӕрнон Карсанаты Бимболат хъӕрӕй уайдзӕфтыл куы схӕцыд, уӕд-иу куыд ныфсӕрмытӕ Гришӕ! Ӕмӕ диссагӕй цы кӕныс – фидаугӕ йыл кодта, афтӕ-иу кӕй ныфсӕрмытӕ ис, уый!

Уӕд Гришӕ фыста ӕмдзӕвгӕтӕ, ӕмӕ, мӕнмӕ куыд зыны, афтӕмӕй хорз фыста. Зӕгъӕм, прозӕмӕ нӕ рахызт, дарддӕр ӕмдзӕвгӕтӕ фыссыны куыст кодта, уӕд цыма, прозӕйы цас сахадыдта, поэзийы дӕр къаддӕр нӕ сахадыдтаид.

Ӕз ын йе ʻмдзӕвгӕтӕй цыдӕртӕ бахъуыды кодтон – хицӕн рӕнхъытӕ.

Мӕнӕ ацы ӕмдзӕвгӕ фыст уыди Сталиныл – уӕд фӕндзайӕм азты райдианы Сталины ном афтӕ нӕрыди, ӕмӕ, хистӕр фыссӕг дӕ,

кæстæр фыссæг дæ, – се ‘ппæты дæр йæхимæ здæхта. Æмæ афтæ уыди Гришæйы æмдзæвгæйы фыццаг строфа:

*Ды нæ хур дæ, мах дæ хъармæй тавыс,*
*Бон дæу тыххæй рухс вæййы æрмæст.*
*Ды сызгъæрин царды тынтæ уафыс,*
*Цардæн уымæн у бæрзонд йæ рæзт.*

Дыууæ азы – дыккаг курсы æмæ æртыккаг курсы куы ахуыр кодтам, – уæд фатеры иумæ цардыстæм Гришæимæ: мах дыууæйæ æмæ ма, немæ чи ахуыр кодта, ахæм дыууæ æфсымæры Бирæгътæй – Лев æмæ Хадзумар Рассветыхъæуæй. Лев хистæр уыди, дзæвгар хистæр. Йæ уæлæ – сау гæлифе хæлаф æмæ дзыпджын хæдон, цырыхъхъытæ. Хадзумарыл та, уæд арæх чи уыди, уыцы хуымæтæг дзыгъуыр хъуымацæй хæдон æмæ хæлаф, хæлафыл – тарцъæх хъуымацæй æмпъузæнтæ йæ уæрджытыл дæр æмæ йе ‘рбадæнтыл дæр. Йæ чингуытæ æмæ йæ тетрæдтæ йæ дæлармы, йæ чернилæдон æмæ ручкæ йæ къухы, афтæмæй-иу араст и райсомæй институтмæ. Алы лекци дæр кодта фысгæ йæ рæсугъд æнцонæвзарæн почеркæй. Мах афтæ лæмбынæг нæ фыстам æппæт лекцитæ.

Цæргæ кодтам Сомихы уынджы, раст, Сомихы аргъуан кæм ис, уый ныхмæ дæргъæй-дæргъмæ зæронд агъуысты – агъуыстæн йæ бинаг уæладзыг æрдæджы онг уыди зæххы. Махæн ма нæ рудзгуытæй зæхмæ уыдаид æртæ-цыппар уыдисныйы. Бинаг уæтты, æвæццæгæн, цæрæг никуы уыди – уыдысты уымæл æмæ æнæзылд, сæ чъырæйцагъд згъæлди. Нæ фысым – стæвдтæарæзт сомихаг ацæргæ лæг, йæ ном – Арам, йæхæдæг уæллаг уæладзыджы царди. Арæх-иу нæм æрцыди æмæ-иу нын исты ныфсытæ авæрдта, стæй нын студенттæ кæнын кодта, нæ фарсмæ цы уат уыди, уым дæр исчитæ куыд æрцæра.

Мах нæ уат хъарм дæр, уæд фæтæгенæй цы пецгæндтæ куыста, ахæмæй кодтам, хæринаг дæр ууыл кодтам. Æниу цастæ хæринаг уыди! Макъаронтæ дыууæ армыдзаджы рафыц, цæхх сыл акæн. Маргарины къæртт сыл ныппар, æмæ хæринаг – цæттæ. Ахуыппытæ-иу æй кодтам сау дзулы кæрстытимæ. Æмæ хæринаг кæнын афтæ зын нæ уыд, зын тæбæгътæ æхсын уыди. Кæй рад уыдаид, уый хъуамæ уыцы фæтæгены пецыл дон схъарм кодтаид æмæ æхсадтаид уыцы маргаринæйдзаг тæбæгътæ æмæ уидгуытæ. Лев тылиф кодта уыцы куыстæй йæхи,

хистæр кæй уыд, уый йæ ныры хуызæн æхсызгон никуы бахъуыд, æвæццæгæн: уый та куыд, йæ кæстæр æфсымæр йæ фарсмæ кæмæн уа, уый къустæ-йедтæ хъуамæ æхса?!

Æмбарын æй, хорз æй æмбарын – лыстæг хабæрттæ кæнын, стæй сæ дардыл кæнын, фæлæ мæм дзурын цæуы, Гришæйы кой кæнын мæм цæуы. Гришæимæ цы бонтæ арвыстон, уыцы бонтæ мысын мæ фæнды. Гришæимæ кæй зыдтам, уыдонæн дæр Гришæ сæ цæстытыл куы ауаид, уый мæ фæнды.

Æмæ та иу æнцойбон, Лев тæбæгътæ Хадзумары бар куыд бакодта, уый тыххæй Гришæ йæ уаты куы рабадид æмæ куы ракъæрцц кæнид:

*Арамтæм цæргæйæ-иу къустæ*
*Уый не 'хсадта, уыди-иу арæзт,*
*Гъеуый тыххæй йæ декан Кустов*
*Нæ курсæн равзæрста старост.*

Поэзийы уд чи не 'мбары, уый ахæм рæнхъытæ никуы ныффысдзæн.

Кустов нæ декан уыди – бæрзонд урссæр лæг. Мах курсмæ куы 'рбацыди æмæ Левыл йæ цæстытæ куы 'рхæцыдысты – уыцы саулагъз, сауарæзт, ноджы иннæтæй хистæр, уæд алыг: ацы лæппу уæд старостæ. Лев разынд уыцы æууæнчы аккаг – хыртт-мыртт æм нæ уыд. Байрæджы кодтай – нысан, лекцимæ не 'рбацыдтæ – ноджы карздæр нысан, суанг стипендийыл дæр йæ бархъомыс кæмæн цæуы, ахæм нысан. Æмæ йе стипенди алкæмæн йæ дарæг-йæ уромæг куы уыди студенттæй!

Уыцы райсом ма мах хуысгæ кодтам, афтæ Хадзумар схæццæ и Рассветæй – цыдæр аргæвстой æмæ йæ уæймæ сластой. Хадзумар цыдæр гæххæтмæ фездæхти фатермæ. Нæ йæ ардта æмæ тыхсти. Æмæ уыцы тыхст куы уыди Хадзумар, уæд æм йæ уатæй куы радзурид Гришæ:

*Фæллад дæ ды, Хадзу, фæллад дæ,*
*Нырма нæма 'рысыст дæ хид.*
*Рассветæй горæтмæ фæуадтæ,*
*Дæ пака фындзæй хъуыст æхситт.*

Æмдзæвгæ Плиты Харитон ныффыста, фæлæ йæ æнæ рабар-бабарæй афтæ кæй рацарæзта, æмæ афтæ хорз кæй абадти Хадзумарыл, уый махыл худæг бафтыдта. Мах Гришæимæ кæл-кæлæй худтыстæм,

Лев дæр-иу бахудти. Хадзумар нæ худти. Гришæмæ иу каст фæкодта. Бадзырдта йæм:

– Дæ дзыхыл куынæ хæцай, уæртæ Книжкæ!

Хадзумар-иу Гришæйы афтæ дæр хуыдта хъазгæмхасæнты – Гришкæ-книжкæ! Æмзæл дзырдтæ-рифмæтæ.

Гришæ йæм, кæй зæгъын æй хъæуы, ницы сдзырдта. Æмæ уый дзургæтæ куы кодтаид, уæд йæ сабыры ном афтæ ныхъхъæр уыдаид!

Кæмдæр не 'мбæлттæ районы автобусмæ лæууыдысты. Уырдæм сæм иу лæг бафтыд, фынгыл æгæр чи афæстиат ис, ахæм æмæ йæхицæй æппæлыныл куы схæцид. Æз, зæгъы, уал æмæ уал азы далæ Сабыр фурды кæсагахсæгæй фæкуыстон. Æмæ йæм уæд Васо – нæ хъазаг æмæ парахатзæрдæ Васо – афтæ бадзуры:

– Ныр, цымæ, уыцы Сабыр фурд Бицъоты Гришæйæ сабырдæр у?

Лæг фæхатыди, хъазгæ дзы кæны Васо, æмæ йæм йæхи фæтызмæг кодта.

– Гъе лæппу, ды мæнæн острый ныхæстæ ма кæ!

Ехх, Гришæ, Гришæ, Бицъогри!

Ныр-иу дæ кой куы кæнæм, уæд хъуамæ дзурæм: уыди, дзырдта, фыста…

Куыд зын у, уый куыд зын!

Бæргæ ныр иу хурварс куы 'рбадиккам, зæронд лæгтæ куыд æрбадынц, афтæ æмæ куы æрымысиккам, иумæ цы бонтæ арвыстам, уыдон. Стыр хабарæй сæ ницы уыд, лыстæг хабæрттæ уыдысты, фæлæ махæн нæ цард уыдон рухс кодтой. Удæн адджын сты. Æмæ дзуриккам æмæ мысиккам. Æмæ-иу бахудиккам æмæ-иу бахъынцъым кæниккам. Æмæ-иу фæлæууиккам. Стæй та-иу нæ исчи райдаид: «Хъуыды ма кæныс?..»

Хъуыды ма кæныс, иухатт иу зымæгон бон æз куы фæуазалдзыд дæн – уæд æмдзæрæны цардыстæм. Æмæ мæ Кокойты Викторимæ хид кæнын куы кодтат? Фыццаг мæ уе 'ппæты хуыссæнтæй куы нымбæрзтат гобанæй, хъæццулæй, стæй хуыссæнты сæрмæ, нæ уаты цы даргъкъах стъол уыди, уый куы сæргъæвтат, йæ къæхтæ хæрдмæ, афтæмæй. Уый фæстæ та бандæттæ куы сæппæрстат стъолы сæрмæ. Уæхицæн уæ худынмæ æмæ уе змæлдмæ, нæ уæладзыджы цыдæриддæр студенттæ уыди, уыдон куы æрæмбырд сты æмæ циркмæ кæсæгау куы кастысты нæ уатмæ.

Кæнæ иухатт Лев раздæр куы ссыди кæсæндонæй фатермæ…

Гъæ, Левтæ фæкæнай ды, Лев Васильевич, нæ курсы иугæндзон æгъатыр старостæ! Уæд нæ курс къам исын куы сфæнд кодта, нæ курсы хицау Калоты Георги дæр немæ, афтæмæй. Иууылдæр æрбамбырд стæм къамисæнмæ. Лев нæй. Не 'ппæт дæр схæтæнхуаг стæм. Кæм и Лев? Кæд ыл ницы 'рцыди, уæд ам куыд нæй?! Æмæ æнæ Лев фæнды сис къам, фæнды – ма. Георги мæн арвыста.

– Ацу ссар æй æмæ йæ æркæн.

Рацыдтæн, стыр уынджы йыл хæрхæмбæлд фæдæн – кæуылдæр амбæлд сæ хъæуæй æмæ ныхасыл фæци. Бакодтон æй. Дзурын Георги Зауырбеджы фыртмæ:

– Магарыч – мæн!

Æмæ мæм дзуры уый дæр:

– Махмæ йæ сто граммæй барынц.

Æмæ цалынмæ къам истам, уæдмæ мæ хъуыдыйы бамбырд сты ацы цыппар рæнхъы:

*Æркодтон æй – æмæ нæ къамæй*
*Нæ фæцух Лев Васильевич.*
*Мæнæн та уый тыххæй сто граммæй*
*Калоев загъта магарыч.*

О, æмæ уæд раздæр ссыди фатермæ кæсæндонæй, бирæ раздæр махæй. Нæ фæтæгенæй кусгæ пецыл æхсæвæр бауæларт кодта, йæхæдæг йæхи æруагъта хуыссæныл, ома, цалынмæ рафыца хæринаг, уæдмæ аулæфа. Фæлæ, лæгæн йæ хъуыддæгтæ йæ зæрдæйы фæндиаг кæд цыдысты! Лев фынæй аци, пец та мингай сатæгсау гæлæбутæ калынмæ фæци йæ хъæлæсæй. Уыйбæрц скалдта уыцы гæлæбутæй, æмæ сæ нæ фатер йæ тæккæ дзаг баци. Нæ цырагъ нал зынди. Левыл ныббадтысты, сæ быны фæци Лев, улæфæн æй нал уыди. Мæнæ не схæццæ стæм, – Левæй, куыд фæзæгъынц, лæг пайда нал уыдаид.

Уый фæстæ цал боны фæцархайдтам нæ къуымтæ ссыгъдæг кæныныл, нæ дарæс бадзæбæх кæныныл. Æмæ нын сæ алчи дæр уыд худæн бон æмæ хъазæн бон уыцы бонтæй.

Кæнæ иухатт, уæддæр ма Сомихаг уынджы цардыстæм, æз æмæ ды хъæумæ куынæ ацыдыстæм уыцы æнцойбон. Уымæн нæ ацыдыстæм, æмæ-иу нын къуырисæры марксизм-ленинизмæй практикон ахуыртæ уыди, æмæ нæхи цæттæ кодтам. Гыццыл цæмæйдæрты нæхи

фæсайдтам, æмæ, ныр араст уæм кæсæндонмæ, афтæ нæм мæ хо куы æрбацыд хъæуæй æмæ нын кастрункæйы дзаг стуры сойы картæфты фых куы ‘рбахаста. Уый куыд хæрзад уыд, уый, уыцы картæфты фых! Æнæхъæн кастрункæйы дзаг куыд бахордтам æмæ стæй дзæбæх цæуын куыд нал зыдтам.

Кæнæ иухатт – уый та æмдзæрæны уыди – дзул æлхæнын мæ рад уыди, æмæ кæмдæр афæстиат дæн. Уæд мыл сымах æхсæв дыууадæсæм сахатыл куы рахæцыдыстут – æрмæст нæхи уаты лæппутæ нæ – æгас уæладзыджы лæппутæ, асинтыл цæугæ дæр куынæ кодтат, афтæмæй мæ уæ разæй куы рахастат. Æмдзæрæны цæрджытæ уыл æмбырдтæ куы кодтой – кæдæм фæкæнынц уыцы мæгуыр лæппуйы?! Фæлæ сымах, цыма цыфыддæр шпионы æрцахстат, уыйау-иу сæм уæ цæстытæ куы сзылдтытæ кодтат. Афтæмæй мæ суанг фыццаг уæладзыгмæ куы фæкодтат цыппæрæм уæладзыгæй æмæ мæ æмдзæрæны стыр дуарæй æддæмæ куы асхуыстат. Æз уыцы талынджы фæцыдтæн, Ленины уынг æмæ Куйбышевы уынгтæ кæм иу кæнынц, уым тигъыл цы дзулуæйгæнæн дукани уыд, уырдæм – æхсæв дыууæ сахатмæ куыста, æнхъæлдæн, – схастон сау дзулы джип. Сымах æм утæппæтæй фæлæбурдтат, кæмæ уæ дзы ‘рхауди, кæмæ – нæ, мæхимæ дæр дзы не ‘рхауди, æмæ йæ уым лæугæ-лæууын куы асатар кодтат…

Институты цы дзæбæх литературон къорд уыди райдайгæ фысджытæн! Къордæн къухдариуæг нæ ахуыргæнæг Хъазыбегты Хъазыбег кодта – хæстон лæг, поэт лæг, зæрдæхæлар лæг. Куыд дзырдтой, афтæмæй Рейхстаджы дæгъæлтæй иу æрхаста йемæ æмæ, дам æй музеймæ радта. Æмæ-иу куы рабадтыстæм æцæг фысджытау æмæ гъæйтт-мардзæ ныхас куы райдыдтам кæрæдзийы фыстыты тыххæй. Къорды сæрæндæртæ – Тедеты Ефим, Косты Тотырбег, Уырымты Петка, Тыджыты Юри, стæй ма, литературæмæ чи не ‘рбахæццæ, ахæм чидæртæ. Гыццыл нæ уыдыстæм. Ахæм литературон къорд уыди Фысджыты цæдисы дæр. Уырдæм цыдысты алы институттæй, стæй æнæуи кусæнбынæттæй дæр. Мах уырдæм дæр цыдыстæм, æз æмæ Гришæ. Тынг æнувыд уыдыстæм уыцы къордтыл. Кæс, æмæ та фæцæуæм æмбырдмæ. Студенттæй ма нæ чидæртæ Тедо æмæ Симон дæр рахуыдтой. Æцæг нæ Тедо чи уыди кæнæ Симон, уый нæ зыдтам. Стæй йæ, афтæ нæ чи хуыдта, уыдон сæхæдæг дæр нæ зыдтой. Ноджы Тедо æмæ Симон бадгæ куы кодтой, мах – цæугæ, уæд цыхуызæн Тедо æмæ Симон уыдыстæм?!

Куыд ахуыр кодта, цастæ йын æнтыст, уый дзæбæх нал лæууы мæ зæрдыл. Хъуыды кæнын: практикон ахуырты-иу конспекттæ-йедтæм никуы каст, дзырдта-иу йæ дзуринаг, куыд æй æмбæрста, афтæ. Дзургæ кодта ныллæг хъæлæсæй. Йæ уадултæ-иу басырх сты, цыма ахуыргæнæгæй дæр æфсæрмы кодта æмæ, цы дзырдта, уымæй дæр. Æнæуи стипенди иста алы хатт дæр – уый хорз хъуыды кæнын, стæй нæ цыппæрæм курсы практикæмæ куы ‘рвыстой, уæд, педучилищемæ цы фондз студенты равзæрстой, уыдонимæ уыди Гришæ дæр.

Институт каст куы фестæм, уæд нæ æнæхъæн курсæй арвыстой Дагестанмæ. Æнæуи мах ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ уыдыстæм, фæлæ, дам, Дагестаны уырыссаг æвзаджы ахуыргæнджытæ нæ фаг кæны, æмæ, дам сæм фæкæсут. Гришæйæн раст уæд «Рæстдзинад»-ы радзырд рацыди. Цалдæр номыры йæ рауагътой – цы гонорар райста, уымæй костюм балхæдта, Мæскуыйы балæууыд æмæ Литературон институтмæ бацыд.

Уыцы цæхгæр ныззылдтытæ æнхъæл чи уыди Гришæйæ!

Æз ацыдтæн, Дагестаны фаллаг фарс Цæцæны тæккæ арæныл цы Солыйаг хъæу уыд, – Ансалта – уырдæм. Уым мæ, авдазон скъолайæ цы астæуккаг скъола сарæзтой уыцы аз, уым ахуыры хайады хицауæй куы сæвæриккой! Нæ куымдтон, фæлæ уыцы районы, Ботлихы районы, ахуыры хайады хицау уыди ирон лæг – Гатуты Кермен. Уый мæм ныххатыд, æмæ йæм дзурын нал сфæрæзтон. Афтæмæй, цы куыстæн зыдтаин, цас дæсны уырыссаг æвзагмæ уыдаин! Æмæ мæ хъиутæ хордтон. Куыд-иу хæлæг кодтон уæд Гришæмæ! Кæрæдзимæ фыстам æмæ баныхас кодтам: иннæ аз æз дæр – Мæскуымæ. Æмæ афтæ бакодтон. Куыддæр ахуыры аз фæци, афтæ рацыдтæн – цыма бынтон нæ цæуын, цыма отпусчы цæуын. Куынæ мæ рауадзой, уымæй тарстæн. Кермен мыл тынг зæрдæйæ уыди. Ботлихы-иу куы уыдтæн, уæд-иу мын, уырдæм хæстæг чи уыд, уыцы хъæуы кой кодта, иннæ аз, дам дæ уырдæм арвитдзынæн директорæй, уым, дам, хорз скъола и, æмæ, дам, дæхицæн дзæбæх кусдзынæ. Мæнæн мæ зæрдæ Мæскуымæ кæй æхсайдта, уый йын, кæй зæгъын æй хъæуы, никуы схъæр кодтон! Æз Керменæй тынг æфсæрмы кодтон, йæ ныхасмæ йын фæстæмæ сдзурын нæ бафæрæзтаин. Æмæ уæд афтæ кæй рацыдтæн, уый тыххæй нырма дæр къæмдзæстыг дæн йæ рухс номы раз.

Уыцы фæссихор мæ царды амондджындæр бонтæй уыди, æвæццæгæн. Ме уæхскыл – дынджыр чумæдан, зымæгон дарæсæй-æндæрæй дзы цы нæ уыд! – афтæмæй Пушкины фæзæй ауырдыг кодтон Тверы бульвары дæлæмæ. Æмæ мæнæ, мæ фыны дæр кæй уыдтон, уыцы Литературон институт. Куыддæр уынджы мæ чумæдан ме уæхскæй æристон, афтæ уæртæ кæртæй рауади Гришæ йæ дагестайнаг æмбалимæ. Цас фæцин кодтаиккам кæрæдзийыл, уый зын бамбарæн нæу…

Уæд институты æмдзæрæнтæ Мæскуыйы бынмæ Переделкинойы станцæйы уыдысты, нæзы хъæды мидæг. Цæвиттон, Фысджыты цæдис балхæдта хистæр фысджытæй кæйдæрты дачæтæ æмæ сæ институтæн радта – студенттæн æмдзæрæнтæн.

Гришæйæн хæдзарæй æххуыс нæ уыд: мад æмæ фыд куыстой колхозы, йæ хо æмæ йе ‘фсымæртæ – иууылдæр Гришæйы кæстæртæ. Цæмæй йын хъуамæ баххуыс кодтаиккой? Стæй Гришæмæ ахæм хивæнд хæццæ кодта – нæ бакуымдтаид æххуыс. Мæнæ йын арвыстой æхца, – цыма сæ фæстæмæ рарвыстаид, афтæ мæм кæсы. Стипендийæ амæлттæ кодта. Уым æмдзæрæны тыргъы электрон пецыл макъаронты хъæрмхуыппытæ-йедтæ кодта. Æз фæсаууонмæ ахуыры ныллæууыдтæн – цалынмæ фæлварæнтæ кодтам, уæдмæ бафæлмæцыдтæн Мæскуыйы хæрхæцъайæ. Æмæ-иу сессимæ куы ныццыдтæн, уæд та-иу ам, нæхимæ, Сомихы уынджы куыд уыди, афтæ æхсæвæр хордтам иумæ. Уæд райдыдта хъæрзын йæ ахсæнæй Гришæ. Æвæццæгæн, иудадзыг иухуызон сойхъуаг хæринæгтæй фæхъæн ис йæ ахсæн. Йæхæдæг-иу дзырдта, иуизæр æвиппайды куыд ссудзæгау кодта йæ ахсæн æмæ стæй йæ дудынæй куыд нал æнцади.

Фæстæдæр ын Республикæйы хицауад снысан кодтой Коцойты Арсены номыл стипенди. Уæд ын бирæ фенцондæр и, фæлæ ахсæн нал æмæ нал дзæбæх кодта. Йæ тæккæ куыстхъом æмæ фыссынхъом куы уыди, уæд йæ цард хъæрзгæ æмæ уынæргъгæйæ æрвыста. Цал рынчындоны балæууыд æмæ цал операцийы скодта! Стæй фæдзæбæх и йæ ахсæн: уæд ын Харьковы скодтой операци – уым цавæрдæр дæсны ирон дохтыр куыста.

Уыцы хъуыддæгтæ фæстæдæр уыдысты. Уæд та фæци Гришæ институт, диплом бахъахъхъæдта. Уæдмæ Лермонтовы уынджы арæзт фæци стыр авдуæладзыг æмдзæрæн. Уым хистæр курсыты студенттæн

уыди хицæн уæттæ. Ӕрæмбырд стæм Гришæйы уатмæ: Ӕгъуызарты Ӕхсарбег, Мыртазты Барис, Дзаболаты Хазби, Хостыхъоты Зинæ æмæ æз. Куывтам Гришæйæн, бирæ йын куыд бантыса, стæй нæ уырнгæ дæр кодта, бирæ йын кæй бантысдзæн, уый.

Мæскуыйæ куы ссыди, уæд уал Черменыхъæуы царди сæ бинонтимæ. Кæрæдзимæ цыдыстæм: æз Тарскæйæ – уырдæм, уый уырдыгæй – Тарскæмæ. Ноджы Мæскуыйæ мыхуыргæнæн машинкæ сласта æмæ-иу мæнæн дæр амыхуыр кодта истытæ.

Уыцы зымæгон бон дæр та фæраст дæн Черменыхъæумæ. Автобусы баиу дæн Гришæйы хо Тамарæимæ. Бинонты баййæфтон тымбылæй фынгыл бадгæйæ. Фынгыл астæуæй – стыр тебæ, йæ мидæг цæхджын къабуска æхсынæны зетийы цурыдæй. Гришæйы фыд Хаджумар мæ куы федта, уæд сыстад, фефсæрмы, æвæццæгæн, се 'хсæвæр хуыздæр кæй нæ уыди, уымæй. Уæддæр мæм æрбадзырдта:

– Зымæг у, æмæ ахæм хæринагæн дæр ницы у.

Ӕхсæвæрыл хæргæ цы кодтам, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ нуазгæ кодтам æмбисонды ирон бæгæны: сау æмæ бæзджын, къухтыл мыдау æндæгъди, хъæлæс та кодта судзгæ, цыдæр хъæлдзæгæфтауæг сыгъдæй. Дæсны уыди Гришæйы мад Джидзалон бæгæны кæнынмæ.

Гришæ кæройнаг гыццыл уаты зест пец сæвæрдта. Йæ сынтæг дæр уым уыди, йæ фыссæн стъол, йæ машинкæ дæр. Пец-иу куы 'рцъынд и, уæд та-иу нæ дзы исчи цалдæр нартхоры хъузджы баппæрста. Ӕз уæд цыдæр поэмæгонд ныффыстон, æмæ йæ Гришæ мыхуыр кодта йæ мæскуыйаг машинкæйыл. Амыхуыр-иу кодта, æмæ та-иу ныхæстæ дæр акодтам. Афтæмæй, бонмæ бирæ нал уыд, уæдмæ фæбадтыстæм.

Стæй кусын райдыдта Гришæ. Бирæ рæтты куыста – газет «Рæстдзинад»-ы литкусæгæй, чиныгуадзæн «Ир»-ы редакторæй, журнал «Ногдзау»-ы бæрнон секретарæй, журнал «Мах дуг»-ы редакторы хæдивæгæй, æцæг мæнæ-мæнæ бирæ никуы бафæстиат иу ран дæр – йæ зæрдæ æхсайдта сфæлдыстадон куыстмæ, уый йæ здæхта йæхимæ, фæлæ бинонтæн дæр истытæ хъуыд, æмæ та-иу уæд куысты дæр цы нæ ныллæугæ уыди!

Гришæ æрыгонæй тæрсын байдыдта, литературон штамптæ кæй хуыдтой, уыдонæй. Чи зоны сæ æгæр фæтарсти æмæ-иу хаттæй-хатт

йæ хъуыдыйад, уыцы штамптæ йæм куы бахауой, уый тасæй æгæр фæдаргъ, æмæ-иу уæд йæ тыхæй дæр цы нæ фæцудгæ уыди хъуыдыйадæн! Уый тыххæй-иу нæм быцæуы ныхæстæ рауади прозæйы секцийы дæр, æнæуи дæр. Гришæ тынг æууæндыд, уыцы штамптæ арæх кæй сты нæ прозæйы, ууыл, тынг æй уырныдта, уыдон æй тынг кæй хъыгдарынц, æмæ-иу ахъаззаджы тох самадта йæ хъуыдыты сæрыл, йæ зæрдæйы цы сабыр хивæнд бадт, уый-иу уæд разынди. Хистæр фысджытимæ дæр-иу сбыцæу и.

Стæй бавдæлд æмæ Ставд-Дуртæм алыгъд – сабыр бынат агуырдта кусынæн дæр æмæ цæрынæн дæр. Хæдзар дзы сарæзта, цæхæрадон скодта. Исдуг фæфидар, цыма рынчын дæр никуы уыди, афтæ зынын байдыдта. Куыста, фыста. Роман ныффыста – «Кæрдæджы стъалы», радзырдтæ, сывæллæттæн гыццыл уацау… Стæй фехъуыст – хъæрзгæ у Гришæ, ам и, горæты. Камал æмæ йæ Гæстæнимæ бабæрæг кодтам. Фæлмæстхуыз уыди, фæлæ йæм уа рынчынæй нæ зæрдæ нæ фехсайдта.

Цалдæр мæйы рацыд, æмæ фехъуыст йæ уæззау хабар.

Ацыди Гришæ, нæ сабыр, нæ Хуыцауысконд æмбал. Фысгæ гыццыл нæ ныккодта, фæлæ мæм афтæ зыны, фыссинагæй йын чи баззад, уыдон фылдæр уыдысты. Бирæ фылдæр.

*Май, 2016 аз*



Гришимæ фембæлд йæ юбилейы фæдыл

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ*



**Марк Твен**

**Марк Твен** – йæ фæсномыг, æцæгæй та – **Сэмюэл Ленгхорн Клеменс** (1835–1910). Диссаг кæмæ фæкæса, уымæн дæр бар – йæхи, фæлæ мæнмæ та рагæй дæр мæ зæрдæ афтæ сдзуры, цыма Твен ирон хъæлдзæгдзырд зæронд лæг у. Худæнбылæй дзурæг æмæ фыссæг та æцæг уыд. Тамако хъазуатонæй дымджытæ арæх фæхъаст кæнынц сæ лæмæгъдзинадæй, ома, дам, ацы æвзæр ахуыр ныууадзын нæ фæразæм. Гъемæ дын иуахæмы Марк афтæ куы бакæнид: «Æллæх, æллæх, æмæ уым та зынæй цы ис: æз мæ тамако дымын иу-сæдæ хатты куы ныууагътон!..»

Суинаг фыссæг йæ сабибонтæ арвыста цæугæдон Миссисипийы былгæрон чысыл горæт Ханнибалы. Йæ фыд куы амард, уæд лæппу йæ скъолайы ахуыр фæуагъта æмæ газетты дамгъæтæй дзырдтæ æмбырдгæнæгæй куыста, мыхуыр сæ кодта йæ фыццаг фæлварæнтæ. Иу-цыппар азы бæстæйы кæрæтты рахау-бахау фæкодта, стæй ссис лоцмæны ахуырдзау; сæрæнгуырд кæй уыд, уымæ гæсгæ цыбыр рæстæгмæ йæхæдæг фæлоцмæн, æмæ дзы Миссисипийыл цæуæг наутæн фæндагамонæг рауад. Дон фаг арф кæй у, уый тыххæй-иу базонын хъуыд Mark Twain – «Мерка два», ома цæугæдоны арф фаг у науы ацæуынæн. Гъемæ уыцы дзырдбаст йæ литературон фæсномыг-псевдоним у уæдæй фæстæмæ.

Æмæ цынæ куыст кодта, цынæ: Невадæйы æвзисты гуырæнтæ агурæг, газеты уацхæссæг, сызгъæриныл цуангæнæг Калифорнийы, репортер… Æмæ, цыдæриддæр фыста, уыдон – дæрзæг юморы хуызы. Уалынмæ йæ ном фæзындгонд йæ иу юмористон радзырды фæстæ – «Номдзыд гæпгæпгæнаг хæфс Калаверасайæ».

1867 азы нау «Квакер-Сити»-йы абæлццон Европæ æмæ Палес-

---

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7, 8, 10-æм æмæ 2026 азы 1 – 4-æм номырты*

тинæмæ, фæндагæй юмористон репортажтæ æрвыста Америкæмæ. Уыд Францы, Италийы, Грецийы, Турчы æмæ ма суанг Хъырымы дæр. Уыцы дæргъвæтин фæндæгты тыххæй ныффыста чиныг «Уæдæгонд фæсарæнты» – æнхъæл куыд нæ уыд, афтæ тынг ын фесгуыхт. Йæ юмор уæлæнгай худын нæу, хи-хи æмæ ха-ха, фæлæ арф хъуыдыджын, хатгай сатирæмæ дæр рахизы.

Твен-иу йæ юморескæ чиныгкæсджытимæ фембæлдтыты дзырдта, хъæздыг дзы кодта йæ лекцитæ – лектор та уыд йæ царды дæргъы. Йæ роман «Сызгъæриндонытылд æнус» дæр кæд комикон сурæттæй дзаг у, уæддæр йæ идейæ социалон хуызы ахадгæ у, хурмæ дзы калы алы сæрхъипп ныстуантæ æмæ пълантæ, паддзахады æнæрхъуыды политикæйы худæджы хал схауын кæны.

1870 азы Марк сбинонджын, ракуырдта йæ уарзон чызг Оливия Ленгдоны, афæдз фæстæдæр æрцард Хартфорды æмæ дзы амондджын 20 азы арвыста йæ бинонты ‘хсæн, стæй уыцы азтæ сфæлдыстадон хуызы дæр арфæйаг уыдысты. Нæ ауæрста йæ усы æрвадыл дæр – дурæвзалы уæйгæнæгыл, – æргом ын кæны йæ хинтæ æмæ хæрæмттæ.

Ǽрхæццæ йæ ахъаззаджы чингуыты дунейы рухс фенын афон дæр: «Том Сойеры царды æнахуыр цаутæ» (1876), стæй та «Гекльберри Финны царды æнахуыр цаутæ (1885). Мæнæ дзы куыд загъта Эрнест Хемингуэй: «Ǽппæт нырыккон америкаг литературæ дæр равзæрд Марк Твены иунæг чиныгæй, уый та хуыйны «Гекльберри Финн».

Цард-цæрæнбонты фыссæджы æндæвта астæуккаг æнусты темати-кæ дæр. Ǽмæ 1882 азы джиппы рауагъта йæ иннæ зындгонд уацау «Принц æмæ мæгуыргур». Ǽвæллайгæйæ фыссы æндæр курдиатæх-хæст уацмыстæ дæр, ныхмæвæрд кæны царды алы хæраймаг æууæлтæ æмæ нывыл фæткæвæрд.

Лæджы амонд дæр тæргæйттæм æмхиц у. Фæцудыдтой Твены царды уавæртæ, бирæ хæсты бын фæцис æмæ æнæрæнцойæ фыссы æмæ фыссы, кæд мæ хæстæ бафидин, зæгъгæ, уымæ тырнгæйæ. Суанг ма ахæм нысанимæ 1895 азы Зæххы къорийы алыварс балцы дæр фæраст, кæсы æхсæнадон лекцитæ Австрали, Ног Зеланди, Цейлон, Инди æмæ Хуссар Африкæйы. Фæлæ йæм сæхимæ æнхъæлмæ каст ног зæрдæдзæф: амард йæ уарзон хъæбул, йæ чызг Сюзи… Ǽмæ йын уыцы фыдохы цау йæ фыстытæм æрхæндæджы тæваг бафтыдта, фæ-къуырмагонд йæ зæрдæйы ахаст, æмæ йын йæ дыккаг чызджы зиан дæр, чи зоны, æмæ афтæ зынуромæн нал уыд, чи зоны, о…

Æцæг маст ма йын æрхаста уый дæр, æмæ демократийæ фыдæнхъæл кæй фæцис – йæ боныджы ныффыста: «Фылдæр чи вæййы, уыдон раст никуы вæййынц». Нал ын уыд цардхосау Америкæйы прогресси дæр: «60 азы размæ «оптимист» æмæ «зондцух» синонимтæ нæ уыдысты. Ныр та дуне фæфæлдæхт: уыдонæй хъауджыдæр нал ис».

Жаннæ д 'Аркы тыххæй фыссы æмæ уыцы куыст хоны æппæтæй æхсызгондæр; фыссы тугæлхыскъгæнаг памфлеттæ, расизмæй æлгъыстагдæр уавæр ницы хоны; æппынфæстагмæ рæгъмæ исын райдыдта Сатана-Иблисы, уый номæй загъта йæ тæрхон дæр, зæгъгæ, йæ худæджы хал схауынæй алчи дæр тæрсы…

Æнусты æрттивагæй та баззайдзысты йæ цардуарзон чингуытæ Том Сойер æмæ Гекльберрийы тыххæй. Милуангай чиныгуарзджытæн балæвар кодта сабидуджы æнæныгуылгæ рухс…

Марк Твены сфæлдыстадон бынтæ хъæздыг сты йæ худгæбылæй загъд афоризмтæй дæр:

*Фæлтау фаджысы цæрæг æрыгон хъæндил дзæнæты зæронд маргъы бæсты.*

* * *

*Ногдзинæдтæ хъусынгæнæг агентадмæ тел ныццавта: «Мæ мæлæты тыххæй хъусынгæнинаг æгæр фæцæхджын»!*

* * *

*Мæ ахъаззаджы импровизацион раныхас бацæттæ кæнынæн мæ æртæ къуырийæ чысыл фылдæр йеддæмæ нæ бахъæудзæн.*

* * *

*Йæ зианы нæ сæмбæлдтæн, фæлæ сæм уæздан ныхæстæ арвыстон, уыцы хабар мын æхсызгон у, зæгъгæ.*

* * *

*Æз нæдæр уæлæрвтимæ дæн фезнæт уæвинаг, нæдæр зындонимæ – алкæм дæр мын дзы ис хæлæрттæ.*

* * *

*Лымæнтæй цард-цæрæнбонтæм дæр ис баззайæн, æцæг æфстау куынæ курай, уæд.*

* * *

*Кæд смæстджын дæ, – цыппары онг банымай; кæд фыр мæстæй рафыхтæ, – нылгъит.*

* * *

*Калм фæдзæхстгонд куы уыдаид, уæд Адам сылгоймаджы ардыдæй уый дæр бахордтаид (ома, фæдзæхст дыргъ хæрзад у).*

* * *

*Хуыцау раздæр нæлгоймаджы сфæлдыста, стæй та сылыстæджы. Стæй Хуыцау фæтæригъæд кодта нæлгоймагæн æмæ йын тамако балæвар кодта.*

* * *

*Францы нæдæр зымæг вæййы, нæдæр сæрд, нæдæр дзы æфсармæгъдау ис, æндæра алæмæты бæстæ у.*

* * *

*Ацы лæджы тыххæй зындгонд у, ахæстоны кæй нæ бадт, уый, фæлæ дзы цæуылнæ бадт, уый та ничи зоны.*

* * *

*Кæд дызæрдыг кæныс, уæд рæстдзинад зæгъ.*

* * *

*Мæнгæн ис æртæ хуызы: хуымæтæг мæнг, æдзæсгом мæнг æмæ статистикæ.*

* * *

*Цæрæгойтæй æфсæрмæй сырх кæнын æрмæстдæр адæймагæн загъд у, о, æмæ йын уымæн æфсон дæр арæх вæййы.*

* * *

*Адам хæлæггаг уыд: цыдæриддæр худæгæй загътаид, ууыл нæ гуырысхо кодта, йæ размæ ма исчи фæцарæхстаид афтæ зæгъынмæ, зæгъгæ.*

* * *

*Хорз ракæнд куырм дæр уыны æмæ йæ къуырма дæр хъусы.*

* * *

*Æдзух фылдæрты фарсхæцæг кæй сдæ, уый бамбæрстай, уæд æй зон: æрцыд дæ зондахастæн цæхгæр аивыны рæстæг.*

* * *

*Кæд фæныфссаст дæ, уæд искæмæн ныфсæвæрæг фæу, æмæ дæхæдæг дæр дæхиуыл схæцдзынæ.*

* * *

*Хуыцау куы бастад дун-дунетæ фæлдисгæйæ, адæймаджы æрмæстдæр уæд скодта.*

* * *

*Цæй æмæ афтæ цæрæм, æмæ нын нæ мардыл чырынкæнæг дæр куыд кæуа.*

…ХХ æнусы дæр Америкæйы фæзынд къорд зынгæ æмæ стыр фыссæджы, æмæ та – нæй æндæр гæнæн: Литературон энциклопеди нæ цæттæ кæнæм, о, – се 'ппæтыл бындурон ныхас нæ рауайдзæн, мæ цыбыргæндтæй афæлгæстмæ нæ бахаудзысты, æмæ нын уый дæр хатыргонд уæд…

Америкæйы литературæ XIX æнусы йæхицæн нымад аивады бынат скодта, стæй æнæуи царды æууæлтæм гæсгæ та ссис дунейы раздзог алы къабæзты. Фæлæ æнахуыр хъуыддагыл уый у банымаинаг, æмæ бирæ фысджытæ эмигранты уавæртæ равзæрстой – сæ бонтæ тыдтой æндæр бæстæты цæргæйæ, дæрддзæф рæтты райгуырæн уæзæгæй. Æмæ, дам, афтæ рауад хъуыддаг, æмæ ХХ æнусы америкаг литературæ равзæрд Парижы Фыццаг дунеон хæсты хæдфæстæ азты. Хæстонты фæлтæр, стæй хæст æрмæстдæр йæ койæ чи зыдта, уыдоны та фыссæг Гертрудæ Стайн схуыдта «сæфтдзæг фæлтæр» – куы ма йæ загътам – уыцы ном сыл мыггагмæ нынныхæст. Фæсхæст сæ нал уырныдтой фыццагон хæрзтæ: прогресс, зондæй архайыны фæтк, адæймагуарзондзинад; ралæууыд æмтъерыйы дуг, уымæй тæссаг дуг, æмæ дунемæ ноджы уæззаудæр фыдæвзарæнтæ кæй кæсы æнхъæлмæ: æууæнк иу царды бындурон хæзнайыл дæр нал ис, табуйагæй дзы ницыуал баззад…

Æмæ та ног диссаг: америкаг фысджыты уацмыстæ нымад цыдысты айдагъ Америкæйы културон æмæ аивадон исбоныл нæ, фæлæ æгас дунейы културæ æмæ аивады ахъаззаг бавæрæнтыл.

Хæдхуыз бæстæ, хæдхуыз Дзырд, хæдхуыз Културæ, æнæивд-дзаг Истори æмæ Фидæн, иуæй, амонддҗын, иннæмæй, бæлвырд цæмæйдæрты æнамонд, зæрдæсаст адæм. Сæ наукон рæзт та ахæм у, ахæм, æмæ дзы æппæт бæстæтæн дæр тæссаг у… Сæфты къахыл ныллæууынæй!


**О ‘Генри**

…Кæд искуы æмæ искæд искæй фыстытæ зыдæй, хæлофæй кастысты, кæсынц æмæ ма кæсдзысты – адæм ма адæм уæнт æрмæст, – уæд ацы фыссæ-джы. Йæ ном та у **О ‘Генри** (фæсномыгæй, æцæгæй та – **Уильям Сидни Портер**) – (1862 – 1910).

Дзæвгар дæсныйæдтæ бавзæрста, иуахæмы та куыста горæт Остины банчы кассирæй. Ревизи дзы сбæлвырд кодта, цасдæр, дам дзы æхца нæ фаг кæны. Уильям æнæазым уыд, фæлæ фæтарст хæрамгæнаг тæрхоны лæгтæй æмæ алыгъд. 6 мæйы фæстæ куы сыздæхт, уæд æй æрцахстой æмæ йын 5 азы ахæстоны фæбадыны тæрхон рахастой – нæ йын бантыст, азымдҗын кæй нæу, уый равдисын. Æртæ æмæ дзы æрдæг азы фæцис æмæ дын ам куы райдаид радзырдтæ фыссын, сусæгæй сæ-иу журналтæм арвыста фæсномыгимæ, О ‘Генри, зæгъгæ.

1901 азы ахæстонæй сæрибармæ рацыд зындгонд фыссæгæй. Æмæ, Нью-Йорчы æрцæргæйæ, дысвæлдæхтæй хъазуатонæй фыста – 6 азмæ йын мыхуыры рацыд 9 новеллæты æмбырдгонды: «Цыппар милуаны», «Судзгæ цырагъ», «Ныгуылæны зæрдæ», «Удыгага цæстфæлдахæг», роман «Къаролтæ æмæ къабуска»…

Йæ радзырдтæ никæй уацмысты хуызæн уыдысты: юморæй дзаг, хъæздыг æвзаг сын, æнцон æмæ цымыдисагæй кæсæн, цæуыл æмæ-иу куыд рауад сæ кæрон, уый та схуындæуыд – амонддҗын кæрон ома. Цырддзаст, алы лыстæг хабæрттæ дæр уынæг æмæ зæрдæисгæ юморæй ифтонг новеллæтæ чиныг кæсынил фæцалх кодтой хуымæтæг адæмы дæр ма.

Æмæ чи нæ уыд йæ уацмысты архайæг О ‘Генрийæн, чи: къанторты кусджытæ, дуканиты уæйгæнджытæ, æнæхæдзар адæм æмæ

хъæздгуытæ, рæстæй цæрджытæ æмæ цæстфæлдахджытæ… Стæй æрмæст Иугонд Штатты уарзон фыссæг не сси, фæлæ бирæ бæстæты. Йæ уацмыстæм гæсгæ йын кинонывтæ исын райдыдтой – дзæвгар адæм бахъуыды кодтой иу ахæм дзырдбаст, кинойы йæ куы фехъуыстой, уæд: «Мæ Боливар дыууæйы нæ афæраздзæн» (Боливар у бæхы ном).

Иуæй, худæг дæр у, иннæмæй та, зæрдæриссæн йæ новеллæ «Фараон æмæ хорал»-ы сæйраг персонаж, æнæхæдзар Сонийы бæллиц: зымæг æрбахæстæг, æмæ, гъæй-джиди, кæй æрцахсынц æмæ хъарм ахæстоны кæй бакæнынц йæ афойнад-æмгъуыдыл хердимæ…

О ‘Генри йæ удæгасæй бавзæрста, кад æмæ цыт цы сты, уый, ХХ æнусы дзы рауад, америкаг фысджытæй æппæтæй арæхдæр кæй чингуытæ кастæуыд, ахæм фыссæг.


**Джек Лондон**

…Нæма райгуырд, афтæмæй йын йæ фыд Уильям Чейни йæ мады фæуагъта æмæ фæтары. Лæппу куы райгуырд, уæд ыл йæ мады лæг – бирæ йæ бауарзта сидзæр Джек, – ном сæвæрдта **Джек Лондон** (1876 – 1916). Æцæгæй та у **Джон Гриффит Чейни**.

Йæ сомбон та – æвзонг фæсивæды уарзон фыссæг. Цæуылдæриддæр фыста, уыдон йæхи царды бавзæрста, æрыгонæй бирæ алы куыстыты сфæлтæрдта ноджы: консервты завод, электростанцæ, джуты фабрикæ, Сан-Францискойы фемдзæхдон кæсагахсджыты стигъджытимæ, шхунæйы матрос, рафт-бафт Америкæ æмæ Канадæйы, дзæгъæлхæтгæнджыты ахæстон, политикон архайды тыххæй дæр та ахæстон, Калифорнийы университеты ахуырдзау… 1897 азы балæууыд Аляскæйы – ам адæмыл бахæцыд «сызгъæрин тæфсæг». Фондз азы фæстæ – хæстон уацхæссæг Лондоны, – цыдис англис-бурты хæст, – стæй та уацтæ фыста уырыссаг-япойнаг хæсты тыххæй, 1907 – 1909 азты æнæнцой Джек нау «Снарк»-ыл æрзылд Зæххы алыварс, 1914 азы та ногæй – америкаг газетты уацхæссæг, ныр – Мексикæйы: амы адæмы тох сæ хæдбардзинадыл равзæрста йæ чиныджы æрмæгæн.

Йæ царды фæстаг азтæм дзы скептик рауад – искуы хорзæрдæм

аивой æхсæнадон ахастдзинæдтæ, уый йæ нал уырныдта. Æмæ, дам, уыцы æнæрай уавæры йæ къух йæхимæ батасыд…

Йæ литературон сфæлдыстад Лондон райдыдта, 17 азы йыл куы сæххæст, уæд. Йæ сæйрагдæр темæ ссис Цæгат, Аляскæ. Йæ бынтæ сты радзырдты 12 æмбырдгонды, цалдæр уацауы æмæ романы. Тынг гæрзармæй æвдисы æхсар æмæ лæгдзинад, адæймаг æнæбасæттон кæй у, хъæбатыр, фæразон, быхсон, цыфæнды уæззау уавæрты дæр цардмæ, уæлахизмæ тырнæг, уыдæттæ.

Æппæтæй зындгонддæр автобиографион сты «Мартин Иден», Цæгаты тыххæй «Урс æдзæмад», «Æртæйы зæрдæтæ» (у киноповесть), романтæ «Æфсæн къахдзæфхад», «Денджызы бирæгъ», «Сырх емынæ», «Урс ссыр»…

Фыссæджы миддунейы цæстытыл-иу фидæн куы уыцы тæхудиаг-бæллиццагæй уадис – нæй дзы мæгуыртæ-хъæздгуытæ, социалон къæлæстæ, фæллой у зæрдæрухсы мадзал, алывæрсыг гармони-фидыц, цардыхос музыкæ; куы та дунейы бынты-быны сæфт – ахæм катастрофæйы ма иунæг фæндаггон-бæлццон лæг аирвæздзæн, æмæ уый хæтдзæн æдзæрæг бæстæтыл…

Джек Лондон, о, тынг домбай, æхсарджын, зæрдæхæлар лæг уыд, æцæг дзы, уый куыд нымадта, афтæ «сверхчеловек» нæ рауад… алы мæстытæн фæразаг нæ разынд. Мæстыты маст та йын уый ссис, æмæ бирæ хæрзты кæмæн цыд, уыдон ын йæхи арæзт, стыр фыдæбæттимæ срæзæг «Бирæгъы хæдзар» æхсæвыгон арты хай бакодтой…

Æрмæст иу фыдгæнæджы бон дæр никуы бауыдзæн, цæмæй Джек Лондон стыр æмæ арфæйаг фыссæг мауал уа, æнусты цæрæнбонджын…

Йе сфæлдыстадон бынтæ уыйбæрц хъæздыг не сты афористон ныхасбæстытæй, ноджы ма дæргъвæтин сты зондамонтау, мораль кæсынау кæй хуындæуы, ахæмтæ. Æмæ-иу ын мæрдтæм хъыг ма уæд, кæй йын сæ балхъивдзынæн-балæмардзынæн, уый.

*Нозт, алкоголизм рагæй-æрæгмæ дæр у адæмты хуыздæрты бынгæнæг, адæймаджы мыггагæй æвирхъау хъалон исæг.*

* * *

*Хорз хъуыдыгæнæг вæййы хорз фыссæг; кæд дæ хъуыды истæйаг у хæзнайау, уæд ахæм уыдзæн дæ уацмыс дæр.*

* * *

*Кæд ды рæстдзинад басусæг кодтай, кæд æмбырды нæ сыстадтæ æмæ нæ раныхас кодтай, фæлæ иугæр уырдыг слæууыдтæ æмæ радзырдтай, фæлæ рæстдзинадæн йæ раст æмбис аныхъуыргæйæ, – ды рæстдзинадыл гадзрахатæй рацыдтæ.* (О, æз æм мæхи хардзæй æфтауын: Æмæ дæ де 'фхæрд рæстдзинад иуахæмы йæ маст дывæрæй райсдзæн!).

* * *

*Лæг цардæй цы фæдомы, уымæй йын уый къаддæр ратты.*

* * *

*… Афтæмæй та адзал зæрдæхæлар у – уый нæ цард йæхæдæг мары алы хъизæмæрттæ æмæ мæстытæй. Фæлæ нын уæддæр адджын у, æмæ мæлæтæй та не сæфт уынæм. Мæнæ диссæгтæ!*

* * *

*Адæймаджы бæрнондæр нысан у цардау цардæй цæрын, бонæддæдæр нæ кæнын, фæлæ.*

* * *

*Куыдзæн стæг аппарын лæджы рæдау зæрдæйыл дзурæг нæу. Фæлæ кæд дæхæдæг дæр уыцы куыдзау стонгæй мæлыс æмæ стæг дыууæ дихы фæкодтай, уæд дын уый æцæг тæригъæдгæнæг.*

* * *

*Кæддæриддæр нæм мæстджынæй йе 'ххуысы къух æрбадары нозт нæ лæмæгъы сахат æмæ нæ фæсмойнаг фæкæны.*

**Эрнест Миллер Хемингуэй** (1899 – 1961). Æмæ кæд Лондон сси æвзонг фæлтæры нымаддæр фыссæг, уæд Эрнест та хъомыл фæсивæдæн сси сæ уарзон автор. Йæ уацмысты дыууæ томы куы фæзындысты Советон Цæдисы XX æнусы 50-æм азты тæккæ кæрон, уæд уый уыд культурон-аивадон цау, къухы та зынтæй уыдысты бафтæн…

Йæ хъуыстгонддæр уацмыс – уацау «Зæронд лæг æмæ денджыз»-ы фæстæ фæзынд Хемы афоризм: «Адæймаджы ис амарæн, фæлæ йыл фæуæлахиз уай, уый гæнæн та нæй!»

Парахатæй, дæрдтыл, бындуронæй дзуринæгтæ, æппæлинæгтæ, фæзминæгтæ дзæвгар ис фыссæджы сфæлдыстады, фæлæ йын мæнæ



**Эрнест Хемингуэй**

афтæ цыбырæй зæгъæм йæ Аив Дзырды мидисы тыххæй… Лæгау лæгæй цæрын, дам, æнцон никуы уыд, фæлæ уæд райгуырынц лæджы кад æмæ цыт, уæд скæны йæхицæн ном æмæ цæсгом, æмæ, цыфæнды хъизæмайраг уавæрты дæр цæрын хæс кæй у, хæс адæм æмæ Хуыцауы раз, дæ намыс æмæ фидæны раз, уый йæ зæрдыл куы фæдары. О, амæндтæ – армы дзаг, мæстытæ æмæ утæхсæнтæ та – арвы дзаг, фæлæ лæджы ном кадимæ хæссыны аккаг уæд уыдзынæ æрмæстдæр, æмæ уыдæттыл – цинæй зæгъай, хъыгтæй – уæлахиздзау куы уай дæ мæлæты фæрцы дæр, о!

Æмæ ахæм царды уавæр ныв кæнын та у литературæйы бæрнондæр æмæ бæрзонддæр нысаниуæг. Гъемæ йæ кæд искæцы фысджытæ æнтыстджынæй æххæст кодтой, уæд сæ фыццæгтимæ – Эрнест Хемингуэй дæр!

Цы тынг кæсинаг у цардбаргæйæ, æмæ йæ цас æхсызгонæй ис кæсæн та!

Мæнæ дзы куыд зæгъы йæ чиныджы «Портрет Хемингуэя» америкаг журналист Лилиан Росс: «…фаг лæгдзинад æм разынд, цæмæй макæй хуызæн уа, уый охыл.

Йæ цин, йæ амонд та уыд уарзын, уарзын йæхи цотæй фалæ нæ æртæ континенты, цалдæр хæдтæхæджы æмæ науы, океантæ, йæ хоты, йæ устыты, цард æмæ мæлæт, хурыскаст, æмбисбон, изæр æмæ æхсæв, намыс, йæ сынтæг, бокс, ленк кæнын, бейсбол, цуан, кæсаг ахсын, стæй кæсын æмæ фыссын».

Бæстæ змæст кæм у – «судзгæ-араугæ стъæлф», хæст кæм нæры, уым уый газеты уацхæссæгæй, хæстон лæгæй уæззау цæф фæцис итайлаг-австриаг фронты. Стæй та – Хæстæг Хурыскæсæн, æмæ стæй – йæ уарзон Париж: ам ис йæ литературон хъысмæты ратæдзæн – афтæ амоны йæхæдæг йæ чиныджы «Æдзух демæ цы бæрæгбон ис, уый». Бирæ хабæрттæ, цаутæ базонæн ис ацы зæрдæмæхъаргæ уацмысæй, суанг ма «дзæгъæл сæфт фæлтæры» тыххæй дæр.

Хемингуэй – дыууæ Дунеон хæсты архайæг, бæстæтыл зилæг, континенттыл, адæмы характертæ иртасæг. Æмæ стыр фыдæбонгæнæг: иу иннæйы фæдыл ын чиныгкæсæджы æхсызгонæн джиппы уагъд цæуынц йæ романтæ: «Æмæ скæсы хур» (1926), «Хæрзбон у, хæцæнгарз!» (1928), Испанийы богъаты хæсты тыххæй (тореротæ – йæ уарзон геройтæ) «Фæссихоры мæлæт» (1932), цуаноны чиныг «Африкæйы кæрдæгцъæх къуыбыртæ» (1935), сфæлдыстадон тухитæ-къуыхцыты тыххæй радзырдты æмбырдгонд «Уæлахиздзаумæ ницы 'рхауы мур дæр» (1933), фæд-фæдыл æртæ егъау радзырды «Богъы сыкъа», «Фрэнсис Макомберы цыбырдым амонд», «Килиманджаройы миты хъæпæнтæ».

Испанийы – граждайнаг хæст. Æмæ та Эрнест, ай-гъай, уым. Æмæ фыссы репортажтæ, очерктæ, аивадон уацмыстæ, суанг ма роман дæр – «Кæй тыххæй цæгъды дзæнгæрæг», æмæ, дам, йæ астæуккаг архайæг булкъон Ксанти у, нæхи Мамсыраты Хаджи… Эпиграфæн ын æрхаста XVII æнусы англисаг поэт Джон Донны арфхъуыдыджын ныхæстæ – стæ-ма, ратæлмац сæ кæнон исты амалæй: «Нæй ахæм адæймаг, æмæ цы у, уымæй Сакъадах уа: алы адæймаг дæр у Материчы иу хай… алы адæймаджы мæлæтимæ дæр мæнæй цыдæр фæхъæуы, уымæн æмæ æз иугонд дæн æппæт Адæмыхаттимæ, гъемæ уæдæ макæд фæрс, кæй тыххæй цæгъды Дзæнгæрæг, уымæй: уый Дæу тыххæй цæгъды, Дæу».

Ныр та – Дыккаг дунеон хæст. Æмæ та фыссæг – уацхæссæг, ноджы хæстыты архайæг дæр. Йæ катер «Пилар» цуан кæны немыцаг дæлдон цæуæг бæлæгътыл Карибы денджызы, ома, кæмыты сты, уый сбæлвырд кæны. Æмæ уæд сфæлдыста æнæбасæттон лæджы тыххæй уацау-æмбисонд «Зæронд лæг æмæ денджыз» æмæ хæсты темæйыл бæрнон æмæ бæстонæй дзурæг роман «Цæугæдоны фале, бæлæсты бын аууоны».

Эрнест Хемингуэй хорзæхджынгонд у дыууæ кадджын премийæ – америкаг Пулитцеры æмæ æппæтдунеон Нобелы номхæссæгæй – 1953 æмæ 1954 азты.

Уæззау низы ахасты бахаугæйæ, ацы стыр фыссæг дæр та йæ къух йæхимæ систа… Æцæг йæ ном æрттивагæй баззад. Йе 'нæнымæц хорздзинæдтæй уæлдай ма ахæм карз тæрхон рахаста: «Фашизм у гæдывад, цæхджын сайд, дзургæ та йæ кæнынц бандиттæ».

Уæдæ йæ фæстæ зондджын ныхæстæ-фæдзæхстытæ дæр фаг ныууагъта:

*Зæрырдæм лæг зонджындæр нæ кæны – сæрхызтдæр свæййы æрмæст.*

* * *

*Дыууæ азы фаг сты, цæмæй адæймаг дзурын базона, фæлæ йæ фæндзай азы та уымæн бахъæуы, цæмæй йæ дзыхыл хæцын сарæхса.*

* * *

*Æппæт цæрæгойты ‘хсæн иунæг адæймаг зоны худын, кæд ын уымæн фаг æфсон нæ вæййы, уæддæр.*

* * *

*Кæд фыссæг иугæр исты зæгъинаг у, уæд æй радзурыны бæсты фæлтау ныффыссæд.*

* * *

*Цы у цæлхдур фыссæгæн? Нозт, сылгоймæгтæ, æхца æмæ кадылмарды æнкъарæн. Стæй ма ноджы иннæрдыгæй уый дæр, æмæ йын куынæ уой нозт, сылгоймæгтæ, æхца æмæ кадылмарды æнкъарæн.*

* * *

*Хорз прозæ айсбергау у: йæ авд æстæм хайы доны бын сты...*

* * *

*Бонджынтæ мах халæмдих не сты – уыдонмæ æхца фылдæр ис.*

* * *

*Тыхст æмæ дын уырыдæй балцы фæцæуын æвдадзы хос нæ басгуыхдзæн: лæгæн йæхицæй фæлидзæн нæй.*

* * *

*Цыдæр фæзындтæ хæстæй æбуалгъдæр сты: тæппуддзинад – æвзæрдæр, гадзрахатæй цæуын – æвзæрдæр, эгоизм– æвзæрдæр.*

* * *

*Лæгæн, йæ хæлæрттæ чи сты, уымæ гæсгæ аргъ ма кæнут: Иудæйæн æнæфау хæлæрттæ уыдис.*

* * *

*Йæ уарзон кæмæн амæлы, уымæй а дунейыл хъæды халон дæр иунæгдæр нæу.*

* * *

*Фыссæг, кæд æцæг фыссæг у, уæд уый бар-æнæбары дæр хъомылгæнæг вæййы йæ чиныгкæсджытæй бирæтæн.*

* * *

*А дунейыл зындæр хъуыддаг нæй адæймаджы тыххæй хуымæтæг, æууæнчы аккаг прозæ фыссынæй.*

* * *

*Ацы рухс дунейыл æппæтæй табуйагдæр – амонд, æмæ, амонджын уæвынмæ чи арæхсы, уый, йæ зæрдæрыст куыд арф вæййы, афтæ арф бавзардзæн.*

* * *

*Прозæ у архитектурæ, дæ алыварс дидитæ-бибитæ кæнын нæу, фæлæ.*

…Къорд зындгонд фыссæджы ма ис Америкæйы, фæлæ, нæ хъарутыл ауæрдгæйæ æмæ сæ нымайгæйæ, уыдоны тыххæй цыбырæй зæгъын нын æрмæстдæр афæлгæсты бантысдзæн, йæ фадæттæ кæмæн амоной, уымæн та уый аккаг сты, æмæ сæ цæмæй кæса… Æмæ уæрæхдæр кæна йæ дунембарынад.



**Теодор Драйзер**

**Теодор Драйзер** (1871 – 1945) – советон цардарæзты заман æй тынг арæх кастæуыд – иуæй, дæсны фыст дæр уыдысты йæ уацмыстæ «Хо Керри», «Финансист», «Титан», «Стоик» – романтæ цыппарæй дæр; æппæтæй зындгондæр «Америкаг трагеди» – о, æцæгæйдæр дæсны фыст æмæ цымыдисаг, арфхъуыдыджын.

Америкæйы уæдыккон цард Драйзер æвдисы алывæрсыгæй: хуыздæр фидæнæй ныфсæвæрд, æвзонг нацийы разæнгардгæнæг; фыдæнхъæл фæуын

XIX æнусы кæрон, бынтон та Стыр депрессийы азты – уый XX æнусы 20-æм æмæ 30-æм азты; иуырдыгæй, стыр исбонтæ, финансон рæзт, наукæ æмæ аивады ахадгæ сгуыхтытæ, уæлахизтæ; иннæрдыгæй, монон гæвзыкдзинад, саст хъысмæттæ, æлхæд æмæ цæхджын сайд курдиæттæ…

Йе сфæлдыстад цы у, уымæй Америкæйы хъулон-мулон цард дзырдаивады реалистон мадзæлттæй æвдыст. Бæстæ дзы йæ быны скодта «Æхцайы диктатурæ».



Роберт Фрост

**Роберт Фрост** (1874 – 1963) – америкаг лæг кæсын зонæд, æндæр Фросты æмдзæвгæты иувæрсты нæ ацæудзн, йæхи сыл нæ атигъ кæндзæн. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман куыд зындгонд уыдысты адæмы ‘хсæн дæр æмæ хæцæг æфсады дæр А.Твардовскийы, К. Симоновы, А.Сурковы хицæн æмдзæвгæтæ, афтæ кадджыныл нымад уыд Дыккаг дунеон хæсты азты америкаг æфсæддонты астæу Фросты æмдзæвгæ дæр «Come in» («Бацу» кæнæ «Сидт»).

Стæй, Роберт цы æмæ куыд хъуыды кæны, уымæ сæ хъус дардтой æрмæст фысджытæ æмæ хуымæтæг чиныгкæсджытæ нæ, фæлæ ма суанг политиктæ дæр, уæрæх гомæй йын дардтой Урс хæдзары дуæрттæ дæр, президент Джон Кеннеди йын йæхæдæг йæ риуыл бафидар кодта Конгрессы майдан.

Поэты уырныдта: адæймаджы арф æнкъарæнтæ æмæ хъуыдытæ æргом кæнын цыфæныды хъомысджын дзырдæн дæр загъд нæу, æмæ уымæ гæсгæ æгæрон уарзтæй уарзта æрдзы уынд, йемæ æдзæм ныхасгæнгæйæ, æцæг удæнцой бавзары рæстзонд адæймаг…

Тынг цымыдисаг уыд йæхи цард дæр – æнæзивæгæй йæм æмбæлы æргом аздахын, фæсивæды æууæнкджын Интернет та йын куыд хъуамæ ма зона йе сфæлдыстад… О, стæй-ма иннæ фысджыты цардвæндаг дæр бæстондæрæй...

**Юджин О ‘Нил** (1888 – 1953) – йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн уыдис, æмæ О ‘Нил суыдзæн америкаг трагедийы бындурæвæрæг. Уыдис



Юджин О ‘Нил

афтæ, уыдис: хæстытæ, алы кризистæ, бунтытæ-революцитæй фæллад европæйаг адæмтæй бирæтæ хуыздæр цардæнхъæл анхъæвзтой Америкæмæ, æмæ дзы-иу кæйдæрты хъуыддæгтæ дæр фæнывыл сты. Æмæ, дам, уæдæ ды, Юджин, цавæр трагедийы кой кæныс?.. Гъемæ ахæм критикæйæн дзуапп радта: «Мидæгмæуынæг цæстытæй мах нæ материалон исбонмæ куы ‘ркæсæм, уæд æй æгæр хорз дæр ма фендзыстæм, æнусон хæрзты раз уыцы уавæр куыд æнахъинон у , уый æгæрон, сæдæ процентæ америкаг трагеди кæй ис схонæн!

…Мах нæхæдæг стæм, ныронг фыст æмæ ма фыст цæй тыххæй не‘рцыд, ахæм трагеди – бæллæх».

1914 азы дын иу театралон критик афтæ куы бакæнид: «Нæ бæстæйы аивады рæстæн цæттæгонд сты алы фæрæзтæ дæр, æрмæст нын драматургтæ нæ фаг кæны». Æмæ дын уый О ‘Нилæн авæрай: райста йæхимæ уыцы бæрнон хæс… Æмæ бавдæлд песæтæ фыссынмæ: «Фæндаджы арæзт хурыскæсæнмæ, Кадиффмæ», «Хæмпæлхъуын маймули», «Сывылдзы бын æнхъизгæ æнкъарæнтæ», трилоги «Саудард – Электрæйы хай»…

Тынг хицæн кæнынц йæ драмæтæ уымæй размæты фыстытæй – сты дæргъвæтиндæр, хъуамæ дзы архайой дзæвгар актертæ, домынц хъæздыг фæлгонц-декорацитæ, костюмтæ, суанг ма хор дæр… Æмæ Марко Полойы тыххæй фыст пьесæ «Марко-милуанджын»-æн цалдæр азы фæцагуырдтой режиссертæ, уыдис дзы аст акты.

1941 азы ныффыста – мæ зæрдæйы тугтæй, дам, – йæ фæстаг шедевр «Даргъ бон аныгуылы æхсæвы тары». Ницы дзы басусæг кодта йæхи бинонты трагедийæ…

«О ‘Нил ныййардта америкаг театр æмæ уый сæрвæлтау амард», – загъта уæдмæ номдзыд суæвæг драматург Теннесси Уильямс.

Бирæ ‘взæгтæм тæлмацгонд сты йæ уацмыстæ, бирæ театртæ йын сæ æвæрынц сæ сценæтыл – лæджы цард кæронджын, йæ аивад та æцæг аивад куы уа, уæд – æнусты цæрæццаг.

**Фрэнсис Скотт Ки Фицджеральд** (1896 – 1940) – цардхал доллæры


**Фрэнсис Скотт Фицджеральд**

культы æлгъитæг æмæ йын йæ азарыл гæрзармæй фыссæг, уымæ гæсгæ та фæсивæды хъысмæт уыд йæ рæбинаг-дæр сагъæс – уыцы тыхстаг хъуыддаг йе сфæлдыстады нысан уый америкаг фысджытæй фыццæгтимæ скодта. Уæд фæсивæды тырысайыл фыст æрцыд, зæгъгæ, хуыцæуттæ æмхуызонæй дæр амардысты, хæстытæ-тохтæ иуууылдæр ивгъуыды бæрны баззадысты, адæй-магыл та æууæнк нæй, кæд истæмæй тæрсын æмбæлы, уæд мæгуырдзина-дæй, кæд сæрныллæгæй табу кæнын истæмæн хъæуы, уæд æнтыстæн.

Фрэнсис ахæм æнтыст бавзæрста, йæ фыццаг роман мыхуыры куы рацыд – «Дзæнæты ацырдыгæй фарс», – уæд. Æмæ афæндараст Францмæ, америкаг фысджытæ кæм бакъорд сты, уырдæм æмæ дзы бахæлар Хемингуэйимæ. Афæдзы фæстæ фæзынд йæ сæйрагдæр фæл-лой – роман «Стыр Гэтсби». Ис ын йæ фыссынмæ, æрдæгыл æй нæ ныууадзынмæ йæ разæнгардгæнæг сюжет, киноныв дæр ыл систæуыд.

Йæх, йæх, кады фæлварæн сæ уæззæуттæй у, зын уромæн, зын хæссæн у. Æмæ Фицджеральд дæр фæцудыдта, аздæхт уæлæнгай, хъæлдзæг, æдыхст цардмæ, цæлхдымбылæй абадынтæм фынгон æмбæлттимæ, æмæ йын кæд ахъаззаг радзырдтæ – «Фыццæгæм май», «Æрыгон хъæздыг», «Ногæй та Вавилон» æмæ æндæртæ ныффыссын бантыст, уæддæр фылдæр æргомзылд фæцис коммерцион уацмыстæ ам тъæпп-уым къуыпп кæнынмæ. Критиктæ йыл сæ къух ауыгътой, йæ курдиат сихсыд, зæгъгæ.

Ноджы ма йæ йæ ус дæр ахæм æнæмæт, æбæрнон царды 'рдæм здæхта, науæд, дам, фысгæйæ суанг мæн дæр ферох кæныс.

Фæлæ та мæнæ ног роман – «Æхсæв талас у». Хъæздыгдзинадмæ тырнын куыд удхор у, адæймаджы мидæг рын тауæг, уый та дын но-гæй-ногмæ – йæ ныхасы сæр…

Цард фыссæгæн йæхимæ дæр йæ чъылдым раздæхта, смæгуыр, йе 'нæниздзинад цæхгæр февзæрдæр. Голливудæн сценаритæ фыссын фæлвары, æрмæст дзы ницы ахæм зæрдæрухс уыны. Уæддæр та ба-

вдæлд ног роман фыссынмæ Голливуды тыххæй – «Фæстаг магнат». Кæронмæ йæ ахæццæ кæнын нал бантыст, фæлæ дзы цы сæргæндтæ баззад, уыдон дæр æвдисæн сты уымæн, æмæ йæ курдиаты суадон цыфæндыйæ дæр кæй нæ бахуыскъ.

Уымæн, æмæ кæд цыдæр замана заманты чиныг ахсджиагæй нал фæхъæуы, уæддæр кæддæриддæр хъæуы Хуыцауы, æмæ та Уый искæй æвæджиауы курдиатæй хъулон хайджын фæкæны: фæуырны йæ йе ‘мтуг Аив Дзырды рухс сомбон…


**Маргарет Митчелл**

**Маргарет Митчелл** (1900 – 1949). Æрмæстдæр иугай уацмыстæ æмæ чингуыты автортæй чи сномдзыд, уыдонимæ ацы сылгоймаг дæр, роман «Дымгæйы хаст». Кæд америкаг литературæйы чингуытæй искæцы дунейы мидæг æппæтæй уæрæхдæр зындгонд у, уæд сæ разæй – ай. Нoджы ма йæ цас гуылмыз фæзмынджытæ ис, уый та! Æмæ йын йæ кад нæргæ цы кинонылв скодта Вивьен Лийы фæрцы, уый та, уый!

Чи йæ нæ бакæса, уый – мæгуыр…

**Уильям Фолкнер** (1897 – 1962). Кæд ма Джеймс Джойсы роман «Улисс»-ы фæстæ искæй уацмыстæ зын кæсæн сты – æмæ дын куы бантыса сæ бакæсын, уæд та дæхи уæлахиздзауæй æнкъарыс, – уæд Фолкнеры чингуытæ «Авессалом, Авессалом», «Сарторис», «Шум и ярость» (иронау, цымæ, бæззы мæ тæлмац? – «Уынæр æмæ фыцгæ маст»?!), киноныв кæмæ гæсгæ систой, уый – «Мæрдкъах» æмæ иннæтæ дæр.

Ацы фыссæгæн дæр ис йæхи хъæлæс, йæхи нывкæнынад, стæй йæ персонажтæ иу чиныгæй иннæмæ кæм цæрынц, ахæм зылд, ахæм бынат – йæхи æрхъуыдыгонд: Йокнапатофæ. Æд цæугæдæттæ, чысыл горæттæ, хъæдтæ, зæххытæ… Йæхи картæ дæр ма йын æрымысыд æмæ йæ сныв кодта.

Фолкнеры фæстæ фæзынд уацмыс фыссыны ахæм мадзал – «поток сознания». Æмæ иттæг хорз арæхст уымæ: цард куыд æмæ цы хуызы,



Уильям Фолкнер

цæимæтимæ тындзы, цы æууæлты, уыдон дзырды руаджы æвдисын цæстыл уайгæ нывтимæ. Æмæ уый тыххæй йæхæдæг бæлвырддæрæй загъта: «Алы фыссæджы хæс дæр, æвæццæгæн, уый у, цæмæй йæ аивады фæрцы æрурома уыцы гуылфæн, йæ ном цард кæмæн хонæм, æмæ йæ афтæ урæдæй дарын, цæмæй йыл сæдæгай азты фæстæ нæ байзæддаджы цæст куы 'рхæца, уæд та ногæй банкъуыса, уымæн æмæ йæ ном цард хуыйны».

Цыбырæй йын уæд та ма йæ иу романы фабулæ райхалæм. Ис библейон истори паддзах Давиды фырт Авессаломы тыххæй. Уый йе 'фсымæр Амоны уымæн амардта, æмæ уый сæ хо Фамарæн тыхми бакодта. Стæй та йæ фыды ныхмæ дæр хæст самадта, фæмард дзы, æмæ йыл Давид æрдиаг кæны…

Цард æнхъизы, ивынц йæ уавæртæ, æрмæст, адæймаг куыдæй цъысымгонд цæуы, уыдæттæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ уыцы æмхуызонæй баззайынц, ноджы ма, дам, нæ бон нæ вæййы ивгъуыды цаутæ рæстмæ бамбарын – ахæм у йæ тыхстагдæр мæт стыр фыссæгæн. Стæй сразы, Шекспиры трагедийы цы хъуыды ис, – «Макбеты» – уыимæ дæр: «Цард у уацау, дзургæ та йæ иу идиот ракодта, йæ тæккæ дзаг рауайы уынæр æмæ фыцгæ мастæй, афтæмæй та йæхæдæг мур дæр ницы ахады». Афтæ нæ бæллиццаг цардæй загъдæуы – ам зæрдыл бар-æнæбары æрбафтынц æрыгонæй базæрондуæвæг, æнæрай цардæй бастайæг Лермонтовы рæнхъытæ: «И жизнь, как посмотришь с холодным вниманьем вокруг, – такая пустая и глупая шутка».

Уыцы хуызы дæр ис зæгъæн, æмæ фыссæг цырагъдар нæу – цырагъ у йæхæдæг, цыренгондæй судзгæ цырагъ. Æмæ фылдæр рæстæг куы рухс фæкæны, куы та йæ рухс фæздæджы ауон фæвæййы, кæнæ йæ авг смила вæййы. Æрмæст уæддæр фыссæджы чиныг Библи кæнæ Хъуыран нæу, ницæмæй дæ тæрсын кæны, зæгъæм, зындонæй; ницæмæй дын зæрдæ æвæры, зæгъæм, дзæнæтæй; уæдæ, цæрынтæ куыд байдайын хъæуы æмæ дарддæр дæхи куыд дарын æмбæлы, уыдæттыл ахуыр кæнын дæр йæхицæн хæсыл нæ нымайы

– ома аивад сыдывд ныхæстæй дзаг дидактикæ нæу. У æнкъарæнты æвæрæн – алчи дæр дзы искæцы хорз йæхицæн миниуæгæн райсы æмæ йæ йæхион бакæны, йæ арæнты нал бауадзы йæхи ахизын, йе ‘фсармæй йын ахæм мидцæлхдур рауайы. Дурмæ дæр цы лæгъз дзырд хъары, уыйау лæджы зонд, зæрдæ, туг æмæ удмæ дæр хъары æмæ дзы мыггагмæ сбынатон вæййы Аивадон Дзырд, йæ фарн æнæсихсийгæ, æвидигæ рауайы, арфæйаг, йæ ралæваргæнæг та – Хуыцауы буцгæнæг…

Цыфæндыйæ дæр амондджын у Хуыцау: Йæхи сфæлдыст Дзырды ахасты бахауæг, Йæ уацайраг!



**Джон Стейнбек**

**Джон Стейнбек** (1902 – 1968) – цалдæр американ фыссæгау уый дæр – литературæйы Нобелы премийы лауреат.

Цардуарзæг, цæхæркалгæ, мидфидар ныфсы хицау, алцæмæй, дам, æххæст – гъе ахæм сурæт сæвзæрд æхсæнады ацы фыссæджы тыххæй. Йæхи та уырныдтой хуымætæг лæджы гæнæнтæ: йæ хъару, зын уавæртæн дæр быхсон, æнæбасæттон, цардмæ тырнæг. Йæ уарзон архайджытæ – сæрибар, æнæдомд цæргæстæ, стæй, зараг цъиу, дам, ахстон нæ кæны, зæгъгæ, уыйау сæ хæдзар – мыды къус, нoджы ма сæм æхсæндзарды фæтк æмæ æгъдау дæр бæрзонд æвæрд не сты.

Фæлæ цард иудадзыг бæрæгбон нæу, зараг лæппуйы дæр хæдзар скæныны сагъæс бадомы. Æмæ уæд ахæм адæймаг бынтон цæттæ нæ разыны уыцы фæлварæнтæм…

Æнтыстджын разынд Стейнбекæн йæ аивадон дзырд, ссардта йæхи, æнувыд ыл чи уыд, уыцы кæсæджы… стæй киноисджыты. Йæ ном ын дунейы мидæг зонгæ скодтой йæ фыццаг дыууæ чиныджы – «Мыстытæ æмæ адæмы тыххæй» æмæ «Фыцгæ масты цупæлттæ». Ацы фыссæгау ничи фæцарæхст йæ дуджы алывæрсыг цард равдисынмæ; йæ хæрдтæ æмæ уырдыджытæ – ныфсхаст тырнæнтæ æмæ базырсæстытæ, мæнæ «саст арынджы» уавæр цы схуындæуыд Уæрæсейы та, уый æууæлтæ Америкæйы царды ирдæй, уырнинагæй сныв кæнын.

Сæйраджыдæр та, хъæздыгдзинадмæ алы æмбондты сæрты бырсгæйæ, лæг йæ хорз уд куыд байсафы, уый æвдисын.

Литературæйы хæзнадонмæ бахаудысты йæ уацмыстæ – «Фыцгæ масты цупæлттæ» æмæ æппынфæстагмæйы фыст роман «Нæ фæдисон уавæры зымæг».

Джон Стейнбек у XX æнусы Америкæйы 30-æм азты – æрттиваг æмæ трагедион, æцæгдæр фæдисон азты – символ-фыссæг.

Мæнæ дзы куыд фыста йæ зианы хæдфæстæ газет «Нью-Йорк таймс»: «Стейнбекы Нобелы преми нæ хъуыд – Нобелы премитæ дæттæг комитеты хъуыд уый йæхæдæг. Нæ литературæйы Джон ахсы бæрæг бынат, фидарæй йæ ахсы. Йæ тæваг баззад къорд фысджыты сфæлдыстады, уыдон ууыл сахуыр сты, зыбыты рох адæймаджы размæ ракæнын куыдæй хъæуы, уыцы дæсныйадыл».

Йæхи, фыссæджы хæс, Стейнбек ахæмæй уыдта: «Æз уый охыл нæ фыссын, цæмæй чиныгкæсæджы зæрдæмæ фæцæуон, цæмæй мæ уый разыйæ æмæ бузныйæ баззайа, фæлæ ууыл фæцархайын, цæмæй йæ бауигъон, йæ зонд ын фæцагайон, базмæнтон ын йæ уд. Æнæ кæркæ-тæ-мæркæтæ цард куыддæриддæр кæны, афтæ».

Зоныны охыл: ис ма Америкæйы ноджыдæр нымад, бакæсинаг фысджытæ дæр (хатыр, æндæр бæстæты ахæм авторты йæ цæфыл нæ ранымадтон – дæлдæр сæ кой æнæмæнгæй скæндзыстæм) – зæгъæм, **Томас Вулф** (1900 – 1938), схуындæуыд æй «гениалон дилетант».



**Торнтон Уайлдер**

**Торнтон Уайлдер** (1897 – 1975), фыссæг-интеллектуал, ахуыргонд, фылдæр фыста æмбисонды радзырд-гæндтæ (притчæтæ), йæ нымаинагдæр уацмыс – уацау «Къарол Сыгъдæг Людовикы хид»; экспрессионистон, дам, у йæ пьесæ «Æрду ма хъуыд бынсæфтмæ»; арæхдæр ын театртæ æв-дисынц йæ драмæ «Нæ чысыл горæт».

Уайлдеры комеди «Ус-минæвар»-мæ гæсгæ Джерри Герман ныффыста мюзикл «Хэлло, Долли!» – æртæ мин хаттæй фылдæр æй æвæрдтой Бродве-йы сценæйыл, кинонывыл систой.

Афтæ нымадта Торнтон: сфæлдыстады иунæг нысан у нæ алыварс дуне уарзын, уымæн æмæ ахæм уарзт у нæ ирвæзынгæнæг дæр. Стæй, дам, царды цытæ цæуы, уыдон дæр æмæ адæмы дæр рæстмæ æмбар. Æнæ афтæ кæнгæйæ дæ нæдæр фыссæг рауайдзæн, нæдæр дын цард царды ад ратдзæн…



Теннеси Уильямс

**Теннеси Уильямс** (1911 – 1983) – æцæгæй та хуыйны **Томас Ланир**. У дæрдтыл хъуыстгонд драматург – дзырдæн, йæ пьесæтæ «Авгæй сырддон» æмæ «Трамвай «Тæхуды» сценæйыл æвæрдтой иу-дыууиссæдз бæстæйы, «Гæды зынгтæвд хæдзарысæр» та – иу-дæс æмæ ссæдз.

Арæхстджын къух æмæ ‘нкъараг зæрдæйæ сфæлдыст рауад йæ пьесæ «Орфей ныххызт зындонмæ» дæр. Драматургæн йæхи бæллиц уыд нæ рыст, уырыд æмæ æнæсæрбос дуне уарзондзинад æмæ аивады фæрцы фервæзын кæнын…

**Курт Воннегут** (1922 – 2007). Алы фыссæгыл дæр йæхи дамгъæ, йæхи гакк æмæ æрмдзæф бæргæ ‘мбæлы. Куртыл бафидар цыргъзонд æмæ иттæг цымыдисаг уацмыстæ фæлдисæджы ном. Æмæ куыннæ: ахæм рауад йæ царды фæндаг дæр – æрыгонæй ацыд хæстмæ, немыцмæ уацары бахауд, хæсты фæстæ – пъæлицæйаг репортæр, стæй та – иу стыр корпорацийы рекламæйы хайады æмкусæг. Æмæ уыдта æппæт дæр, царды аууæттæ æмæ рухсдзæф æрдузтæ, ноджы ма йæ кæд æмæ уырныдта, зæгъгæ, адæмты ‘хсæн æфсымæрадæн бæгуыдæр уæвæн ис.



Курт Воннегут

Æрымысыд фантастикон планетæ Тральфамадор – ам цæуы йæ иуæй-иу романты архайд, æмæ сæ дзырдæуы, хæст куыд æбуалгъ у æмæ адæймаджы

ӕрдзон скондӕн куыд ӕцӕгӕлон у; куыд чъизи ӕмӕ цъаммар вӕййы политикӕ, наукон-техникон прогрессы фӕстиуджытӕ ӕгӕр арӕх дӕр ма царды уавӕртыл фыдӕй куыд ӕрзилынц…

Йӕхи зонд ӕмӕ йын зӕрдӕ сфӕйлыдта, англисаг ӕмӕ америкаг хӕдтӕхджытӕ Дрезден куыд ӕгъатырӕй ныддӕрӕн кодтой, уый – цас бомбӕтӕ йыл ӕркалдтой, уыдоны иумӕйаг халӕн тых уыд бирӕ фыддӕр, Хиросимӕ ӕмӕ Нагасакийы бынты-быны сыгъдгӕнӕг атомон бомбӕтӕй. Ӕмӕ фыссы зӕрдӕхъӕрзгӕйӕ ӕмӕ ныммыхуыр кӕны роман «Фӕндзӕм бындзагъд, кӕнӕ сабиты Дзуарбалц».

Сабиты та, дам, уымӕн, ӕмӕ алы хӕстыты дӕр фӕцагъды вӕййынц ӕвзонг, ӕнхъӕлцау фӕсивӕд, нырма ӕцӕгӕйдӕр сабитӕ. Сӕ рӕзт та, сӕ фидӕн та – ӕлгъыстаджы сомбон та, цалынмӕ хӕстхъом салдӕттӕ суой, уӕдмӕ… Хӕсты сугтӕ.


**Джером Сэлинджер**

…Бирӕтӕ наукон фантастикӕ уарзтой ӕмӕ уарзынц, стӕй ма, ӕвӕццӕгӕн, кӕсдзысты америкаг нымад ӕмӕ агуырд фантастты, ахӕмты, куыд Рэй Брэдбери, Клиффорд Саймак, Айзек Азимов… Бынтон диссаг ацы Айзек у – кӕд ӕмӕ у 200 чиныгӕй фылдӕры сфӕлдисӕг!.. О, се ‘ппӕт ын йӕ мад дӕр нӕ бакастаид, ай-гъай…

Ныр та ма иучысил бӕлвырддӕр – стыр америкаг фыссӕджы тыххӕй – ӕмӕ уый та у **Джером Дейвид Сэлинджер** (1919 – 2010). Хорз, фӕуӕд афтӕ дӕр, ӕмӕ куырд куырдыл ахуыр кӕны, мӕсыгамайӕг – мӕсыджы дӕсныйыл, фыссӕг дӕр уӕдӕ цӕмӕйдӕрты бафӕзмы ӕндӕрты, фӕлӕ цыфӕнды куы фӕуа, уӕддӕр хъуамӕ уа хӕдхуыз, ма ивддзаг кӕна искӕимӕ. О, ис ахӕм хӕлӕггӕнджытӕ дӕр, ӕмӕ кӕйдӕр фыстытӕ комкоммӕ чи ралухы – уый та у плагиат, сӕ рамырхӕг – плагиатор. Ӕвӕццӕгӕн, уыдон цыдӕр ӕбӕрӕг низӕй фӕсӕйынц, тӕригъӕддаг сты, фӕлӕ ӕнӕбары дӕр иу фыссӕджы ӕрмдзӕф, кӕнӕ та йӕ хицӕн уацмыс, кӕйдӕроны халӕмдих, хӕрз ӕнгӕсӕн рауайы. Ӕрмӕст та Хуыцауы диссаг уый у, ӕмӕ цалдӕрӕй уыцы иу бӕлвырд цӕуылдӕр куы фыссой, уӕд ӕй алы

хуызты æвдисдзысты – кæмæн сæ цы миддуне ис, цы зондахаст, цы цæст, цы хъусдард, уымæй аразгæ у хъуыддаг. Æмæ цымыдисаг дæр уымæй свæййы фыссæг, æндæр чингуытæ мингæйттæй нымайгæ сты.

Гъемæ се 'хсæнæй 1951 азы бæрзæндты скаст Сэлинджер дæр, уыцы аз мыхуырæй йæ роман «Цъойы* астæу сæрсæфæны былгæрон» («The catcher in the rye») куы рацыд, уæд. Йæ сæйраг архайæг у æхсæрдæсаздзыд Холден Колфилд, уый æппындæр нæ бyхсы йæ алыварс дунейы былдауæн ныхæстæн, кæнгæ митæ-фальшæн, иу дзырдæй. Фæнды йæ искæимæты бахæлар уæвын, фæлæ йæ фæлтæрæнтæ нæ рæстмæ кæнынц – алцæмæ дæр æхсæнад куыдфæндыйы цæстæй кæсы, æхгæд, къуырмагонд зæрдæйæ… Адæм-иу нывыл адæмау нæ уыдысты.

Æмæ æвзонг лæппуйы сурæт цардæгас кæй рауад, цæстытылуайгæ, хорз зонгæйау, уыйадыл чиныг фæкадджын дунейы мидæг.

Джером Дейвид æнæхъæн эпикон цикл дæр ныффыста, хицæн радзырдтæ кæрæдзийыл бæтгæйæ – сагæ Глассты бинонтыл: «Æнцон ахсæн у тъепа бананкæ», «Френни æмæ Зуи», «Пълотниктæ, стъарапилтæ бæрзонддæр кæнут», «Сеймур – райдианы зонгæдзинад»… Йæ персонажтæ тынг стырзæрдæ сты, æнцонæфхæрæн, зæрдæсастгæнæн авгау – («гласс» у авг англисагау). Сæ цард цæуы мæлдзой уавæрты, конформизм у сæйрагдæр амалджынтæн, ацы бинонтæ та удхайраг сты, сæ бон аивын кæй ницы у, уымæй. Иунæг ирвæзæн мадзал – аивад, фæлæ уый дæр йæ быны бассæнды рекламæ, ноджы ма суанг курдиат дæр товары кадмæ æрхауы…

Сэлинджер у, адæймаджы уды улæфт, йæ алы фæзилæн дæр ын бафиппайын æмæ сныв кæнын кæмæн æнтысы, ахæм гæрзарм фыссæг. Йе сфæлдыстады нысан та скодта ахæм мидуавæр – дæхиуыл уыйас ма мæт кæн, ма тыхс, фæлæ дæ амонд æндæрты уарзыны уын. Уым кæд ногæй ницы ис, бирæтæ ма уыцы хуызы сидтысты сæ кæсджытæм, уæддæр ай хуызæн арæхстджын æмæ зæрдæбынæй нæ.

Фыссæг йæ ахсджиагдæр геройæн йæхи бæллицтæ-миниуджытæй æнæвгъау балæвар кæны – зæгъæм, Холден Колфилд мæнæ цæмæ бæллы: «Цы 'хцатæ мæм бамбырд уаид, уыдонæй чысылгомау къæс балхæнин æмæ уым мæ цард æрвитин». Джером Дейвид дæр æвзонджын бонты зæгъы: «Æз пианист куы уаин, уæд раст къæбицы мæхиуыл дуар сæхгæнин æмæ уым хъазин».

---

[*] Цъой кæнæ сылмæнæу – рожь, жито.

1965 азæй фæстæмæ Сэлинджер дуарæхгæдæй цард æмæ… æмæ стæй дзыхæхгæдæй. Ныхасы бар йе сфæлдыстадæн радта…

Афæлгæстмæ кæй бахастам, уыдонæн сæ цыргъзонд ныхасбæстытæй дæр æрымысæм:

**О ‘Генри**: *Сылгоймаг нæлгоймагæй арæхстджындæр вæййы æрмæстдæр иунæг хатт – водевильты сылгоймаджы роль хъазгæйæ.*

* * *

*Цырагъ ссудзут, хъæмæ раздæхын мæ талынджы нæ фæнды* (йæ фæстаг ныхæстæ).

**Джон Стейнбек**: *Цас карджындæр кæны адæймаг, афтæ царды иддзинæдты ныхмæ тынгдæр дзуры, уæлдайдæр – хорзæрдæм иддзинæдты.*

* * *

*Æппæтæй зындæр фервæзæн цы ‘взæр ахуыр у, уый у искæмæн зонд амоныны ахуыр.*

* * *

*Алчи дæр йæхи æрæмбардзæн, чысыл куы бахъæца, уæд.*

* * *

*Æппæтæй диссагдæр та уый у, æмæ кæддæр фидæны дугты мах дæр, нæ зонджын фыдæлтæ, зæгъгæ, хондзысты.*

* * *

*Хъуыддаджы цы нæ ацыд, уыдон се ‘ппæт æвзæр нæ уыдысты.*

**Джером Сэлинджер**: *Æз цыдæр галиузонд дæн: афтæ мæм фæкæсы, цыма иууылдæр дзырд бакæнынц, цæй-ма, ацы лæджы самонджын кæнæм, зæгъгæ.*

* * *

*Мæ хуыздæр лымæнтæй иуæй-иутæ сты сывæллæттау. Уæвгæ та, мæ хуыздæр лымæнтæ иууылдæр сты сывæллæттæ.*

**Фрэнсис Скотт Фицджеральд**: *Уарзонæй уæвын цы ‘нцон у, уарзын та цы зын у.*

* * *

*Уыцы чызджы хъæлæсы зæлланг кодтой æхцатæ.*

* * *

*Карджындæр кæнын фæллойаг хъуыддаг у, кæуылты æнцондæр у иу сабидугæй иннæмæ хизын.*

* * *

*Аккаг геройы мын равдисут, æмæ уæд æз трагеди ныффысдзынæн.*

* * *

*Фыссæджы биографи хорз уа, уый гæнæн нæй: æцæджы хъуыддагæй хорз фыссæг чи у, уый æгæр бирæ лæгтæй конд у – нæй сыл аххæссæн.*

**Уильям Фолкнер**: *Мæнæ ныр, мæнæ ныр мын æхца ратдзысты, зæгъгæ, лæг æнхъæлмæгæс куы уа, уæд бирæ цæрдзæн.*

* * *

*Швейцариæгтæ наци не сты, фæлæ сты хæрзæфснайд, цæсты ахадгæ бизнес.*

* * *

*Ай сæрибар бæстæ у: алкæмæн дæр сæ бар ис мæнмæ фыссынæн, мæнæн бар ис иуæн дæр сæ дзуапп нæ дæттынæн.*

**Айзек Азимов**: *Кæд дæ комдзаг хæрзад у, уæд дын, æвæццæгæн, нæ батайдзæн.*

* * *

*Сфæлдисæг нæ æмхуызонæй дæр уарзы, фæлæ нæ иуæй дæр сæрыстыр нæу.*

* * *

*Æз Хуыцауы ссарын фæлварын? Хуыцау мæнæй кæуылты зонджындæр у – уадз æмæ мæн ссарын Йæхæдæг бафæлвара.*

* * *

*Дохтыр мын куы зæгъа, фондз минуты ма дын баззад цæрыны дуг, зæгъгæ, уæд æз фыр адæргæй мæ сæрыхъуынтæм нæ фæлæбурдзынæн. Уæдæмæ машинкæйыл рæвдздæр мыхуыр кæнын райдайдзынæн.*

**Тортон Уайлдер**: *Чызджы уымæн ракурынц, цæмæй йæхи мадæл, къæбæргæнæг æмæ æфсинæй уæлдай ма хæдзаргæс дæр хона.*

***

*Цæрæгойтæ æппæтæй тынгдæр уымæй раппæлинаг сты, æмæ цыбырæй кæй дзурынц.*

***

*Къухæй фыст фыстæджытæ исын раст афтæ амоны, цыма дын ивгъуыд æнусæй зæрдиаг арфæтæ кæнынц бæрæгбоны фæдыл.*

***

*Литературæ у, зæрдæцъæх цы цардæй фæдæ, ууыл оркестрæй цæгъдын, ома алы фæндыртæ æмæ уадын гæрзтæй.*

**Теннеси Уильямс**: *Сылгоймæгтæ, састы бынаты чи баззад, уыдоны уарзынц, æцæг сыл сайдæй та уæлахиздзаутимæ рацæуынц.*

***

*Æхца дæм цас фылдæр ис, зонгæтæ дæр дын уыйбæрц фылдæр уыдзæн, фæлæ уе 'хсæн та иумæйагæй ницы ис æхцатæй дарддæр.*

***

*Нæ рæстæджы æцæг курдиатджын поэттæ иуулдæр службæ кæнынц рекламон агентадты.*

…XX æнусы дыккаг æмбисы америкаг литературæйы дунейы рухс федтой къорд хорз чиныджы – **Ричард Бахы** «Денджызы бæлон Джонатан Лингвистоны номхæссæг» (ацы чайкæ йæ цардæмбал бæлæтты къордæн фæдзæхсы: «Æрмæстдæр иунæг табуйаг закъон ис – сæрибар цæмæй суай, уымæн ахъазгæнæг»). **Роберт Хайнлайны** фантастикон роман «Æцæгæлон кæмæддæрæгонты бæстæйы» (ацы уацмыс хиппиты тыриса сси); **Кен Элтон Кизийы** уацау «Гакк-гуччы ахстоны сæрмæ» – йæ кой дардмæ айхъуыст, режиссер Милош Форма йыл кинонывкуы систа, уæлдайдæр уæд…

Битникты («дæрæнгонд фæлтæр) заман фæзынд курдиатджын поэттæ, сæ зындгонддæр **Аллен Гинсберг** – поэмæ «Æрдиаг», стæй чингуытæ «Америкæйы ныккалд» æмæ «Уды улæфт»-ы автор.

Æмæ махæн дæр ууыл фæуæд америкаг хъæздыг литературæйы улæфт æмæ ныхасыуагыл нæ цыбыр афæлгæст.

*Уыдзæн ма*

ДЗЫНЫХТЫ Анжелæ

# РÆСУГЪД ЗÆРДÆЙЫ ЦИН ÆМÆ ХЪЫНЦЪЫМТÆ

*Уац*

«Хæхтæ, дам, дзурын нæ зонынц. Уæдæ-ма сæм лæмбынæгдæр байхъус – дæтты дзыхæй сыбар-сыбур кæнын куыд райдайынц! Сдзур-ма сæм, кæддæра дын дзуапп нæ раттиккой... – хохы рындзыл лæугæйæ, йæ хъуыдыты ныгъуылд нарæгæлвæст саулагъз æрыгон лæппу. – Сæ сагъæс сын æз хорз æмбарын, фæлæ дуг йæхион кæны... Æрцæудзæн та уæ рæстæг. Ныр дæр уын сæрд æнкъард куынæ вæййы, уæ риутыл адæм къордгæйттæй цъититæм сæ фæндаг айгæрдынц...»

– Хæхтæ! Уæ райсом хорз! – ныхъхъæр кодта хъæлæсы дзаг.

– ...Райсом хорз!.. Хорз!.. Хорз!.. – кæрæдзийы фæдыл дзуапп лæвæрдтой кæмттæ.

Хъуыста сын сæ арфæмæ гыццыл Толик, æмæ йæ зæрдæ рад. Йæ цæстæнгас хаста фыдæлтыккон мæсгуытыл, райсомы хуры тынтæ кæдæм нæма бахæццæ сты, уыцы фæхстыл. Иу æмæ дыууæ хатты нæ федта рæсугъд æрдзы нывтæ. Хæхты хъæбысы куы райгуырд, сæ авдæны йæ куы уызтой...

Хорз ма хъуыды кодта Дзиуаты Анатоли, йæ уарзон хæхтæй фыццаг хатт быдырмæ куы 'рацыд, уый. Мысыд йæ сабибонты хæтæнтæ. Бæгъæввадæй фосы фæстæ цы къахвæндæгтыл уад, цæугæдоны зарæгмæ-иу кæцæй хъуыста, уыцы бынæттæ.

Райгуырæн зæххы уæларвон рæсугъддзинад æнустæм ныффидар Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист, Цæгат Ирыстоны адæмон артист, Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон премийы лауреат, Хъамбердиаты Мысосты номыл премийы лауреат Дзиуаты Анатолийы сфæлдыстады.

Зæгъæн ис, ахæм зондджын, курдиатджын, ныхыдзуарджын æмæ амондджын адæймæгтæ арæх нæ гуыры.  О, амондджын! Цæрæнбонты адæмы къухæмдзæгъдæй кæй зæрдæ рухс кодта, æрмæст æнтыстытæй æрттивгæ цардвæндаг кæмæн уыд, уый амондджын адæймагыл нымад у. Уыдонæн сæ райгуырд æмæ сæ цардвæндаг дæр вæййынц æрттивгæ, тæхгæ стъалы арвыл йæ фæстæ цы фæд



ныууадзы, ахæм. Адæмы ‘хсæн куы райгуырынц, уæд сæ амондджын гуырдтæ хонынц. Уымæн æмæ сæ райгуырд мыггагæн, стæй адæмæн дæр амонд æмæ рухсдзинад хæссы. Ахæм амондджын рауад Дзиуаты Анатоли.

«Мæ сабибонтæ уыдысты алыхуызон, – райдыдта дзурын йæ царды тыххæй Дзиуы-фырт нæ фыццаг фембæлды. – Фæлæ йæ иу хъуыдыйадæй зæгъон, Сталины рæстæг-иу куыд дзырдтой, афтæ: «Бузныг, æмбал Сталин, мæ амонджын сабибонты тыххæй!» Мæнмæ гæсгæ, мæ сабибонтæ уыдысты амондджын. Райгуырдтæн, ныр ацы хъæу нал ис, фæлæ Балтайы ныхмæ цы хъæу уыдис, Терк, зæгъгæ, уым.

Æртæ мæйы мыл куы цыд, уæд æппынæдзух рынчынтæ кодтон – хъихъгæнаг хуыфæг (коклюш) мыл бахæцыд. Мæ ныййарджытæ афтæ æнхъæлд-той, амæлдзынæн, æмæ мæ радтой мæ фыдыфсымæрæн æмæ йæ цардæмбалæн... Уæдæй фæстæмæ æрмæст уыдоны хуыдтон мæ мад æмæ мæ фыд. Аластой мæ Уæлвæзмæ, хæхты рæсугъд бынатмæ. Куыд дзырдтой, афтæмæй мæ куы ластой, уæд фæндагыл цалдæр хатты бавзæр дæн... Гыццыл кæй уыдтæн, уый тыххæй мæ къæртайы ахастой... – Толик фæурæдта йæ дзырд... Йæ хъуыдыты арфы аныгъуылд... – Афæдз мыл куы сæххæст, уæд нæм æрбафтыд иу æфсæддон дохтыр æмæ мæ сдзæбæх кодта, – Хуыцауæн табу! Алцы дæр рагацау æмбарын райдыдтон. Тынг мæ уарзтой мæ мад æмæ мæ фыд. Æхсæвыгæтты-иу ныхас кодтой суанг райсоммæ. Æмæ сæм æз дæр сусæгæй хъуыстон. Уыдон куыдтой, æмæ æз дæр куыдтон. Тарстысты, мæ зæрдæ сыл куы сивон, куы сæ ныууадзон, уымæй. Тынг мæ фæндыд зæгъын, кæй нæ

ацæудзынæн!.. Мæ зæрдыл лæууы абоны онг мæ фыды ныхас: «Куы ацæуа, уæд æй амардзынæн». Зыдтон æй, амарынæй мын тæссаг кæй нæу, цæмæн загъта афтæ, уый дæр æмбæрстон, уымæн æмæ мæ бирæ кæй уарзы... Абон уал фаг у... – фескъуыдта йæ ныхас Анатоли. – Ды уал дæ куыстмæ азгъор, æз та мæ лæппуйы гыццыл чызгмæ адзурон. Цымæ, цы кусы? Мæ удæй йæ фылдæр уарзын... Райсом æмбæлдзыстæм...»

Тагъд тæхы рæстæг, фæлæ абоны хуызæн мæ зæрдыл лæууынц нæ фембæлдтытæ Дзиуаты Анатолиимæ. Бирæ мысинæгтæ баззад мæ зæрдæйы. Зынаргъ мын уыд æрмæст йæ ном дæр.

Нæ фембæлдтыты бонтæ цыдысты кæрæдзийы фæдыл... Йæ сусæгдзинæдтæ, цымыдисаг хабæрттæ мын кодта: йæ скъолайы царды тыххæй, йæ фыццаг ахуыргæнæджы куыд бауарзта, быдырон цардæй цытæ бахъуыды кодта, цæмæ бæллыд æмæ йæ сабибонтæй цы æхцондзинад иста, уыдæттæ.

Уæлдай тынгдæр йæ зæрдæмæ цыдысты культурон мадзæлттæ, фембæлдтытæ.

«Дыууадæсаздзыдæй федтон фыццаг хатт кинонывы... Уæлвæзмæ йæ ласгæ æрбакодтой. Скъолайы раз урс хъуымац айтыгътой, æмæ, куыддæр æрталынг, афтæ нæ хъæу стырæй-чысылæй йæ разы рабадтысты. Æз дæр мæхи æруагътон цъæх нæууыл. Урс фæтæн хъуымацыл февзæрдысты фыстытæ, стæй та – нывтæ æмæ адæм... Цæй диссаг мæм фæкаст! Уый та куыд?! Кинонывы мидис æмбаргæ дæр нæ бакодтон. Мæ сæрæй нал хицæн кодта, æнхъæлмæ-иу кастæн, кæд та нæм æй æрбаласдзысты, уымæ. Бынтон диссаг та мæм театр фæкаст. Стыр æхсызгондзинады изæр мыл скодта. Удæгас адæймæгтæ дзы хъазыд, ныхас та кодтой мæнæ нæхи ирон æвзагыл, баба æмæ дзыццa сыхæгтимæ куыд фæныхас кæнынц, афтæ. «Афонмæ дæр ахæм диссаг ма фен!» – афтæ хъуыдыгæнгæ цыдтæн спектакль «Æхсар æмæ Дзерассæ»-йæ, – дзырдта Толик.

Уæдæй фæстæмæ иу премьерæ дæр нал ауагъта Дзиуаты лæппу. Театрмæ, киномæ арæхдæр цæуыны фадат ын фæци, горæты ахуыр кæнын куы райдыдта, уæд. Æрыгон лæппу æнкъардта аивады тых. Йе 'рдзон курдиат æй æнцад нæ уагъта. Æдзухдæр хъуыды кодта кинонывы кæнæ спектаклы мидисыл, артистты хъазтыл.

«Дæс къласы куы фæдæн, уæд, дарддæр кæдæм бацæуон, уый нæ

зыдтон. Артист суæвын мæ бæргæ фæндыд, фæлæ мæ хъуыдытæй мæхæдæг дæр тарстæн. Мæ фæндтæ никæмæн дзырдтон. Бацыдтæн кусынмæ Авджы заводмæ, фæстæдæр та – ОЗАТЭ-мæ. «Адæмы кæстæртæ институтты ахуыр кæнынц, – хъуыр-хъуыр кодта мæ фыд. – Мæнæ мæ хуызæн æнæмбаргæйæ ныззæронд уыдзынæ. Æмæ цæй цард у уый, фырт фыдæй хуыздæр куынæ кæна, уæд», – уæззау ныуулæфыд Толик. – Фæрæзтон ныййарджыты уайдзæфтæн...»

Цæмæй йæ зыдтой йæ мад æмæ йæ фыд, сæ лæппуйы зæрдæйы цы арт сыгъди, уый йæ æнцад кæй нæ уагъта, сценæмæ йæ кæй æлвæста. Уырыссаг театрмæ электрикæй кусынмæ дæр уымæн бацыд – кæд æввахсдæр базонгæ уаид артистты хъазтимæ æмæ йæ бон базонид.

1965 азы Анатолийæн чидæр фехъусын кодта, Ирон театр фæсивæдæй æвзары, Мæскуымæ артисты дæсныйадыл ахуыр кæнынмæ кæй арвита, ахæмты. Кæй зæгъын æй хъæуы, æрыгон лæппу фæрæвдз.

«Мæ къухтæ æмæ мæ къæхтæ мæ бар нал уыдысты. Фыр æфсæрмæй цы дзырдтон, цытæ кодтон, уыдон мæхæдæг дæр нал хъуыды



кæнын. Куыд уыди, цы уыди, фæлæ ахуыр кæнын райдыдтон Мæскуыйы Луначарскийы номыл театралон институты. Фондз азы фæстæ сыздæхтæн театрмæ».

Хуыдтой йæ Мæскуыйы алыхуызон театртæм кусынмæ, кинонывтæ исынмæ, фæлæ Дзиуаты лæппу æрыздæхт Ирыстонмæ. Хиуыл кусынæн ын фадæттæ уыд. Чи йын бацамыдтаид, кæуыл ахуыр кодтаид, уыдон – бирæ. Тæбæхсæуты Бало, Саламты Къола, Сланты Къоста, Годжыцаты Исахъ, Бирæгъты Къоста æмæ иннæты хуызæн артисттимæ иу театры кусынмæ йæм бирæтæ батæхуды кодтаиккой. Иу фæлгонцæй иннæмæ хизгæйæ арфдæр æмæ бирæвæрсыгдæр кодта йæ курдиат. Театрдзаутæ фиппайын райдыдтой æрыгон артисты, сæ зæрдæмæ цыдысты йæ арæзт фæлгонцтæ. Стырдæр сгуыхтдзинæдтæ йæ къухы бафтыд спектаклътæ «Ревизор», «Сырдоны сиахс», «Анжеликæ æмæ абырджытæ», «Рæстæй зылын», «Нæ фыдæлты намыс»-ы. Анатолийы аивад адæмæн зонгæ уыд кинонывты дæр. Ахъазыд «Танцы на высоте»-йы Гасаны ролы, «Чермен»-ы Дзиуы, «Оборона Севастополя»-йы Терзияны, «Шахтер»-ы Хоранты Георгийы рольты æмæ æндæрты.

Фæндтæ, хъуыдытæ бирæ уыд æрыгон артистмæ. Йæ курдиат тынгдæр кæм райхæла, ахæм хъуыдыджын фæлгонцтæ арæзта. Æмæ се ‘ппæт дæр сæууон стъалыты ферттывдау цæстыты раз лæууынц.

«Хъуыды ма кæнын иу ахæм цау, – нæ фембæлдтæй иуы дзырдта Толик. – Мæскуыйы ахуыргæнгæйæ, иузаман æрцыдтæн Дзæуджыхъæумæ… Уæд нæ театры æвдыстой Хуыгаты Георы комеди «Мæ усы лæг». Годжыцаты Исахъ дзы хъазыд Эльбрусы ролы. Зындгонд у, пьесæйы мидæг ацы персонаж цалдæр хатты аивы йæ хуыз, йæ дарæс. Æз бацыдтæн спектаклмæ. Цыди æртыккаг архайд. Кæсын, æмæ сценæмæ рацыдис æнæзонгæ сылгоймаг. Нæ актрисæтæй алкæй дæр зыдтон, фæлæ, зæгъын, ай та чи у? Бæрзонд сылгоймаг, рæсугъд къæхтæ йын… Æмæ цалынмæ йæ галиу къухыл татуировкæ «Не забуду мать родную» нæ ауыдтон, уæдмæ йæ нæ базыдтон. Уый нæхи Исахъ куы уыд… Мах Исахъимæ заргæ дæр бирæ фæкодтам. Уый нæ ахуыр кодта цалдæр хъæлæсæй зарын.

Тынг мæ фæндид, нæ курдиатджын зарæггæнджытимæ ног зарджытæ куы ныффыссиккам. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æз мæхæдæг кæй равзарон, уыцы артисттимæ... Зæгъæм, Цæрикъаты Феликс, мæ

уарзон къорд «Фидæн», диссаджы хъæлæсы хицау Челдыты Вадим... Ис мæм ме 'вæрæнты адæмæй рох зарджытæ. Арæх сæ зарыдыстæм Уататы Бибоимæ фынджы уæлхъус... Хъæуы сæ сног кæнын.

Культурæ куы уа, уæд уыдзæн аивад дæр. Нæ республикæйы махæн ис стыр культурæйы куырдадз, æмæ дзы хъуамæ алчи дæр куса æхсидгæ зæрдæйæ. Ис нæм алæмæтаг æрдз, бирæ курдиатджын адæм. Тынг цин кæнын нæ фæсивæды уæлахизтыл, сæ хæрзиуджытыл. Амондджын адæймаг у, аивады æнтыстджынæй чи архайы... Сæ иу – кафæг æмæ æгъдауджын лæппу, номдзыд Сывæллæтты адæмон ансамбль «Чысыл джигит»-ы разамонæг Кокайты Алан. Дисы мæ 'фтауы йæ курдиат!..»

1975 – 1979 азты Анатоли йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кодта Мæскуыйы паддзахадон театралон аивады институты режиссерон факультеты. Ам цы профессионалон зонындзинæдтæ райста, уыдон ын стыр ахъаз фесты йæ дарддæры куысты. Уый фондз азы дæргъы Уырыссаг драмон



Дзыныхты Анжелæ æмæ Кокайты Аланимæ

театры бакуыста сæйраг режиссерæй, æмæ йæ фæрцы сценæйыл æвæрд æрцыдысты, адæм стыр аргъ кæмæн скодтой, бирæ ахæм спектакльтæ: Софоклы «Царь-Эдип», Горькийы «Старики», Айтматовы «И дольше века длится день», Шекспиры «Король Лир», Мольеры «Жорж Данден», Уырыймæгты Езетханы «Перед грозой» æмæ иннæтæ.

1991 азы Дзиуы-фыртæн уыд сфæлдыстадон æнтыстдзинæдты аз: лæвæрд ын æрцыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы адæмон артисты ном. Уыцы аз ма ирон сценæйы сæвæрдта Джыккайты Шамилы пьесæмæ гæсгæ спектакль «Хъодыгонд зæд». Йæ къухы бафтыд уацмысы сæвджын хъуыды, тыхджын эмоционалон æнкъарæнтæм, сæхæдæг кæй домдтой, ахæм оригиналон фæрæзтæ æмæ мадзæлттæ ссарын æмæ спектакль иттæг саив кæнын. Ацы æнтысты фæдыл ын саккаг кодтой Хетæгкаты Къостайы номыл преми.

«Æстайæм азты кæрон дыууæ азы бæрц уыдтæн мæскуыйаг театр «Каскадер»-ы сæйраг режиссер (театры сæргълæууæгæй куыста Хъантемыраты Мухтарбег). Ахæм театрæн къухдариуæг кæнгæйæ мæ хъуыдыйы сæвзæрд диссаджы фæнд, æмæ, Дзæуджыхъæумæ æрыздæхгæйæ, æвæстиатæй æрæвнæлдтон Бæхты театр аразынмæ. Цыбыр æмгъуыдмæ мæ къухы бафтыд уыцы зын æмæ вазыгджын хъуыддаг сæххæст кæнын. 1990 азы Цæгат Ирыстоны мæ хъæппæрис æмæ удуæлдай куысты фæрцы арæзт æрцыд, æнæхъæн Уæрæсейы дæр чи никуыма уыд, ахæм Бæхты драмон театр «Нартæ». Сæвæрдтон дзы Джыккайты Шамилы «Хъодыгонд зæд», стæй ма дзы равдыстон Шекспиры «Гамлет».

Дзиуаты Анатоли ахсджиаг æмæ хъæздыг æвæрæнтæй куырмæджы нæ пайда кодта. Уый хорз æмбæрста, æнæмæнг кæй хъуамæ баиу уыдаиккой цардæй ист æрмæг æмæ йæхи цæстæнгас, кæй хъуамæ сфыхтаиккой йе 'нкъарæнты æмæ хъуыдыты халбыды уыцы дыууæ ахсджиаг тыхы. Ацы спектакльтыл кусгæйæ, режиссер банкъардта стыр сфæлдыстадон æхсызгондзинад. Адæмы арфæйæ та æдзухдæр хайджын уыд.

«Хорз зонис мæ Бæхты театры хъысмæт; уый тыххæй суанг журнал «Дарьял»-ы дæр дæхæдæг куы фыстай... Уымæ гæсгæ нæ дзурдзыстæм ууыл. Ныр дæр ма мæ зæрдæ рыст у...»

Дыууæминæм азты тæккæ райдайæны Дзиуы-фырты Мæскуымæ кусынмæ фæхуыдта номдзыд актер æмæ режиссер, ССР Цæдисы



Спектакль «Хъодыгонд зæд»-ы фæстæ Ирон театры

адæмон артист Армен Джигарханян.

Тынг арæх-иу æмбæлдыстæм. Куы-иу æрцыд Мæскуыйæ, уæд-иу мæм æнæмæнг æрбадзырдта. Сæрыстыр дæн, ахæм адæймагимæ зонгæ кæй уыдтæн, уымæй.

Раздæр æй зыдтон æрмæст йæ сценæйы сконд хъайтартæй, кинонывтæй. Фыццаг фендæй фæстæмæ мæм, цæмæдæр гæсгæ, хион фæкаст. Нæ иу фембæлды мын зæгъдзæн: «Мæнæн мæ зæрдæмæ цæуы Уæрæсейы алы рæтты зилын, цардмæ рудзынгæй кæсын, Ирыстонмæ цингæнгæйæ здæхын æмæ мæ ног хабæрттæ дæуæн кæнын, мæ хæлар...»

Йæ удæй фылдæр уарзта куыд театралон, афтæ киноаивад дæр. Анатоли киноаивадимæ йæ хъысмæт сбаста 1970 азы кинонывы «Море в огне»-йы. Уый фæстæ – «Чермен», «По следам Карабаира», «Кольцо старого шейха», «И оглянулся путник», «Одинокое небо», «Тайная стража», «Врачебная тайна», «Громовы», «Я – телохранитель» æмæ иннæтæ.

2009 азы ахъазыд Сталины ролы киноныв «Земля обетованная





от Иосифа Сталина»-йы. Уый фæстæ йын арæхдæр райдыдтой дæттын Сталины рольтæ – кинонывтæ «Тухачевский. Заговор маршала», «Берия. Проигрыш», «Жуков», «Казнокрады», «Второе восстание Спартака», «Убить Сталина», «Сын отца народов», «Зорге». Растдæр Иосиф Сталины ролы руаджы актеры базыдтой æнæхъæн Уæрæсейы дæр. «По вполне справедливому мнению многих кинокритиков, зрителей, режиссеров, деятелей искусства и кинематографа именно Анатолий Дзиваев, в первую очередь, своей игрой, а не только внешним сходством, сумел лучше остальных российских актеров воссоздать на экранах образ Сталина максимально приближенный к реальному...», – фыстой алырдыгæй прессæйы. Фыстой, Ирыстоны кад бæрзонд чи систа, ирон аивадæн удуæлдайæ чи фæлæггад кодта, стæй ирон аивады къуындæг фæлгæттæй стыр аивады тыгъдадмæ барджын æмæ сæрыстырæй чи бакъахдзæф кодта, уыцы Дзиуы-фыртыл. Уыд рæсугъд зæрдæйы хицау. Рæсугъд зæрдæмæ та, зæгъынц, маст тынгдæр хъары…

«Æз Ирыстоныл мæ зæрдæ никуы сивтон. Сабийæ фæстæмæ уарзын



Сталины ролы

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ





Сабибонтæ. Анатоли галиуæрдыгæй фыццаг



Анатоли йе схæссæг мадимæ



Кинонывы «В горах реки бурные»-йы архитекторы ролы






Студенты бонтæ



Суанты Хъазыбег, Анатоли, бæрæг нæу



Нывгæнæг Челæхсаты Магрезимæ







Кинонывъ «Чермен»-ы Дзиуы ролы (рахизæрдыгæй фыццаг)


Йе схæссæг мад Варяимæ








Сталины ролы














Джыккайты Шамилимæ. Пьесæ «Хъодыгонд зæд»-ыл кусгæйæ



Бæрæг нæу, Уататы Бибо æмæ Ходы Камалимæ



Мæрзойтæ Сергей æмæ кинорежиссер Рафаэль Гаспарянцимæ



Уарзиаты Хадзысмелимæ



Тæбæхсæутæ Балоимæ спектакль «Ревизор»-ы



Гамлеты ролы





Йæ фырт Ацæмæзимæ



Артисттимæ



Ирон театры спектакль «Кафтыты ахуыргæнæг» æвæргæйæ



Киноныв «Тэли и Толи»-йы фыд Николайы ролы



Спектакль «Æртæ хойы»



Бæхты театр «Нартæ»-йы кусджытимæ





Сталины ролы

мæ дæсныйад æмæ мæ фыдæлты зæхх. Æз цæрын аивады, æмæ, мæ алыварс чи ис, уыдон сты, æмхъуыды кæимæ кæнын, ахæмтæ... Мæ цуры ма уæд мæнгард адæймаг – нæ быхсын! Æз дæн комкоммæ, æргомдзырд! Нæ уарзын мæ къам исын, мæхицæй æппæлын æмæ хиппæлой адæмæй дæр мæ удхæссæг уынын. Ис мын мæхи уагæвæрдтæ. Ирон театры тыххæй чингуытæм куы æркæсай, уæд дзы мæ къам никуы ссардзынæ. Уый ууыл дзурæг нæу, æмæ иннæ артисттæй æвзæрдæр куыстон... Гамлеты ролы та хъазыдтæн 10 азы!..»

«Гамлет»-ы цы диссаджы сурæт сарæзта, уый абон дæр Ирыстоны аивадуарзджытæн у æнæферохгæнгæ. Дзиуаты Анатолийы Гамлет, йæ тохы иунæгдзинадæй рæстдзинад æмæ сыгъдæгдзинад домгæйæ, алы уысм дæр уыд сценæмæкæсæгимæ. Ахæм ахадындзинад уыд артистæн сценæйыл йæ диссаджы хъазтæн.

Аивадиртасæг Еленæ Луцкая журнал «Советская литература»-йы англисаг рауагъды фыста: «Дзиваев будто создан для роли Гамлета. Более того, знакомясь с интересными, (но сознательно осовремененными), «дегероизированными» Гамлетами, мы с радостью увидели, что новому Гамлету возвращен его романтический облик, его романтическая душа, неодолимая, молодая, напористая жажда деяний, поступков, подвигов. Но

дело не только в отзыве специалиста. Зритель принял Гамлета-Дзиваева, полюбил его. Шекспировская трагедия – произведение остросюжетное, с захватывающим, нарастающим драматизмом. Судьба Гамлета – ее основа. Дзиваев-Гамлет – весь горение, страсть, вдохновение. Он увлекает, потрясает зрителя, заставляет его вместе с ним негодовать, обличать, страдать и торжествовать над злом. Успех Дзиваева не случаен. Не один талант его определял. Позади мучительные раздумья, поиски, сомнения, бессонные ночи и репетиции, репетиции...»

Нæ фембæлдтытæ радгай мæ цæстытыл уайынц... Арæх нæ ныхас уыд адæймаджы иунæгдзинадыл. Йæ хъуыдытæ æргом дзырдта мемæ...

«Куыд вæййы?.. Алы артистæн дæр ис, йæ аивадæн ын стыр аргъ чи кæны, ахæм театрдзаутæ... Зæгъæм, Уататы Бибойы алыварс-иу фылдæр сылгоймæгтæ æмбырд кодтой. Цæргæсты Дзамболат дæр нæ уыд цух сылгоймæгты «æгæрон уарзтæй», – йæ мидбылты бахудт Толик, – иу дзы Наирæ хуындис, хъуыды ма йæ кæнын... Афтæ, дидинджытæ æмæ хъæбыстæ... мæнæй уæлдай. Кæд мæ сылгоймæгтæй исчи уарзта, уæд æнæмæнг уыд æнахуыр кæнæ «бынтон æрра».

Бирæ цаутæ мын радзырдта йæ театры цардæй дæр. Фæлæ ацы цау уæлдай ирддæрæй бадардтон мæ зæрдыл. Дзиу уæд хъазыд Гамлеты ролы Ирон театры сценæйы...



Гамлеты ролы

«Репетицийы фæстæ мæ гримеркæмæ фæтагъд кодтон. Рудзынгмæ æвваxс бацыдтæн – уымæл мит уæззаугомау зилдух кодта, изæрæрдæм акъул рæстæг. Ауыдтон сылгоймаджы. Йæ уæлæ – бур пъалто, сырх цырыхъхъытæ æмæ сау берет... Æмæ мæм æмраст мæ тæккæ цæстытæм кæсы. Мæ хуыз урс-урсид адардта, – ай, зæгъын, чи у?! Мæ уæлæ тагъд-тагъд мæ дзаумæттæ акодтон æмæ театры иннæ рацæуæнæй араст дæн мæ хæдзармæ. Иннæ бон та кæсын – уыцы тæккæ ран та лæууы «бур пъалто». Ныггуыбыр дæн, мæ астæу æртасын кæнын мæ бон цас уыд, уый бæрц æмæ афтæмæй бадын æнæзмæлгæйæ. Мит уыцы рæсугъдæй кæлы уæларвæй, – æндæр мæм ницы зынд рудзынгæй. Рухс ахуыссын кодтон, мæ дзаумæттæ аивтон æмæ феддæдуар дæн... – Толик иуцасдæр ныхъхъус... – Афтæ алы бон дæр, зæгъæн ис. Стæй йыл ацахуыр дæн... Рудзынджы æмбæрзæнтæ-иу æруагътон, уый-иу уæддæр лæууыди... Спектакль-иу фæци, сылгоймаг – йæ бынаты. Нæ йæ федтон, æнæ пъалто, æнæ берет цыхуызæн уыд, фæлæ, уый фæстæ куыд рабæрæг, афтæмæй иу спектакль дæр мæ архайдимæ нæ уагъта. Алы хатт дæр залы бадт уыцы иу бынаты. Цыдæр фыстæджытæ дæр-иу дзы райстон, æмдзæвгæтæ, æрмæст фæстæдæр базыдтон, ацы сылгоймагæй кæй уыдысты, уый... Алы спектаклы фæстæ-иу мæм æнхъæлмæ каст, артисттæ кæцæй рахизынц, уыцы дуары фарсмæ. «Бузныг» кæнæ «Дæ изæр хорз», зæгъгæ-иу мæм сдзырдта, æндæр ницы. Фæлæ-иу æй ахæм загъд кодта, æмæ-иу мæ зæрдæ суынгæг – уарзта мæ, чи зоны...

Уæдæ иухатт æрцыд ахæм хабар. Уыд «Гамлет»-ы премьерæ, æмæ, куыд вæййы арæх, – афойнадыл костюмтæ хуыд не 'рцыдысты. Ставд æндахæй быд хæдон мыл уыд, «колет» зæгъгæ. Æрдæгхуыд кæй уыд, уый аххосæй мыл мæ быд хæдон ныппырх спектаклы рæстæг. Адæм мын фæтæригъæд кодтаиккой, æз та – мæсты... Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ чеппыл нал уыдтæн. Сабат уыди. Хуыцаубоны дæр та пъланмæ гæсгæ «Гамлет» сæвæрдтой. Ног хæдон иу æхсæвмæ чи ацæттæ кæндзæн?! Райсомæй мын театры дуаргæс мæ къухы авæрдта газеты тыхт пакет. Бацыдтæн гримеркæмæ, диваныл æй баппæрстон, зæгъгæ, уый фæстæ йæм æркæсдзынæн... Хуымæтæг хæдон мæ уæлæ æрбаппæрстон. Уæддæр мæ зæрдæ нæ фæлæууыд – пакет фегом кодтон. Кæсын... – ног ставд æндахæй быд хæдон! Урс æфцæггот – йæ уæлæ! Мæ аккаг! Диссаг! Рудзынгмæ мæ цæстытæ «ныццавтон»... «Бур пъалто» мæм

йæ мидбылты худы.  Федта йæ, йæ быд хæдон – мæ уæлæ... Æз иу цæстæй – кæсæнмæ, иннæ цæстæй – рудзынгмæ... Æррайы бынаты ныр æз уыдтæн. Нæдæр ын йæ ном зыдтон, нæдæр – йæ мыггаг! Знон спектаклы уыд, федта йæ, мæныл мæ быд хæдон куыд райхæлд, – хъуыдытæ кодтон. – Æмæ уæд куыд?! Иу æхсæвмæ быд æрцыд ацы хæдон? Иу æхсæвмæ?! Мæхи аккаг!.. Æз уый æнхъæл нæ уыдтæн... Æмæ уый фæстæ æппынæдзух уыд мæ уæлæ бирæ азты. Иу æндах дæр дзы нæ райхæлд... – Анатоли ныхъхъус, æвæццæгæн, цыдæр арф хъуыдыты ацыд… – Чи уыд, ныр дæр æй нæ зонын... Уый фæстæ йæ нал федтон, куыд рабæрæг, афтæмæй, уымæй цыбыр рæстæджы фæстæ амард. Йæ хъысмæт уыд афтæ, æвæццæгæн...»

Дзырд куы фæци Дзиу, уæд мын иу æмдзæвгæ мæ зæрдыл æрлæуууын кодта ацы цау, æмæ йын æй бакастæн:

*Я свяжу тебе жизнь*
*Из пушистых мохеровых ниток.*
*Я свяжу тебе жизнь,*
*Не солгу ни единой петли.*
*Я свяжу тебе жизнь,*
*Где узором по полю молитвы –*
*Пожелания счастья*
*В лучах настоящей любви...*
*Я свяжу тебе жизнь*
*Из веселой меланжевой пряжи.*
*Я свяжу тебе жизнь*
*И потом от души подарю.*
*Где я нитки беру?*
*Никому никогда не признаюсь:*
*Чтоб связать тебе жизнь,*
*Я тайком распускаю свою... (Валентинæ Беляева)*

Бонтæ кæрæдзийы ивгæ цæуынц. Семæ æнæхатырæй хæссынц, фæстæмæ раздæхæн кæмæн нæй, ахæм хæзнатæ. Фæлæ зæрдæйæн æхсызгон цаутæ мах уæддæр дарæм нæ мидхъуыдыты цæрæнбонты...

Арæх Ирыстоны номдзыд лæгты куы фæмысын, уæд мæ зæрдыл æрлæууы Дзиу (афтæ йæ хуыдтой йе 'мбæлттæ, зæрдæйæ хæстæг æм чи уыд, уыдон). Уынд æмæ кондæй – рæсугъд, æгъдауæй – уæздан æмæ узæлаг, ныхасæй – дзуарджын. Уыд уæззау зонды хицау. Йæ

зонд – рухс, йæ цæст – уынаг, йæ хъустæ – хъусаг. Æниу растдæр уыдзæн афтæ зæгъын: Ирыстон тынг уарзта, йæ адæмы хъæлæс хъуыста зæрдæйæ. Йæ зонд æвзæрста алцы дæр, иртæста раст æмæ зылын, сæйраг æмæ фæрссаг, йæ бон уыд аргъ кæнын æмæ хатдзæгтæ кæнын. Уыйадыл йæ фæнд уыд хæрзиуæг, йæ уынаффæ – раст. Æмæ, зæрдæйæ цы цæуы, зæрдæмæ дæр уый хъары...

Анатоли уыд интеллигент – ахуырадæй, зондахастæй, культурæйæ. Уыд сыгъдæг ирон лæг – æгъдау, æфсарм, хъуыддагæй. Уыцы æууæлтæ æрдзон хуызы баиу сты йæ удыхъæды æмæ сæ сæвзæрд рæсугъд фæлгонц. Ацы миниуджытæй хайджын кодта йæ арæзт сурæтты дæр театры, кинойы, бæркадджын уыд йæ режиссеры куыст дæр. Ахæм лæджы фарнæй алчи дæр йæ алыварс хæцыд йæхиуыл æмæ тырныдта хуыздæрмæ. Гъе уый уыд хорз лæгæн йæ фыццаг нысан, йæ сæйраг æнтыст.

Фæрныг сты, Дзиуаты Анатолийы хуызæн æхсæны лæгтæ цы адæммæ ис, уыдон. Арфæйаг сты, ахæм гуырдтæ цы хæдзар æмæ цы мыггагæй рацæуынц. Æрмæст ирон нæ, фæлæ æгас Уæрæсейы культурæ æмæ историмæ бацыд сыгъдæгзæрдæйæ...

Дзиуаты Анатоли... Уæздан, хæдæфсарм, мæ зæрдиаг хæлар. Нал дæ абон не 'хсæн. Фæлæ дæ фæлгонцтæй самадтай егъау æвæджиауы цыртдзæвæн. Уымæн лæггад кæнынæй æз никуы батыхстæн. Бæргæ, абон дæр ма не 'хсæн куы уаис...

*СÆБАНТЫ Тамерлан*

# МЫСЫН МÆ ХИСТÆР ХÆЛАРЫ…

Дзиуаты Анатолиимæ базонгæ дæн, Мæскуыйы Щукины номыл театралон студи каст куы фестæм, уæд. Уыцы рæстæг Ирон театры æвæрдтой спектакль «Гамлет», æмæ дзы мах, фæсивæд, архайдтам иумæйаг сценæты. Уый диссаг уыд! Спектакль сæвæрдта Хуыгаты Геор. Анатоли хъазыд Гамлеты ролы. Кæд мах иумæйаг сценæты архайдтам, уæддæр нæм афтæ каст, цыма нæ алчи дæр сæйраг ролы хъазыд. Уый фæстæ ма иумæ архайдтам, Джыккайты Шамилы «Хъодыгонд зæд» Анатоли сценæйы куы сæвæрдта, уæд. Спектакль уыд тынг зæрдæмæдзæугæ, патриотон, историон цаутæ ирдæй нæ раз-мæ рахаста, æмæ мах дæр, æрыгон артисттæ, нæ удтæй арт цагътам.

Иубон куы уыд, уæд Анатоли Хуыгаты Геормæ бацыд ахæм курдиатимæ, цæмæй, Щукины номыл училище каст чи фæцис, уыдонæй саразой къорд æмæ семæ æвæрой хицæн сæрмагонд спектаклътæ, цæмæй суой театры ног уылæнтæ, бахæссой йæм ног уддзæф сæ нырыккон ахуырады руаджы. Фæлæ хъуыддаг нæ сырæзт. Рацæй-рабон, æмæ фехъуыстон, Мæскуыйы кæй ис бæхты театр «Каскадер», разамынд ын кæй дætты Хъантемыраты Мухтарбег. Мæ фæндаг уырдæм акодтон. Ирон театры мæ хъуыддæгтæ зæрдæйы фæндиаг нæ уыдысты, æмæ фæстæ нал фæкодтон – Мæскуыйы балæууыдтæн, кæд мæ сæхимæ кусынмæ айсиккой, зæгъгæ. Мухтарбег мыл бацин кодта, фæлæ, дам уал нæ спектаклымæ бакæс, æмæ уый фæстæ нæ ныхас адарддæр кæндзыстæм. Спектакль «Легенда о верной любви и золотом руне»-йы цы диссæгтæ федтон, уыдон абон дæр сты мемæ. Стыр дисы мæ ‘фтыдта сæ арæхстдзинад. Спектаклы фæстæ не ‘хсæн уыд ныхас, æмæ æргомæй загътон уæд мæ хъуыдытæ, фиппаинæгтæ, æмæ мыл сæ цæст æрæвæрдтой. «Курдиат ныффысс куыстмæ дæ райсыны тыххæй», – уыд йæ хатдзæг Мухтарбегæн. Уайтагъд афыстон, цы мæ агуырдтой, уый. Мæ фæндон уыд, каскадерæй мæ куы райстаиккой. Уыцы гæххæтт Мухтарбег æрбаскъуыдтытæ кодта, хорз уаид режиссерæй нæм куы рацæуис, уый, зæгъгæ. Куыд загъта, афтæ бакодтам. Уæд сæхи цæттæ кодтой гастрольтæм Болгаримæ. Акуыстон семæ иуцасдæр.

Уæдмæ театрмæ кусынмæ æрбацыд Дзиуаты Анатоли. Уыд, уæлдæр профессионалон ахуырад чи райста, ахæм курдиатджын режиссер, æмæ театры режиссер ссис уый, мæн та раивтой актер-каскадеры бынатмæ. Раст зæгъгæйæ, тынг зæрдиаг æмæ æнтыстджынæй бакуыстам иумæ. Уый уыд, театралон аивадыл йæ зæрдæ æцæг кæмæн рыст, уыцы адæймаг. Æнæхин, æргомзæрдæ æмæ алцы дæр арф æнкъарæг зæрдæйы хицау. Театр кæд «Каскадер» хуынд, уæддæр дзы иууылдæр куыстой ирæттæ. Йæ аивадон разамонæг Хъантемыраты Мухтарбег, йæ режиссер Дзиуаты Анатоли, артисттæ дæр – ирæттæ. Афтæмæй бæрзонд хастам Ирыстоны аивады тырыса. Гастрольты уыдыстæм Минскы, Тбилисы, Мæскуыйы, Францы… Францы горæт Греноблы цæрджытæ нæ спектакльтæ фенынмæ цыдысты цалдæргай хæттыты. Цæсгомæй дæр-иу нæ базыдтой, афтæ тынг фæцыдыстæм сæ зæрдæтæм.

Толик уыд фæлмæнзæрдæ, мæт кодта алцæуыл дæр. Йæ зæрдæйы уыд бирæ рис. Адæймаг йæ цард цы хъуыддагæн снывонд кодта, уым хъуыддæгтæ зæрдæйы фæндиаг куынæ фæцæуынц, уæд зæрдæниз райсы. Уырыссæгтæ афтæ фæзæгъынц, нет пророка в своем отечестве, зæгъгæ. Афтæ рауад Толикы хъуыддаг дæр. Уый Ирыстонæн Бæхты театр «Нартæ» кæй балæвар кодта, бындур ын бавæргæйæ, æрмæст уый тыххæй дæр йæ ном сæнусон. Нæуæдзæм азты зын уавæрты самал кодта бæхтæ, сахуыр сæ кодтам, бахуыйын кодтам костюмтæ. Мæнæ театр кусын райдайдзæн, зæгъгæ, афтæ нын чидæр нæ костюмтæ басыгъта. Уæдмæ та нын чидæр нæ бæхтæн марг бадардта. Афтæмæй уыцы хабæрттæ зæрдæниз систы. Аргентинæмæ гастрольты ацыдыстæм, æмæ та уым дæр Толик зæрдæсаст фæци. Удхар æмæ фыдæбæттæ ‘взаргæйæ размæ цыдыстæм. Фæлæ уыцы уавæрты дæр йæ къухтыл хæрдмæ не схæцыд нæ разамонæг. Театр ссис Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, Джыккайты Шамилы «Хъодыгонд зæд» куы сæвæрдтам, уæд. Преми лæвæрд æрцыд Дзиуаты Анатолийæн, Махъоты Ацæмæзæн, Дзуццаты Артурæн æмæ мæнæн, сæйраг рольтæй иуы кæй ахъазыдтæн, уый тыххæй. Æмæ уын раст куы зæгъон, уæд мæнмæ Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артисты номæй Къостайы преми бæрзонддæр кæсы. Толик уыцы спектакль куынæ сæвæрдтаид, уæд æз Къостайы преми нæ райстаин. Лæвæрд мын æрцыд бынтон æрыгонæй.

Фæстæдæр Толик ацыд Мæскуымæ æмæ архайдта киноаивады. Уым йæхи базонын кодта æвæджиауы курдиатджын актерæй. Уæрæсейы аивадиртасджыты хъуыдымæ гæсгæ та, Сталины сурæт саразын Дзиуаты Анатолийæн куыд бантыст, афтæ артисттæй никæй къухы бафтыд абоны онг дæр ма. Дзырдтой-иу: «Это живой Иосиф Виссарионович Сталин». Ацы фæлдурæджджын царды Толикы хуызæн сыгъдæгзæрдæ адæм тынг хъæуынц. Уымæн йæ хъуыдыйы никæд уыд, мæнæ мæхицæн ном скæнон, зæгъгæ. Уый нæ тырныдта аивады йæхи уарзынмæ, уый уарзта аивад æцæг уарзтæй. Уыцы уавæр бындур бавæрдта, йæ фæстæ цы аив фæд ныууагъта, уымæн. Йæхимæ цы стыр хæстæ райста, уыдон иууылдæр сæххæст кодта уæлдайджынæй. Æнæ зæгъгæ нæй йæ цардæмбал Светланæйы тыххæй. Уыдис ын стыр ныфсы хос, йæ уды хъару, йæ цырагъдар. Разæнгард æй кодта алы хъуыддагмæ дæр. Светæ йæхæдæг у, цæугæ мæсыг кæмæй фæзæгъынц, уыцы адæймаг.

Толик, йе 'нусон фæндагыл ацæугæйæ, сыгъдæджыты дзæнæты кæй ис, уый мæн тынг уырны…

*Кахи КАВСАДЗЕ,*
*народный артист Грузинской ССР*

# ПРОФЕССИОНАЛ СВОЕГО ДЕЛА

Товарищ, артист, режиссер, наш друг – Анатолий Дзиваев. Первый раз я с ним встретился в Москве. Я увидел человека, который очень уважительно относился ко мне. От него исходила очень большая энергия. Потом мы много раз встречались, и я видел очень талантливого, знающего человека, очень любящего свое дело. Что и меня к нему очень расположило. Анатолий Дзиваев – это человек с плюсом, познавший жизнь, с хорошим юмором и через искусство смотрит на природу. Как Шекспир говорил, природа стоит выше искусства в одном вопросе. Природу не запретишь. Вот и Анатолий принадлежит такому искусству, которое не захочешь запретить. Я очень счастлив и рад, что я знаком с Анатолием. Мне очень приятно общаться с ним, говорить о разных вещах. Об искусстве, о театре, о кино, о жизни. Он нам помогает смотреть на жизнь с точки зрения искусства. Если принимать очень серьезно жизнь, то это будет трагедия. Надо чуть-чуть с юмором и через искусство смотреть на жизнь.

Я очень рад, что мы работаем над серьезным фильмом. Фильм будет с юмором, но про очень серьезные и важные вещи. Поэтому надо очень бережно и внимательно отнестись к своей работе. Фильм про то, как людям не давали жить, и кому-то это не нравилось, но на это надо посмотреть чуть-чуть с высоты, со стороны. И вот если у нас это получится, то будет очень хорошо. И с такими людьми, актерами, как Анатолий, непременно получится! Я всегда рад встречать Анатолия. Сейчас у него 70-летие. Мальчиком, конечно, не назовешь, но еще молодой парень…Энергии у него много… Я желаю ему долгой плодотворной жизни, и чтобы радовал нас, своих коллег, товарищей и зрителей, хорошими ролями в театре и кино.

Я знаю одно – нельзя трогать жизнь и достоинство человека. Нельзя трогать национальное и религиозное достоинство человека. Вот об этом и рассказывается в фильме «Тели и Толи».

*Дагун ОМАЕВ,*
*заслуженный артист РСФСР*

# ДОСТОЙНЫЙ СЫН КАВКАЗА

Первое звание Анатолий получил за роль немого в фильме «По следам Карабаира. Кольцо Шейха». Я играл Шукая. Конечно, мы, артисты, должны со стороны смотреть и учиться у других. У Анатолия многому можно научиться. Он убедителен на сцене. Ему верит и зритель, и мы, его коллеги. Он живет на сцене, и каждую роль пропускает через себя. Нас в Осетии путали в одно время. Меня окликали Толик, его – Дагун… И я поправлял их… О!.. Удивлялись… Я бываю мягок, но Анатолий не щадит, ради правды он никого не щадит. Он бывает порой резок. Но зато он честен с собой и с окружающими. Он дважды приезжал к нам в наш Государственный чеченский театр. Вместе с режиссером они хотят поставить спектакль. Сейчас все обсуждается. Мне это очень приятно, потому что я очень хорошо знаю его и его семью. Знаю весь его творческий путь. Он работал в Осетинском театре, в Русском театре ставил спектакли, возглавлял конный театр, сейчас работает у Джигарханяна.

Артистов много в этой жизни. Артистическое у всего человечества. Человек вообще создан для того, чтобы играть. Мы и перед Богом




играем, мы и перед зрителями играем, мы и перед друг другом играем. Но не надо неестественно играть. И вот то, что Анатолий естественный с друзьями, мне он этим очень нравится.

Наши театры – осетинский, чеченский, кабардинский, балкарский, дагестанский – очень дружны. Мы выезжаем друг к другу на премьеры. Мы вместе и в горе, и в радости. Поэтому он для меня очень близкий друг. Пусть живет и творит долгие-долгие годы! Я благодарю судьбу, что знаком с ним. Он очень щедрый, очень отзывчивый. Удачи я ему желаю, счастья, здоровья ему и его семье желаю.

Что касается съемок фильма, Кахи Кавсадзе играет грузинскую сторону, я – осетинскую. Фильм хоть и комедийного жанра, но на самом деле это драма двух народов. Мы и жизнь превратили в комедию. Это глубокая трагедия. Как раньше дружно жили грузины и осетины! А теперь в одночасье разделились, стали врагами. Это политика их поделила… А люди-то на самом деле не разделены. Очень правильную фразу говорит мой герой Бади из фильма: «Бога забыли, умом живут, а не сердцем». Нам бы действительно пожить немного сердцем, а не умом…

Для меня фильм не комедия, а глубокая драма. Нас здесь на Кавказе всех хотят стравить, но мы не поддадимся. Мы связаны с горами, с родниками… Я счастлив, что с Кахи встретился, что с Анатолием здесь встретились…

*Фиппаинаг: Кахи Кавсадзе æмæ Дагун Омаевы ныхæстæ фыст æрцыдысты 2015 азы, киноныв «Тэли æмæ Толи» куы истой, уæд.*

*ДЗЫНЫХТЫ Аленæ*

# «НÆ ФÆНДТÆН РАТТ СÆРИБАР ÆМÆ ЦАРД!»

*Уац*

Джыккайты Шамилы «Хъодыгонд зæд» сценикон цард федта 1980 азы. Йæ режиссер Дзиуаты Анатоли æрыгонæй Ирон театры сценæйыл трагеди сæвæрынмæ йæ ныфс кæй бахаста, уымæй рамбылдтой канд театр нæ, фæлæ æппæт ирон адæм дæр. Фыццаджыдæр, театрдзау фембæлы ног хъайтаримæ – УСФСР-йы адæмон артист Уататы Бибойы сконд Борæханимæ. Кæд историон хъайтар уыд, уæддæр ирон адæмы раз ралæууы куыд абоны хъайтар. Уымæн, æмæ нæм бахæссы ног хъуыды, адæмы хоны иудзинадмæ, ныфс сын дæтты.

Æнцон нæ уыд XIII – XIV æнусты заман афтæ арф банкъарын, режиссурæйы мадзæлттæй уацмыс афтæ саразын, цæмæй абоны дуджы цардæй «сулæфа». Режиссерæн бантыст. Дзиуаты Анатоли фæстæдæр дзурдзæн: «Этот спектакль был как призыв. Мы впервые подняли аланский флаг, перед которым все стояли коленопреклоненно. Спектакль имел грандиозный успех. Мне интересно было наблюдать за тем, как люди воспринимают этот спектакль. Это были слезы радости, воодушевления. И, честно говоря, я сам не ожидал, что такое воздействие на зрителей может произвести спектакль».

Æмæ куыд нæ! Кæд æмæ уыцы спектаклы архайдтой нæ уарзондæр артисттæ. Уыдонимæ – Бекмæрзты Æхсар (Буртæг), Икъаты Мæйырбег (Елберд), Сланты Къоста (Атох), Саламты Къола (Гæтæг), Тæбæхсæуты Зæирæ (Саударæг ус) æмæ иннæтæ.

Уататы Бибойы сфæлдыстадон хæдхуыздзинад нæ ирон театралон культурæйы уыд æцæг аивадон фæзынд. Бирæ национ хъайтарты фæлгонцтæ сарæзта Бибо ирон сценæйыл. Уыдонимæ – Чермен (Плиты Грисы «Чермен»), Дими (Хуыгаты Георы «Фыдæлты фарн»), Таймураз (Гаглойты Валодяйы «Уарзондзинады кадæг»), Аслæнбег (Саламты Къолайы «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ»). Ацы фæлгонцтæ æххæстгæнгæйæ, æвдисы героикон æмæ романтикон хъайтарты.

Фæлæ куыд равдисы актер Борæханы фæлгонц?

Уататы Бибойы сконд Борæханæн йæ фыццаг рацыдæй дæр ра-

бæрæг вæйййы йæ иу миниуæг. Кæд иуæй-иу сценæты у тыхсаст, æнкъард, йæ уæззау цæстæнгасы «æнхъæвзы» рис æмæ катай, иннæ сценæты та архайы хæсты тæмæны, у хъаруджын, уæддæр, кæм фæзыны, уым у диссаджы хæрзуынд, рæсугъд.

Айнæджы раз… Борæхан-Бибо иунæгæй… Йæ хуызы цыма «æрæнцади æнцой», фæлæ æцæгæй та «йæ мидæг – тæвд». Сагъæссаг ныхæстæ кæны. Ныр ыл фæхæцæг никæцæйуал ис. Зæринæ дæр ыл йæхи атигъ кодта, йæхæдæг та адæмæй фæлыгъд, гадзрахатæй йыл кæй рацыдысты, хъодыгонд кæй фæци, уый тыххæй. Йæ тыхст цæстæнгас раивы куы хъуыдыгæнæг, куы æдзынæг кастмæ, чи йæм дзуры, уымæ йе ʻргом не здахы. Йæ цæстытæ – йæ зæрдæйы айдæн. Афтæмæй та йæ сагъæссаг бакастæй никуы зæгъдзынæ, йæ хъомыс фесæфт, зæгъгæ. Æрмæст йæ рæсугъддзинад дæр æнæ æндæр миниуджытæй театрдзауы цæсты ахады.

Æндæрхуызонæй разыны Атох (Сланты Къоста). Театрдзау ын уыны йæ лæмæгъдзинад, уæлдайдæр, Борæханимæ куы фембæлы, уæд. Атохæн йæ къæхты бын зæхх æнкъуысын куы райдайы, уый актер куыдæй æвдисы? Сланты Къоста-Атох куы тарстæй йæ бандонæй фæстæмæ фæцуды, куы арвнæрдæй фесхъиуы, зæххыл цæуы хъуызгæ цыдæй.

Борæхан та цыфæнды фæллад æмæ тыхсаст куы вæййы, уæд дæр бæрæг у йæ тых, йæ хъару, йе ʻхсар.

Уæлдай тынгдæр сæхимæ æркæсын кæнынц, Борæханыл хъоды кæм кæнынц æмæ йæм Зæринæйы лæвар – тырыса – кæм раттынц, уыцы сценæтæ. «Æвæджиау тыхджын у, йæ уарзоны йын цы арты басыгътой, уый фæздæджы ʻхсæнты Борæхан адæммæ кæм æрхизы, уыцы сценæ. «Цæфæй нæ мардтæн æз, уый та мын – рæхуыст», – æрхæндæгæй фæзæгъы Борæхан. Фæлæ тугдзых сынтытæн нæ бантысти хъайтары ныфс асæттын, йæ фæнд ын ныххурх кæнын. Æмæ фæстагмæ райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау мæлæтдзаг хæстмæ ахоны адæмы», – фыста Хъодзаты Æхсар.

Кæнæ, зæгъæм, театрдзау удхар кæны, хæстон нывтæй цы æнкъарæнтæ фæзынынц, уыдонæй. Сценæйы хæст бацыд йæ тæмæны. Монголтæ æрбабырсынц, адæмы сæ ехсытæй нæмынц, æфсæдтæ дæр схъомпал сты. Бæстæ сызнæт. Борæхан згъæрхæдоны мидæг, гæрзарæхстæй айсæфы тыгъды тæмæны. Исдуг баталынг вæййы.

Зынынц хæсты нывтæ. Зæххыл алы ран – хотыхтæ, мæрдтæ… Цалдæр уысмы… Æмæ хæст æрсабыр вæййы. Чидæр сисы тырыса. Сфæйлауы…

Фыдæлтыккон фидар, хæлддзаг мæсгуытæ… Иу фарс – бæрзонд дойнаг дурæй амад къул. Йæ уæлæ рухсимæ фæзыны сау æндæрг – Саударæг ус. Ныр нал у ахæм æнкъард, риссаг, йæ цæстæнгасы нал зыны мæт. Йæ цæстытæ – ирд, æрттивгæ. Йæ разы – саст æфсад. Хæстон фæздæг… Федта адæмы сгуыхт, хъайтарты мæлæт… Æмæ ныфсджынæй, уæгъдибарæй Саударæг ус зæгъы фæстаг ныхæстæ – трагедийы сæйраг хъуыды: «Ныфсджын дæн æз! Нæма бахус нæ уидаг / Æмæ та ногæй рухс талатæ суадздзæн!»

Тæбæхсæуты Зæирæйы Саударæг ус хуымæтæг сылгоймаг нæу. Уый у йæ адæмы Мад æмæ Хъысмæт. Актрисæ, ацы роль æххæстгæнгæйæ, схизы сценикон аивадæн йæ уæлдæр къæпхæнмæ.

Тынг бæлвырд æмæ аив у Уататы Бибойы историон хъайтар. Актеры сценикон хъазт кæддæриддæр уыд рæсугъд, бæстон, зæрдæмæдзæугæ, уымæн æмæ уыд профессионалон. Стыр аргъ ын кодта йе ‘мбал режиссер Борис Кимягаров: «Работать с Бимболатом всегда интересно. Это тонко чувствующий актер, подвижная, восприимчивая натура, живо откликающаяся на все драматические нюансы в поведении героев. Ватаев-актер впечатлителен и пластичен».

Дзиуаты Анатоли ацы спектакль куы æвæрдта, уæд йæ зæрдæ дардта Бибойыл, уымæн æмæ ацы актермæ уыд стыр фæлтæрддзинад историон хъайтары фæлгонц арф банкъарыны, химæ райсыны хъуыддаджы. Актер, йæ мидæг национ этикон æгъдæуттæ хæсгæйæ, йе сфæлдыстадон æвæрæнтæ сбæтты йæ индивидуалон æрмдзæфимæ, æмæ рауайы алцæмæй дæр æххæст фæлгонц. Театрдзау æм куы кæсы, уæд æй уырны – сценæйы æцæгæй лæууы историон хъайтар.

Бибо æрмæст уыцы миниуджытæй хайджын нæ уыд. Актер йæ роль фæхъæздыгдæр кодта ирд сфæлдыстадон мадзæлттæй, ахæм æргом æнкъаргæ æууæлтæй, кæцытæ скодтой сурæт хицæнхуызон, æнæбафæзмгæ.

Бибойы сфæлдыстадимæ-иу зонгæ чи кодта, уымæ-иу фæзындысты диссаджы арф æнкъарæнтæ, кæцытæ уагътой зæрдæйы тыхджын тæлмæн. Куыд актер, рахаста историйæ сценикон аивадмæ историон хъайтары æнæцудгæ миниуджытæ, йæ митæ, йæ хæрзæгъдау, уæздан

архайд. Ис зæгъæн, æмæ актерæн, историон хъайтары сурæтыл кусгæйæ, йæ бон баци, сценæйы цы ног мадзæлттæ агурыны тæваг ис, уымæй ахизын. Уымæн æмæ йæхæдæг театрмæ æрбацыд хъæздыг фæлтæрддзинадимæ – национ хъуыдыйæ буц ахуыр уыд. Уымæн сырæзт æцæг национ актермæ. Цы Борæханы национ сурæт сарæзта, уый рагæй дæр æрцардис кæмдæр арф йæ мидæг. Актер æй æрмæст афоныл раргом кодта сценæйы. Афтæмæй, ис зæгъæн, æмæ Уататы Бибо сси йæ историон хъайтарæн хъæздыг, «цæттæ æрмæг».

Национ актеры тыххæй Плиты Жаннæ фыста: «Будучи сыном своего народа, актер воплощает в себе все то неповторимо-самобытное, национально-своеобразное, что составляет суть его духовного богатства. Актер создает образ, национальный характер героя, представляя собой в этом творческом процессе национально-художественный материал. <…> Являя собой неизменный, подлинно национальный материал в создании характера национального героя, осетинский актер многое сделал для того, чтобы передать сценическому искусству все то, что принято называть «народным духовным богатством».

Афтæмæй сценæйы фæзынд ног хъайтар Борæхан – стыр хъуыдыхæссæг æмæ тохгæнæг, кæцы фæхъæздыг ис поэтикон уæлмонц æууæлтæй. Бибойы сконд вазыгджын æмæ аив фæлгонц – бæрзонд уд, романтик. Хъайтары поэтикон æмæ историон миниуджыты иудзинад сценæйы актеры руаджы æвдыст кæй æрцыд, уый мидæг уыд театры æнтыст.

Уымæ гæсгæ, ацы хъайтар уыд хорз «лæвар» театрдзаутæн æмæ æппæт сценикон аивадæн. Уый – фыццаджыдæр.

Дыккаг – уый, æмæ ирон адæм фыццаг хатт федтой Аланийы тырыса. Джыккайты Шамилы сæйраг фæнд дæр уый уыдис. Спектаклы дæр зынгæ æнæрохгæнгæ бынат бацахсы ацы цау.

Сценæйы фæсивæды ‘хсæн Борæхан-Бибо кæйдæр къухæй айсы арц æмæ йыл «нывæфтыд хæцъил» абæтты. Уæлæмæ йæ сисынц, æмæ, фыранчы ныв кæм ис, уыцы тырысайы фарс æрзилынц театрдзауты ‘рдæм. Бибо йæ иу уæраг зæхмæ æруадзы æмæ æндон хъæлæсæй, сæрыстырæй, уæлахиз, стыр тых кæм ис, ахæм ныхæстæ зæгъы:

*Ӕгас нæм цу, нæ фыдæлты тырыса!*
*Нæ фæндтæн ратт сæрибар æмæ цард!*
*Дæ фарн рæстæй ысиу кæнæд нæ бæстæ,*

*Нæ зæрдæты нын бауадзæд æхсар*
*Æмæ фæуæд ирон адæмæн уарзон.*

Тырыса сфæйлауы… Уыцы сценæ Шамил, куыд театрдзау, арф бахаста йæ зæрдæмæ. Фæстæдæр та дзырдта: «Уый уыд мæнæн ме стырдæр цин, мæ амонд. Æз уæд мæхицæн загътон – Ирыстонæн мæ цы фæндыд, мæ бон цы уыд, уый сарæзтон. Мæн фæндыд тырыса равдисын æмæ йæ равдыстон. Адæмæн тырыса куынæ уа, уæд сæ ницы иу кæны, уæд сын нæй ном æмæ фидæн…»

Кæд ацы трагедийы фыццаг сæвæрд Ирон театры сценæйыл æвдыста театрдзаутæн фылдæр историон хъайтарты психологон æууæлтæ, сæ миддунейы уавæр, уæд, фæстæдæр, æндæр сæвæрды уæлиуæг кодта «уынд», уырыссагау «зрелище» кæй фæхонынц, уый, спектаклæн йæ æддаг хуыз, фæлæ уый дæр æххæст уыд фаг эмоцитæй.

Ахæм ивддзинæдтæ фæзынд, Джыккайты Шамилы пьесæмæ гæсгæ Бæхты театр «Нартæ» спектакль «Хъодыгонд зæд» куы сæвæрдта, уæд.

«Режиссер Дзиуаты Анатоли æппæт дунейы фыццаг Бæхты театр «Нартæ» байгом кодта спектакль «Хъодыгонд зæд»-æй. Театралон аивады бынтон ног мадзæлттæй арæзт аивадон авналæнтæй æххæст цымыдисаг спектакль театрдзауы цæсты раз раудæгас кодта Ирыстоны рагон цауты нывтæ, сæ цин, сæ тыхсты, сæ тохы бонтæ», – ахæм аргъ та спектаклæн скодта аивадиртасæг Четиты Рубен. Театрдзауы эмоцитæ фылдæр баст уыдысты бæхты хуыррыттимæ, цæфхæдты зæллангимæ. Хæстон сценæты бæхты фæзынд цасдæр мынæг кодта хъайтарты психологон мидуавæр. Фæлæ уæддæр театрдзауы цæстыты раз ралæууыдысты реалон нывтæ. Спектаклымæ чи каст, уый баввахс ивгъуыдмæ, банкъардта историон трагикон цауты мæнгарддзинад æмæ æгъатырдзинад. Уый уыд, Шамилы хъуыдымæ гæсгæ, трагедийы ног райхæлд.

Æмæ кæд фыццаг спектакль уыд психологиимæ баст, дыккаг – «уындимæ», уæддæр дыууæ сæвæрды дæр уыдысты æмвæз. Кæд алыхуызон мадзæлтты руаджы райхæлдысты сценæйы, уæддæр уыдысты историимæ æмбаст. Уый та уыд, фыццаджыдæр, драматурджы, стæй театры сæйрагдæр хæс. Уыцы æнтыстæн та ахъаз фæци ног хъайтарты фæзынд ирон драматургийы, ирон сценæйыл, ирон аивады.

* * *

1980 азы Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры коллектив æвдæм хатт фембæлдис мæскуыйаг театрдзауимæ. Сæ гастролон репертуар уыд ахæм: Шекспиры «Гамлет», Мольеры «Тартюф», Лорентсы «Вестсайдская история», Горькийы «Царды бын» æмæ æртæ национ драмон уацмысы (Хуыгаты Георы «Фыдæлты намыс», Темыраты Дауыты «Цæргæсты хох» æмæ Джыккайты Шамилы «Хъодыгонд зæд»).

Спектакль «Хъодыгонд зæд»-æн уыд стыр æнтыст. Хорз аргъ ирон аивадон коллективæн, сæрмагондæй, «Хъодыгонд зæд»-æн, скодтой ахæм центрон газеттæ æмæ журналтæ, куыд «Театральная жизнь», «Огонек», «Советская Россия», «Советская культура», «Правда» æмæ иннæтæ. Зæгъæм, журнал «Театральная жизнь» премьерæйы фæстæ фыста: «В образе Борахана, главного персонажа спектакля, мы увидели Б. Ватаева. На сей раз его герой переживает мучительные испытания, среди которых и предательство со стороны близких ему людей, и отвергнутая по злому навету любовь. Победа Борахана над собой, способность подняться над личным, над оскорбленным достоинством, пренебречь собственными переживаниями во имя долга перед родным народом весьма впечатляет. <…> Пластичны, живописны в этом спектакле массовые сцены. Прекрасно поставлены эпизоды поединков и сражения».

Кæд «Хъодыгонд зæд» уыд Джыккайты Шамилы фыццаг фæлварæн жанры æмæ æрыгон режиссер Дзиуаты Анатолийы фыццаг рацыд Мæскуыйы театры сценæмæ (йæхимæ æркæсын кодта зынгæ театралон критикты), уæддæр спектакль сси стыр æнтыст канд ирон аивады нæ, фæлæ æппæт Уæрæсейы театралон царды дæр.

*ГЪЕХТЫ Тамерлан*

# «ДÆ ХЪÆБУЛ ДÆН, МÆ РАЙГУЫРÆН!..»

*Уац*



Ирон литературæйы суинаг минæвæрттæй иу – Хозиты Яковæн – йæ курдиат æххæстæй нæ райхæлд – йæ уды арт бахуыссыд Терчы уылæнты. Сфæлдыстады тæвагæй фæхайджын йæ кæстæр æфсымæр Хозиты Зауырбег дæр, фæлæ уый æвзонг тырнæнтæ та басыгъдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты арты.

Литературæмæ хæсты размæ цы фæлтæр æрбацыд, уыдонæн сæ зæрдæтæ радысты ног цардарæзтæй, æмæ йыл зарыдысты. Æмбæрстой, лæгæвзарæн кæй æрбахæстæг кæны, æмæ сæ сагъæстæ, Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæныны æнкъарæнтæ дæр раргом кодтой сæ сис æхсидæнты. Тохы быдырмæ Цæгат Ирыстонæй фæцыд сæдæ фыссæгæй фылдæр. Нæ литературæйы фидар цæджындзтæ суæвыны ныфс нæ кæмæй уыд, уыдон æртиссæдзæй нал сыздæхтысты. Яков æмæ Зауырбеджы хистæр æфсымæр Хозиты Алыксандр, зындгонд партион кусæг, уыдис Финнаг хæсты, уæззау цæфтæй сыздæхт Ирыстонмæ, нал слæууыд йæ къахыл. Сæ иунæг хо Оля дæр – хæсты архайæг, связист, æрмæст сæ уый фæцарди йæ зæры бонмæ, йе ‘дзард æфсымæрты сыгъдæг ном цырагъау рухс кæнгæйæ. Бинонты кæстæр Зауырбег хæстмæ ацыдис бынтон æрыгонæй, скъола

каст куыддæр фæцис, афтæ. Поэзийы кодта йæ фыццаг къахдзæфтæ, дзырдта, кæй йæ фæнды, Яков ирон литературæйы цы цырагъ ссыгъта, уый ахуыссын цæмæй ма бауадза.

Фидæны поэт райгуырд 1923 азы 10 октябры Цæгат Ирыстоны Æрыдоны районы Кировыхъæуы хуымæтæг зæхкусæджы хæдзары. Кæсын æмæ фыссын ын йæ райгуырæн хъæуы скъоламæ бацæуыны агъоммæ бацамыдта йæ хистæр æфсымæр Яков. Йæ хо Оля куыд дзырдта, афтæмæй 9-æм къласы онг фæцахуыр кодта тынг хорз, скъолайы директор æмæ ахуыргæнджытæй сæ ныййарджытæ хъуыстой бирæ арфæйы ныхæстæ. 3-аг къласæй фæстæмæ Зауыр уыд скъолайы къулы газеты редколлегийы уæнг, сæ къласы старостæ. Ногдзауты рæнхъытæм бацыд 1933 азы, æмæ йын уæдæй фæстæмæ йæ бæрнон ахаст æмæ хорздзинад тауынмæ тырнынад уæгъд рæстæг нал лæвæрдтой. Изæрæй-иу йе 'мбæлтты сæхимæ æрбамбырд кодта æмæ сын сæ уроктæ амыдта. «Нæ сыхæгтæ ма абон дæр нæ хæдзары кæройнаг уат Зауыры скъола хонынц», – уыдон дæр Хозиты Оляйы ныхæстæ сты.

Лæппу ахуыргæнæджы дæсныйадыл ацыд, зæгъгæ, уæд дæр дзы рауадаид æцæг зондамонæг æмæ райгуырæн бæстæйыл æнувыд фæлтæртæ хъомылгæнæг. Уыцы фæлтæртæ ма хайджын уыдаиккой бæстон, бæлвырд æмæ аив ныхасæй мадæлон æвзагыл.

Фæлæ хъысмæтæй бæрæггонд – сис æмæ джебогъæй тохы фæндаг. Хозиты сæрæнгуырд йæхи сахъ, æмгæрттыл æнувыд хæстонæй кæй равдыста, уымæн æвдисæн – йе 'мхъæуккаг, æрдхорд æмæ æмтохгæнæг Таугазты Черменны мысинæгтæ: «Арвыстой нæ Тбилисмæ радистты курсыты ахуыр кæнынмæ. Уырдыгæй – комкоммæ фронтмæ Сталинграды бынмæ. Уыдыстæм 184-æм æхсæг дивизийы. Зауырбег, куыд хуыздæр, хъуыддагмæ арæхстджындæр, æвæрд æрцыд хистæр радистæй Дивизийы штабы иунæг радиостанцæйы. Мах та æрвыст æрцыдыстæм хæсгæ рацитимæ полкътæм. Æз дæр рацийæ бастдзинад дардтон Зауырбегимæ.

Иубон нæ полкъæн фехæлдис йæ радиобастдзинад – нæмыджы цæфæй йæ аккумуляпортæ ныппырх сты.

Хæст йæ тæккæ цыренныл уыдис, афтæ дын ме 'мбал фæхъæр кодта, «Заур ползет», зæгъгæ. Кæсын, æмæ æцæг Зауыр йæ фазыл æрбабыры, йæ разæй схойы цыдæр уæззау сау дзаума. Куы йæм бахæццæ дæн,

уæд бамбæрстон, кæй мын æрбахаста ног аккумулятор. Уый руаджы уайтагъддæр комдивимæ радиобастдзинад ацæттæ…

Иуахæмы уæззау хæстон уавæры мæ хæлар æрхъуыды кодта ахæм фæрæз. Уыцы бонты знаджы ныппырхæн цы мадзæлттæ арæзтой, уыдон, куыд æмбæлд, афтæ къухы не ‘фтыдысты, уымæн æмæ знаг хъуыста нæ приказтæ. Уæд Хозиты Зауырбег дивизийы штабæй фæдзырдта махмæ, æппæт полкъты радисттæм: «Нæ радиойы æмæ телефоны дзурдзыстæм æрмæстдæр иронау». Уыдис гæнæн, уымæн æмæ алы полчъы дæр ирон радист разынд: иу полчъы уыдтæн æз, иннæ полчъы – Зембаты-фырт, аннæйы – Дыдарты лæппу, æмæ иннæ ран та – Цабитæй иу цæрдæг лæппу. Приказтæ алырдæм лæвæрд цыдысты ирон æвзагыл. Знаг æппындæр ницы æмбæрста нæ ныхасæй, æмæ уый радта иттæг хорз фадат не ‘фсæдты хæйттæн знагмæ ныббырсынæн.

Нæ командиртæ мæ хæлары хуыдтой фæзминаг радист, хъæбатыр сырхæфсæддон. Цыфæнды хæстон уавæры дæр йæ рацы куыста æнæ къуылымпыйæ.

1942 азы нæ дивизи бацахста хъæу Чепурники. Уыдис иуцалдæр километры дарддæр, Калач-на-Дону, зæгъгæ, уыцы станицæйæ. Уæззау хæстытæ цыдис уыцы ран, знаджы тыхтæ уыдысты бирæ фылдæр.

Иуафон райстон Зауырбеджы рацийæ комдивы бардзырд Чепурники ныууадзыны тыххæй. Полкъ райдыдта фæстæмæ цæуын. Мæхицæн дæр мын радтой бардзырд, цæмæй сæмбырд кæнон мæ рацы æмæ ацæуон. Æз ма фæдзырдтон рацийæ мæ хæлармæ, уый дæр уыдис эфиры. Загъта мын, нæ дыууæ дæр кæй уыдтам, уыцы обауы фæстæ кæй сæмбæлдзыстæм. Фæлæ нæ уæдмæ знаг æхсын райдыдта. Кæй фæцæфтæ стæм, уый ма йын бамбарын кодтон. Ме ‘мбæлттæй дыууæйæ фæмард сты, мæхædæг фæдæн рог цæф, афтæ рог цæф фæцис мæ иннæ æмбал дæр. Нæхи æд раци æрæмбæхстам ададжы дзыхъхъы.

Раци хæссын хъуыдис, кæд ме ‘мбалæн йæ къах цæф уыдис, мæнæн та – мæ ных, уæддæр. Ацы тыхст рæстæг нæ Хозиты Зауырбег нæ ныууагъта. Иу æмбалимæ нæм æрбабырыдысты æмæ нын баххуыс кодтой хæсты быдырæй рацæуынæн. Фæндагыл фæурæдта нæ полчъы штабы хæринаггæнæн æмæ раци сæвæрдта уым мæ цæф æмбалимæ. Йæхæдæг та йæ бæхыл атындзыдта æмбырдгæнæн пунктмæ.

Иуафон нæ сæрмæ фæзындысты фашистон хæдтæхджытæ. Райдыдтой ныл бомбæтæ калын. Адæм æнæкарст мæнæуы хуымты нып-


**Хозиты Оля**

пырх сты. Бирæ фæкалдтой бомбæтæ, пулеметтæй ныллæгæй æхстой. Стыр фыдбылызтæ нын скодтой. Машинætæй ма иуцалдæр баззад, иннæтæ басыгъдысты, обозæй æнæхъæн бирæ нал баззадис. Адæмæй йæ сæрæн чи уыдис, уыдон фæндагмæ æрцыдысты. Фæзылдыстæм уыцы быдырыл, уæззау цæфты æрластам иуцалдæр бричкæйыл æмæ машинæйыл, æмæ сæ арвыстой æмбырдгæнæн пункты 'рдæм. Басыгъди Зауырбеджы машинæ æд рации. Йæ шофыр, нал ын хъуыды кæнын йæ ном, йæ мыггаг, баззад удæгасæй. Уыимæ Зауырбегæн йæхи бирæ фæцагуырдтам, фæлæ йæ нал ссардтам. Уый уыдис 1942 азы августы. Дыккаг бон æй æмбырдгæнæн пункты дæр фæцагуырдтон, фæлæ йыл нал сæмбæлдтæн».

Æвзыгъд хæстон æмæ суинаг поэт Хозиты Зауырбег 19-аздзыдæй хъæбатырæй фæмард хæсты быдыры…

Æдзард хæстонæн йæ поэтикон бынтыл дзургæйæ, фæнысан кæнын æмбæлы, мадæлон æвзаджы ад кæй æнкъардта, фæлгонцтæ аразынмæ кæй арæхст, лирикон ахаст æм кæй уыд цардмæ. Уæдæ æрдзы нывтæ дæр афтæ аив арæзта, æмæ алы кары адæймагæн дæр йæ цæстытыл ауайы йæ фæлыст афæдзы алы афонты. Стыр хъыгагæн, æрмæстдæр цалдæр æмдзæвгæйы æрхæццæ абоны онг Хозийы-фырты сфæлдыстадæй. Чи зоны, бацагуринаг ма сты йæ рæстæджы мыхуыры дæр, фæлæ бакæсын нæ бон кæй у, уыдонæй дæр хатдзæгтæ скæнæн ис, цы уыдаид, уый тыххæй. Уыдаид уый, æмæ æвзонг лæппу рацард, зæгъæ, уæд уæндон æмæ фидарæй зарыдаид æмдугонты æнтыстытыл, нæ барстаид æхсæнадæн йæ хъæнтæ, йæ уд хъардтаид уыдон сраст кæныныл. Уыдæттæм здæхтæй йæ бахъуыды кодтой, чи йæ федта, йемæ чи ныхас кодта, уыцы адæм. Диссаг, фæлæ йæ хуымæтæг рæнхъыты цымыдисаг хуызы баиу сты цин æмæ хъыджы æнкъарæнтæ. Хорз æмбæрста, хæстæн æнæ уæвгæ кæй нæй, фæлæ куы райдыдта, æмæ йæхæдæг æфсæддон дарæс куы скодта, уæд дæр не 'фсæст цины æнкъарæнтæ тауынæй. Знаг та йын уыд ахæм цæлхдур, йæ ныддæрæн

кæнын æппындæр дызæрдыггаг кæмæн нæ уыд. «У нæ хъуыддаг рахиз, /Мах уыдзæн уæлахиз», зæгъгæ, уымæн зæгъы йе ‘мдзæвгæйы. Бæргæ, уæлахиздзауæй куы сыздæхтаид, уæд, йæ адæм сæрибары сæраппонд сæхиуыл кæй нæ ауæрстой, ууыл бæстондæр æрдзырдтаид. Фæлæ ахæм «бæргæтæ» бирæ æрхæссæн ис, нæ курдиатджын фæсивæдыл дзургæйæ. Цы национ културæ нæм уыдаид, сæ хъарутæ сфæлдыстадмæ куы саразтаиккой, уæд, цас рæвдздæр рæзыдаиккой зонад, нывы æмæ музыкæйы аивад, бирæ æндæр къабæзтæ. Мысæм сæ, уæдæ, æмæ сæ рухс нæмтты кадæн фидæнмæ тырнæм…

*ХОЗИТЫ Зауырбег*

## ХЪÆБУЛЫ НЫХАС

Æрбайхъус-ма, мæ Райгуырæн,
Мæ дзырд куы у дæумæ!
Дæ риуыл æз куы сырæзтæн,
Мæ Райгуырæн бæстæ.

Кæс-ма, мæ мад, дæ хъæбулмæ,
Куыд хъæлдзæг у йæ цард!
Уый йе знагмæ, йæ фыдгулмæ
Фæдардзæнис цыргъ кард.

Куы сфæнд кæна бырсын знаг
Мæ Райгуырæн бæстæм,
Куы раласа йæ мæлгъ æвзаг, –
Уыдзæн лыстæг дæрæн.

Мæ фыстытæй марг дардзынæн
Фашизмы ‘взæр куыйтæн.
Мæ цард дæу тыххæй ратдзынæн,
Мæ уарзон Райгуырæн!

Æрхъус, мæ мад, йæ зарæгмæ
Дæ цинæфсæст фыртæн.

Мæ цæсгом мын ныррухс кодта
Мæ уарзон Райгуырæн.

## САБИЙЫ ЗАРÆГ

Хур йæ тынтæ райдзаст тауы
Стыр рæсугъд бæстыл.
Цин йæ къабæзтæ æртауы
Хъæлдзæг рухс бæстыл.

Райдзаст, хъæлдзæг иууыл бæстæ,
Сабитæ дзы хъазынц.
Хъæдтæ, кæмттæ, хъал цъæх фæзтæ
Дзаг хъæлæсæй зарынц.

Буц хъæбулæй мæн рæвдауы
Ме 'цæг мад – ныййарæг.
Дзаг хъæлæсæй ныр æз зарын,
Хъæлдзæг у мæ зарæг.

## ÆХСÆВЫ

Ныхъуыры рæстæг æхсæв. Хъазгæ
Æрныгъуылд мигъты 'хсæн мæй арф.
Æнхъæлын æз, нæ уыд нæ размæ
Нæ зæхх, нæ æз, йе дур, йе арв.

Ам адæм, хъæдтæ, быдыр, фæзтæ
Налхъуытау сæрттывтой фыццаг.
Æз зонын 'мæ уынын: æрмæстдæр
Сæрибар ам улæфы цард.

Уый зон: æппæт мæ алывæрсты
Цы уыны цæст, цы ис бæстон, –
Ыстыр тохы, уæлахиз хæсты
Ссис байсын махæн уый нæ бон.

Ныр мæйрухс нал ныдзæвы цæстыл,
Æрныгъуылд мигъты сургæ дард.
Æз зонын иу: æрмæст нæ бæсты
Æнхъæвзы циндзинадæй цард!

*1940 аз*

## ЗЫМÆДЖЫ НЫВТÆЙ

У зымæг фæзынаг
'Мæ та нæм æрцыд.
Ыстыхта æдзынæг
Зымæг хи урс кæрцы.

Хъызт… Уазал. Кæс, баззад
Æгомыгæй хъæд.
Ниуд – уадæн йæ базард,
Арв – мигътæй æхгæд.

Фæджих и… Ныйих и
Ныр хъæугæрон дон.
Уад зæххы урс рихи,
Зон, дауы бæстон.

Фæсахуыр нæ саппыл,
Нæ къуыппытыл, æрх…
Æд дзоныгътæ апырх
Сывæллæттæй хæрх…

Хъарм, акæс, – сæ дарæс,
Сты иууыл фæлыст.
Сæ цæсгæмтты арæзт
У цинæйдзаг хуыз…

## У НÆ ХЪУЫДДАГ РАХИЗ, МАХ УЫДЗÆН УÆЛАХИЗ!

Кæм ис Фыдыбæстæ, сæрибар,
Кæм зонынц адæмтæ цæрынад,

Уым у сæ ныфс, сæ хъару фидар,
Уым знагæн никæд ис æрбынат!

Фæлæ кæд уый, мыййаг, ысуæнда
Йæ арм уым æрæвæрын искуы,
Уæд зон, фæуыдзæнис фыдвæндаг,
Йæ фæндтæн суæвæн нæй уым никуы.

Цæттæ сты уым чысылæй стырмæ
Сæ бæстæйы сæрыл хæцынмæ,
Хæстмæ сæ фæтæджы фæдзырдмæ
Æмæ фыдызнаджы фæзындмæ.

Цæуынц адæргæйæ, куыд мæнæ
Ыстай йæ холымæ фæтырны.
Уырны сæ цъаммар знаджы мæлæт
‘Мæ сæ сæ уæлахиз фæуырны.

Гъе афтæ раст нæ адæм абон
Сты сæ фыдгулимæ тохы
Сæ Фыдыбæстæйы сæраппонд,
Сæ сæрибардзинады охыл!

Æмæ кæд знаг йæхи нæ дæтты,
Йæ сæр уæд баззайдзæн фыдтæн.
Уæлахиз мах уыдзæнис хæсты –
Зыны ныр дæр йæ кæрон тохæн.

*10.07.1941 аз*

*ДЗАДТИАТЫ Тотырбег*

# СУСÆГ ФÆНДÆГТÆ

*Уацау*
*(скуыддзаг)*

## СТЫР БÆРÆГБОНЫ АГЪОММÆ

Дыууæ хæстон æмбалы ныхас нæ аскъуыд фæсахсæвæртæм.

Фæстагмæ Уыртаты Михал загъта:

– Харитон, æнæ цæугæ дын нæй! Цас адæм бæллы дæ фендмæ! Зæрдиагæй дæ хонынц, иттæг зæрдиагæй.

– Нæй мын ацæуæн, Михал, нæй! Куыстæй мæ къубалмæ дæн, æмæ мæ бæрæгбонтыл зилынмæ, хуындтыты бадынмæ не 'вдæлы…

– Не 'вдæлы, не 'вдæлы, – мæсты кæнын байдыдта Михал. – Цæсгом дæр дзы хъæуы! Фондз æмæ ссæдз азы дæргъы дæ хæстон хæтæнтæ ма бабæрæг кæн, дæ дыккаг райгуырæн бæстæ ма фен!.. Хæсты цæхæры мыггагмæ æфсымæрдзинады охыл ард кæимæ бахордтай, уыдоны къухтæ ма райс… Командир афтæ нæ фæкæны!

Сæ ныхас сын фескъуыдта телефоны дзæнгæрæг. Фæраздæр æм хæдзары æфсин Райæ. Систа йæ æмæ байхъуыста. Дзурæджы фæрстытæн дзуапп лæвæрдта, иннæтæ дæр æй куыд хъуыстаиккой, афтæ хъæрæй:

– О, о, Хætæгты фатер у… Минскæй дзурыс? Æмæ дæ чи хъæуы? Ваня? Иван? Махмæ ахæм нæй… Фæрæдыдтæ, зæгъыс? О, о, фæрæдыдтæ, – æмæ Райæ тызмæгхуызæй æрцæйæвæрдта хæтæл, ацы æнафоны нæм цавæр къæйныхх сылгоймаг дзуры, зæгъгæ. Фæлæ Харитон хабар фембæрста, райста телефоны хæтæл, афтæмæй йе 'фсинæн загъта:

– Æз дæн Ваня, æз… Куы ма дын дзырдтон. – Стæй телефонæй дзурын байдыдта: – Минскæй дзурыс? Æмæ чи дæ? Еленæ Григорьевнæ, зæгъыс? Æмæ æз ахæмы куынæ зонын… Галя? Уый æндæр ныхас у! Æз та – Ваня, Юсуп… – æмæ тынг зæрдиагæй ныххудтис: – Галя, æгас дæн, æгас… Саджы хуызæн!.. – загъта Харитон æмæ та йæ хъæлæсыдзаг ныххудтис.

Михал дæр хъуыста ныхасмæ æмæ бамбæрста, афтæ зæрдиагæй кæимæ дзуры, уый, фæлæ йæ уæддæр хъæлдзæгæй афарста:

– Мазаник у? Галя? Еленæ Григорьевнæ?

– О! – Михалы 'рдæм ракаст Харитон. – Белоруссийы гитлерон рейхскомиссары чи «ныффу» кодта, уый, мæ партизанкæ.

Райæ дæр базыдта, Харитон кæимæ дзуры, уый æмæ йе ‘рфгуытыл бæрзонддæр схæцыд, афтæмæй сæрыстырæй хъуыста телефонæй ныхасгæнджытæм.

Харитон «йæ партизанкæты» стыр æмæ тæссаг операцимæ куыд цæттæ кодта, уый дзырд нæма фæцис, афтæ та телефоны дзæнгæрæг ныййазæлыд.

– Харитон Алыксандры фырт, дзуапп ратт, Минскæй та уæм дзурынц, – райхъуыст телефонисткæйы уæздан хъæлæс.

– Минск... Хъусын дæм! – дзырдта Харитон, – Чи дæ? Сау хæйрæг? «Черная»? Мария Борисовнæ? Осипова?.. О, æз та Ваня дæн, Ваня… Ӕгас ма дæн, фæрсыс? Ӕгас кæй дæн, уый тыххæй дæм райсом Мишæ йæхæдæг тел ратдзæн дохтыры къухæвæрдæй... Ды дæр мæ хоныс бæрæгбонмæ? Се ‘ппæт дæр мæ хонынц? Белоруссийы ЦК дæр мæ хоны? Стыр бузныг, «Черная»!.. Мазаник дæр мæм дæ размæ дзырдта.

Харитон хæтæл æрæвæрдта æмæ сагъæсхуызæй Михалмæ бакаст:

– Мæнæ бæллæх! Дыууæ азы æмæ æрдæг тымыгъты æмæ цæхæры цы партизанты ‘хсæн сыгътæн, уыдонæй никæй уырны, æгас ма дæн, уый...

– Ӕз дæр дын уый дзурын, мæ хæлар, æмæ дæм нæ хъары, – сыстад Михал дæр æмæ йын йæ къух исы, ацæуынмæ хъавгæйæ. – Ацы хатт дын æнæ цæугæ нæй!

– Омæ цы æрхатын кодтай уыйбæрц адæмы дæхимæ? – бустæхуызæй сдзырдта Райæ дæр. – Ацу! Мæнæ дæ чызджы дæр акæн. Уадз æмæ Людæ дæр фена æмæ базона уыцы æрдхæрæны зæхх æмæ диссаджы хъæбатырты...

– Людæ, дæхи бацæттæ кæн, уæдæ! Райсом мединституты ректорæй ацæуыны бар ракур... Мæн дæр ахæм ранмæ обком хъуамæ афæндараст кæна...

Сæрдыгон хур бон. Минскы егъау аэродром. Уæлдæфон лайнер «Ту» йæхи æруагъта лæгъз фæзмæ æмæ æрбадт. Бæлццæттæй æппæты фæстæ трапмæ рахызти бæрзонд, дыууæ метры дæргъæн бæзæрхыг лæг. Йæ фæтæн риуыл хуры тынтæм тæмæнтæ калдтой йæ хæстон хорзæхтæ. Йе стыр цæстытæ ахаста аэродромыл. Алы кары нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ йæм уæлдæфы тылдтой дидинджыты бæстытæ æмæ æзтыхджындæрæй хъæр кодтой уырыссагау æмæ белоруссиаг æвзагыл:

– Нæ комиссар! Нæ командир! Нæ комбриг! Нæхи Ваня æгас у!

Ӕгас нæм цу! Нæхи Юсуп, æгас дæ, æгас дæ! Уый ды дæ?!. Ваня, ахъæбыс дын кæнон!..

Дуаргæсы бон нал бацис цингæнæг адæмы бауромын. Рауылæн кодтой сæ рагон уарзон æмæ хæлар адæймаджы размæ. «Фондз æмæ ссæдз азы сæ никæйуал федтон... Ӕвæццæгæн ма мæ мæ асæй базыдтой», – загъта Харитон дæр худгæйæ, йæ цины цæстысыгтæ асæрфасæрфгæнгæ сæвджын къахдзæфтæй цыд сæ размæ.

Амондджынты цины бæрæгбон аххæссыд иу абонæй иннæ абонмæ. Къуырийы дæргъы зылдысты сæ хæстон бынæттыл, кæрæдзийы рахон-бахон кодтой бæркадджын фынгтæм. Иу иннæйы дзыхæй ныхас иста, афтæмæй дзырдтой сæ мысинæгтæ. Ничи ницы ферох кодта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыдазты цаутæй. Ӕмæ сын рохгæнæн дæр нæй. Цæудзысты фæлтæрæй-фæлтæрмæ фыдфыны аргъæуттау, зæххыл чи никуыма æрцыд æмæ кæй ничи фехъуыста, ахæм хъæбатырдзинады таурæгътæ.

Белоруссиаг хъæу Хатынь – Минскы облæсты партизанты хæцæн бынæттæй иу. Хъæу нæ бакуымдта лæбурæг æцæгæлоны къæхты бын архуыссын, тох кодта йæ сæрибар æмæ йæ фæрныг цард фыдгулæй бахъахъхъæныны сæраппонд. Йæ алы дур, йæ алы бæлас дæр уыд знæгты цæгъдæг.

Хатынь ныр у мемориал. Ардæм, нæзы æмæ бæрз бæлæсты астæу æрдузмæ, раздæры хъæуы бынатмæ, æрæмбырд сты уазджытæ æмæ фысымтæ. Дурзæрдæ адæймаг дæр нæ бауромдзæн йæ цæстысыгтæ ацы нывмæ бакæсгæйæ.

Егъау скульптурон композици. Ацæргæ лæг сыгъд дарæсы йæ цæнгтыл systa мард сабийы æмæ йæ рахæссы пиллон уадзгæ. Лæг, йæ хъыджы æмæ масты фыцгæйæ, кæсы дардмæ – цъæх арвмæ, хъæдтæм, фæндæгтæм, хъæутæм æмæ горæттæм. Йæ æртхутæгхуыз сæрыхъуынтæ йын дымгæ фæйлауы.

Уый у Иосиф Каминский, æнæхъæн хъæуæй ма иунæгæй удæгасæй чи раирвæзт, уый. Хъæуы фашистон сырдтæ хæрзбын бакодтой 1943 азы 22 мартъийы. Цæрджытæ ницы æмбæрстой, афтæмæй сæ райсомæй раджы цъиуæй-бæдулæй тугцъир фашисттæ æрæмбырд кодтой хъæугæрон иу сарамæ. Самадтой ма сыл хъæмп æмæ хос, афтæмæй сарайыл арт бандзæрстой... Пиллон арты немыцаг лæгмар Дирлевангеры сырдтæ басыгътой 149 адæймаджы, уыдонимæ 76 сабийы. Сарайæ

раирвæзынил чи архайдта, уыдоны карстой автоматтæй æмæ сæ фæстæмæ цæхæрмæ сугтау калдтой. Уый фæстæ бавнæлдтой хæдзæрттæ судзынмæ, æмæ æнæхъæн хъæу иунæг Каминскийы хæдзарæй фæстæмæ æртхутæг фестадис. Хъенæй ма баззадысты æрмæстдæр дурæй амад пецты фæздæгдзæуæнтæ.

Хатынь иунæг æвдисæн нæу фашизмы емынæ тауæг хъуыддæгтæн.

Мæнæ сау мраморæй конд стыр цыртыл æндон дамгъæтæй фыст:

*«Фашистские варвары превратили в руины 209 белорусских городов и городских поселков, 9200 деревень... От рук оккупантов в Белоруссии погибло 2 миллиона 230 тысячи советских граждан.*

*Это никогда не будет забыто».*

Мингай нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ мæрддзыгойау æнцад лæууынц æмæ кæсынц, хъæуы бынаты арæзт мемориалмæ. Чи æр-



гомæй кæуы, чи та аивæй асæрфы йæ цæстысыгтæ, кæмæн та фыр мæстæй йæ дæндæгты къæс-къæс ссæуы.

Адæмы астæуæй бæлвырд бæрæгдæрæй зыны Харитон – бæрзонд, бæзæрхыг ирон лæг, белоруссиаг партизанты зынгæдæр раздзæуджытæй иу. Æмæ уый дæр нæ уромы йæ цæстысыгтæ. Æдзынæг кæсы, хъæуы сыгъд хæдзæртты бынæтты цы цыртытæ ис, уыдонмæ.

Сабыр уæлдæфы хъæды астæу æрдузы ныййазæлыд дзæнгæрæг кæройнаг цырты сæрæй. Уый фæдыл – дыккаг… Æртыккаг… Æхсæз æмæ ссæдзæм... Афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ Хатыны мемориалы дзæнгæрджытæ алкæмæн дæр йæ зæрдыл лæууын кæнынц, ивгъуыд хæсты Райгуырæн бæстæйы сæраппонд йæ туг чи ныккалдта, уыдоны се ‘ппæты дæр: «Ничи ферох, ницы ферох!..»

Харитон зилы æмæ зилы йæ хæцæн бынæтты, партизанты тохы намысджын фæндæгтыл. Æмбæлы йе ‘фсæддон æрдхæрдтимæ.

Ацæуæм-ма, кæсæг, сæ фæд-фæд. Цымæ, цавæр цаутыл у сæ зæрдиаг ныхас?..

## ФÆЛВАРÆН... ЦАЛÆМ ХАТТ?

Уалдзыгон хъуынтъыз бон цъæх мигъы нуæрст бæлæсты аууæтты хъуызгæ цыдис бæрзонд, уæнгджын фæллад лæг. Йæ уæлæ – белоруссиаг зæхкусæджы хæррæгътæ: хиуафт кæттаг хæдон, бæмбæджджын зæронд къурткæ, æмпъызтытæ хæлаф, къæхтыл – рæхсæнтæй быд къогъодзитæ, йæ фарсыл – кæттаг хызын. Хызыны уæззау хæссинаг ын æлхъывта йе уæхск. Дзыппытæй къуыбыр дардтой гранаттæ.

Сихорафон уыдаид, афтæ фæллад лæг хъæдæй бахызт цъыхырыджын атагъамæ æмæ ныллæггомау къудзиты астæу йæ зонгуытыл æрлæууыд, афтæмæй акаст размæ, стæй йæ фæйнæ фæрстæм. Куыд хъавыд, афтæ рауад йæ хъуыддаг: йæ разы – æфсæнвæндаг. Уæлвæзгондæй йæм зындысты рельсытæ æмæ хид. Сæдæ метры бæрц ма ныллæг къудзиты астæуты бабырдзæн йæ цыппæртыл, стæй йæ гуыбыны цармыл схилдзæн рельсытæм. «О, мæ амонд, кæм дæ?» – йæхинымæры скуывта лæг, тымбыл цæсгомы сурхид армытъæпæнæй асæрфта, стæй егъау хъамбул цæстытæ асхъаудта æмæ æфсæнвæндагыл хиды ‘рдæм йæ цæстæнгас ахаста. Суыдта йын йæ цуры гæрæмытæ будкæ.

«Мæ фыдбылыз та мæм кæцæй кæсы!» – йæхинымæры ахъуыды кодта лæг. Бæлвырдæй зыдта, хид хъахъхъæнæг æфсæддон будкæйæ

кӕй фӕлгӕсы, уый. Фӕстаг рӕстӕг ахӕм ӕфсӕддон хъахъхъӕнджытӕ сарӕх сты фӕндаджы былтыл ӕмӕ «ӕцӕгӕлонӕй» хӕстӕг никӕй уагътой ӕфсӕнвӕндагмӕ, уӕлдайдӕр та хидтӕм.

Уӕртӕ йӕ дыууӕ ӕмбалы дӕр хъӕдӕй ӕрбахызтысты ӕмӕ будкӕйы 'рдӕм уӕрдонвӕндагыл кӕрӕдзимӕ дӕрддзӕфгомау цӕуынц. Сӕ халамӕрзӕнтӕ се 'ккой, сӕ дзаг дзӕкъултӕ сӕ фӕрстыл, зӕхкусӕджы дарӕс сыл.

Мӕнӕ ныр сӕ хъавд кӕдӕм у, уыцы бынат агуырдтой цыппар боны ӕмӕ ӕртӕ ӕхсӕвы. Фӕлӕ сӕ къухы ницы ӕфтыди. Немыцаг ӕфсӕдтӕ сарӕзтой ӕппӕт мадзӕлттӕ дӕр, цӕмӕй ӕфсӕнвӕндаг хызт уыдаид партизантӕй ӕмӕ ӕндӕрхуызон диверсанттӕй. Адих ӕй кодтой хӕйттыл, йӕ былгӕрӕтты йын километрӕй километрмӕ сарӕзтой фидӕрттӕ – доттӕ. Ацы фидӕртты бадтысты алыхуызон хӕцӕнгӕрзтӕй рӕвдз ӕфсӕддонтӕ. Хъалагъуры посттӕ кӕрӕдзиимӕ баст уыдысты телефонтӕй ӕмӕ радиойӕ. Фӕндаджы ӕдасдзинад рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ бӕрӕг кодтой сӕрмагонд патрультӕ... Хорз уыдаид ӕхсӕвыгон архайын. Фӕлӕ фӕстаг рӕстӕг немыц сӕ эшелонтӕ ам ӕхсӕвыгон цӕуын нал уагътой, – ӕрмӕстдӕр бонрухсӕй.

Цуангӕнӕг ӕмбӕлттӕ уыдысты фондз. Фӕлӕ дзы дыууӕ фӕмард. Ныр та удӕгӕсты хистӕрмӕ афтӕ кӕсы, цыма ссардтой, фарн сӕм кӕцӕй ферттивдзӕн, ахӕм бынат. Уӕртӕ будкӕйы бады иунӕг немыцаг ӕфсӕддон, хъахъхъӕны хид ӕмӕ ӕфсӕнвӕндаг. Будкӕмӕ хӕстӕг хуымгӕнды уадздзӕгтӕ сау дарынц. Раздӕр куыд баныхас кодтой, афтӕмӕй йӕ дыууӕ ӕмбалы цӕуынц ацы хуымтӕм. Хъуамӕ фӕсайой хъахъхъӕнӕджы, фадат скӕной хистӕрӕн рельсыты бын минӕ бавӕрынӕн. Алчи дӕр сӕ зоны, знаг зын асайӕн кӕй у, уый. Фӕлӕ уӕддӕр сӕ зӕрдӕ дарынц. Бардзырд ӕххӕст кӕнынмӕ рацӕуыны агъоммӕ сын командир комкоммӕ загъта: «Уӕхи равдисут!.. Белоруссийы хъӕдты ӕмӕ цъымара быдырты бирӕ алыхуызон адӕм хӕты. Уыдонӕй иутӕ, раздӕры сырхӕфсӕддонтӕ, сержанттӕ ӕмӕ советон афицертӕй фыдгулы фӕсчъылдым ӕнӕбары чи баззад, ахӕмтӕ сты. Ӕмӕ сӕ фӕнды, партизанты рӕнхъыты фашистты ныхмӕ куы тох кӕниккой, уый. Иннӕтӕ та сты, советон патриоттыл гадзрахатӕй чи цӕуы, ахӕмтӕ... Сымах дзы кӕцытӕй стут, уый хъуыддагӕй равдисут. Бафӕлварут уӕхи равдисыныл...»

Уӕнгтӕ куыннӕ базыр-зыр кодтаиккой ахӕм ныхӕстӕй: «Гадзрахатӕй цӕуӕджы ном райсынӕй мӕлӕт – хуыздӕр!»

Хъæды ‘рдыгæй чи фæзынд, уыдонæй иу у Петя Трошков. Ацы æрыгон, цæрдæг æмæ хæларзæрдæ сырхæфсæддоныл пыхсæй фæлгæсæг Хæтæгты Харитон æуууæнды, йæ зæрдæ йыл дары. Йæ фæстæ гурæй-гурмæ уæззау къахдзæфтæгæнгæ цæуы, уæнгджын, «æнæхсæст» кæй фæхонынц, ахæм. Йæ ном – Макар. Харитон æй дзæбæх нæма зоны, æрæджы базыдтой кæрæдзийы.

«Ехх, куы сарæхсиккой! Сæ къухы куы бафтид немыцаг хъахъхъæнæджы йæ ахстонæй, телефон æмæ рацийы цурæй дарддæр расайын!» – ахæм уыд ныртæккæ Харитоны сæйрагдæр бæллиц. Иу хъалагъуры фæхуыдуг кæнын сын тынг зын бакæнæн хъуыддаг нæ уыдис. Фæлæ, цыфæнды дæсны архайд куы кодтаиккой, уæддæр немыцагæн йæ къухы бафтыдаид телефонæй кæнæ рацийæ иннæ посттæм фæхабар кæнын.

Петя æрлæууыд конд хуымы кæрон. Бакæстытæ йæм кодта, стæй йæ дысæй йæ цæсгомы хид асæрфта, йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта æмæ йæ хызын гуыбынмæ æрбазылдта. Йæ цæстæнгас аивæй будкæйы ‘рдæм дардта, афтæмæй цадæггай тауын байдыдта хлепайы нæмгуытæ.

Иннæ æмбал Макар æм æрбазгъордта йæ халамæрзæнæй æртхъирангæнгæ. Йæ цуры лæбурæджы лæуд æркодта æмæ йæм æвзиды, хъæрæй æлгъиты, мæ хуым мын цæмæн тауыс, зæгъгæ. Петя фыццаг йæхи нæхъусæг скодта, стæй йæ тауын фæуагъта æмæ йыл фæбогъ кодта:

– Фесæф ардыгæй, куыдзæй гуырд! – йæ халамæрзæн ын ратыдта æмæ йæ дард фехста: – Загъд къахыс? Уæд цæвæм къухтæй.

– Хуыйæ гуырд къори, дæ хурхыл дын бахæцдзынæн! – йæ хъæлæсыдзагæй фæбогъ кодта Макар дæр æмæ йын йæ хызыныл фæхæцыд.

Хъалагъур йæ будкæйæ рацыд æмæ йæ сины сæртыл æрхæцыд, афтæмæй сæм касти, йæ кæл-кæл нал урæдта.

«Хорз райдыдта сæ «хыл»! – бацин кодта Харитон æмæ сæм æдзынæг каст.– Фриц сæм хæстæгдæр куы бацæуид!»

Хыл тынгæй-тынгдæр кодта. Петя дыууæ къухæй надта Макары сæр, йæ бырынчъыты туг ын акалдта. Уый дæр æй зæххыл ныццавта æмæ йе ‘ккой абадт:

– Ды мæн марыс? Кæс-ма уæдæ дæхимæ?! Æз дæ ныртæккæ сæргæвддзынæн æмæ дæ гæбазгай хуымы байтаудзынæн. – Нæмы йæ йæ тых-йæ бонæй.

Фриц дæр нал фæлæууыд æмæ дамбаца æргъæвдæй сæ уæлхъус алæууыд, иргъæвы туджы мæцæг «хылгæнджыты».

«Уæ нæхи хæххон Уастырджи, табу дæхицæн! Хъуыддаг фæрæстмæ кæн! – зæрдиагæй скуывта Харитон, ацы нывмæ кæсгæйæ.

Немыцаг хылгæнджытæм йæхи нал баурæдта æмæ сæ къахæй тъæппытæ кæнын райдыдта, афтæмæй сыл хъæртæ самадта. Макар ын йæ дыууæ къахы ацахста, æмæ фрицæн зæххыл йæ гуыпп фæцыд. Петя йе ‘ккой абадт æмæ йын йæ хурх нылхъывта. Макар та йын йæ къухтæ æмæ къæхтæ бæттынмæ фæцис.

«Стыр бузныг, лæппутæ!» – ныццин кодта Харитон æмæ йæ хæссинаг рогæн айста, афтæмæй йæ гуыбыны цармыл абырыд æфсæнвæндагмæ.

Петя æмæ Макар, сæ гуыбынтыл быргæйæ, немыцаджы сæ фæстæ хъæдбынмæ сыфцæй аластой. Харитон бахæццæ йæ нысанмæ. Чысыл белæй тагъд-тагъд къахын байдыдта зæхх. Райхæлдта минæйы баст æмæ йæ дзыхъхъы нывæрдта. Йæ бикъ рельсыл куыд æндзæва, афтæ бафидар кодта сæрмагонд минæ æмæ йыл капсулæ бакодта. Минæ сыджыты бын æрнуæрста, цыдæр хæмпæлтæ æмæ йыл хуыртæ бакалдта, фæндаг сгарджытæ йыл куыд нæ фæгуырысхо уыдаиккой, афтæ. Хæрз чысыл рæстæг йæ улæфт суагъта, цæсгомы хид асæрфта æмæ та фæйнæрдæмты акаст. Бæстæ сабыр уыд, змæлæг æмæ уынæрæн сæ кой дæр нæ хъуысти. Харитон йæ цыппæртыл фæстæмæ абырыд.

Иу-дæс æмæ æртиссæдз санчъехы бæрц куы адард æфсæнвæндагæй, уæд къудзиты æрнымæхст æмæ йæ фæллад уагъта.

Фæлæ кæд фæзындзæн фыдгулы эшелон?

Ацы фæндагыл – горæт Вилейкæйы районыл – фашисттæ ласынц бирæ хæцæнгæрзтæ æмæ æфсæдтæ. Уæлдайдæр та ныртæккæ. Мæскуыйы цур сын цы æфсæдтæ æмæ хæцæнгæрзтæ дæрæнгонд æрцыдысты ивгъуыд зымæджы, уыдоны бынаты сæ æрæвæрын хъæуы ног дивизитæ. Уæдæ Гитлер йæ сæрдыгон тыхджын ныббырстмæ цы æфсæдтæ æмæ хæстон техникæ бацæттæ кодта, уыдон дæр сты фæндæгтыл – Европæйы иннæ бæстæтæй сæ æрвиты Советон Цæдисмæ. Æмæ искæцы эшелонæн ацы фæндагыл æнæ фæзынгæ нæй. Фæлæ та уымæй раздæр хъахъхъæнджытæ фæндаг бæрæггæнæг куы рацæуой... Уæд утæппæт фыдæбæттæ фæдзæгъæл уыдзысты.

Харитон йе ‘нкъард хъуыдытæ йæхицæй бæргæ сырдта, фæлæ

атæрын нæ куымдтой. Йæ цæстытæ атар вæййынц, тугдадзинтæ адымсынц, афтæмæй йæхи афæрсы: «Цæуылнæ мæ фæцис хæстон амонд? Цы фыдбылыз бафтыд мæ фæдыл? Цæмæн æрхаудтон ахæм ранмæ, æмæ мыл æууæнк мауал уа?»

Харитон зоны: командир Линьков Сырх Æфсады Генштабæй æрвыст у æмæ архайы Белоруссийы партизанты змæлд стыхджын кæнынил. Фæлæ йын куы загъта, афицер у, политикон архайæг, йæ партбилет дæр æм куы равдыста, – иуæй-иутау æй скъуынгæ кæнæ ныгæнгæ нæ бакодта, йæ цæсты гагуыйау æй куы хъахъхъæны... Уæд ыл цæуылнæ баууæндыд? Йæ фæстæ ма йын партизанты сгарджыты цæмæн рарвыста? Æниу æм цæмæн æртхъиræн кодта: «Бардзырд куынæ сæххæст кæнай, уæд дæ агæрах кæндзыстæм...» Харитон йæ дзырд куы никуы фæсайдта... Тæппуддзинад куы никуы равдыста... Гадзрахатæй куы никуы никæуыл рацыд... Уæдæ йæ хистæрты фæдзæхст нæ сæххæст кодта, зæгъгæ йæм ахæм фау дæр никуы ничи æрхаста... Уæд ныртæккæ ахæм уавæры цæмæн бахаудта, æмæ йын йæ фæстæ бæрæггæнджытæ æрвитой?...

Фæсабыр у, зæрдæ, фенцай дæ гуыпп-гуыппæй! Рельсыты гуыв-гуыв хъустыл уайы. Уый хуымæтæджы нæу, кæмдæр æрбацæуы поезд. О Уастырджи, хæстонты Уастырджи, фашистты егъау эшелон рауадз рындзыл!

Харитон аракæс-бакæс кодта. Йæ алфамбылай цъиуызмæлæг нæ уыд. Сонт гæппæй фестад æмæ йæхи баппæрста хæстæгдæр наз-мæ, гæдыйау рæвдз схылди къабузджын бæласмæ æмæ йыл йæхи ныдæгъта. Акаст хурныгуылæнырдæм æфсæнвæндаджы сæрты. Паровозы фæздæг... Йæ фæстæ морæхуыз калмау лæсыд уæзласæн вагæтты хал. «Æрбацæуы мæ амæттаг! Саг – фæрæтмæ! Мæ минæ мæ куынæ фæсаид!» – хинымæры сцин кодта Харитон.

Гъæй-джиди, ацы бæласы къабузты æхсæнæй кæсынæй æдас куы уаид æмæ куы фенид знаджы эшелоны сæфт! Фæлæ уый гæнæн нæй – эшелон хъахъхъæнджытæ йæ бафиппайдзысты æмæ йæ куырисау æрæппардзысты бæласы сæрæй... Стæй йæ синаг бынæй ис.

Паровозы футт-футт, вагæтты дзыгъал-мыгъул хъустæ арыдтой. Дарг-гъ у, æнахъинон даргъ! Цæстытыл уайынц гом вагæттыл æвæрд танктæ æмæ сармадзантæ. Бирæ дзы ис æхгæд вагæттæ дæр. Уыдоны фашисттæ цы ласынц хурыскæсæнырдæм, фронтмæ, уый хæйрæг базонæд.

Харитон афæнд кодта вагæттæ анымайын. Фæлæ йæ тыхстæй уый йæ къухы нал бафтыд: куы афæстиат уа æмæ афойнадыл йæ къухы куынæ бафта минæйы синаг раивазын. Æрбырыд зæхмæ. Синагыл æрхæцыд æмæ аууоны æрбадт. Кæсы æдзынæг хидмæ, йæ минæ кæм бануæрста, уырдæм. Æндæр ницыуал уыны æмæ æмбары. Уæззау æмæ даргъ эшелоны цыдæй зæхх æнкъуысы, хъустæ гуыр-гуыр кæнынц. Паровоз хидмæ фæхизы. Харитон синаг йæхирдæм арæхстгай ралхъывта æмæ йæ цæстытæ ацъын кодта, зæрдæ йæхи сцагъта риуы къултыл.

Æвæццæгæн, фыр тæссæй хорз æвæрд не 'рцыд, йе та... Æнуд æмæ тыхджын срæмыгъдæй зæхх нынкъуысти. Харитон къуырмайау фæци æмæ цæстытæ фæдзагъыр кодта фæндаджы 'рдæм. Паровоз фæздæг калгæ фæтæхы дæлбылмæ. Вагæттæ кæрæдзийыл гæппытæ кæнынц æмæ сæрбихъуырæйттæгæнгæ тæхынц фæйнæрдæм. Бæстæ æрвнæрæгау гуыр-гуыр кодта, уæлдæф фæздæг æмæ рыгæй ахгæдта.

Харитоны нæма уырныдта, йæ хæстон амондæй хайджын фæцис æмæ «саг агуыпп» ласта, уый. Минуты бæрцæй фылдæр уадзыгауæй касти йæ амæттагмæ. Стæй æрчъицыдта æмæ фæхъæр кодта: «Хорз, иттæг хорз! Табу дæхицæн, хæстон Уастырджи! Мæ сæр бафснайон ныр...» Æмæ фæгæпп ласта. Хъæдбынты сæгуытау гæпп кодта, афтæмæй уади йе 'мбæлттæм...

Эшелон афæлдахынæй партизантæм «æвзаг» удæгасæй бахæццæ кæнын рауад 'ноджы фыдæбойнагдæр. Немыцаг бæрзонд æмæ хæрзхаст салдат фыр тæссæй размæ акъахдзæф кæнын нæ куымдта. Ам мæ амарут, бæласыл мæ æрцауындзут, зæгъгæ, куырдта æмæ æрдиаг кодта. Зæххыл-иу ахауд, афтæмæй йæ цыппæртæ тылдта, басур-иу. Æмæ йæ уæд хæсс де 'ккой.

Сæ лагерьмæ та сæ цæуын хъуыдис æхсæвыгон æвæндаг хъæды æмæ цъыфдзастыты. Уымæйдæр фыдвæллад æмæ æххормагæй. Фесты сæ фæндаггæгтæ. Ныр та ахæм «уаргъимæ» хъæумæ нæ феэдæхдзынæ, искæмæй къæбæр нæ ракурдзынæ, – цас фæсвæдтыдæр цæуай æмæ дæ фæд тагъддæр фæливай, уыйас хуыздæр. Кæннод дæ фашисттæ æмæ сæ хъузæттæ кæм «ацъипп» ласдзысты, уый зонгæ дæр нæ бакæндзынæ. Харитон та хорз æмбæрста, эшелон кæм афæлдæхта, уыцы ран ныртæккæ фашистты балбирæгътæ цæф сырдтау куыд ратæх-батæх кæнынц «фыдгæнджыты» ссарын æмæ æрцахсыныл, уый.

Хъыбыллæйы фæрцы мæйдар æхсæв дæр ссардтой, цуаны цы

хъædæй ацыдысты, уый. Боныцъæхтыл сæ хъахъхъæнджытæ къу-хæй-къухмæ лæвæрдтой, афтæмæй, сæ къæхтыл ма тыхлæуд кæнгæйæ, бахæццæ сты командиры ныггæндмæ.

Фæлæ нал сæмбæлдысты къæсхуыр, бæрзонд æмæ цырддзаст булкъон Линьковыл. Сæ разы æрлæууыд æмæ сæм дзыппыдаргæ цырагъы рухсæй бакаст æрыгон фæтæнриу боцъоджын афицер, фæсномыгæй йæ хуыдтой «Бородач»

Харитон базыдта Бородачы æмæ, йæ фæстæ цы саулагъз, тымбыл-дзæсгом лæппулæг лæууыд, уый дæр: Линьков æй «цуаны» куы æр-выста, уæд ацы дыууæ афицеры граждайнаг дарæсы лæууыдысты йæ фæйнæфарс, æмæ сын сæ цæсгæмттæ бахъуыды кодта. «Ног командир æмæ нын комиссар,– хинымæры загъта Харитон. – Чи сты? Линьков цы фæцис?» Хъæрæй та æфсады уагæвæрдмæ гæсгæ рапорт радта:

– Æмбал командир, æфсæддон хæслæвæрд сæххæст кодтам. Æфтаугæ дæр ма йыл бакодтам: æрбаластам удæгас сырд. – Харитон ацамыдта, уацары цы немыцаг салдаты райстой, уымæ, стæй æнкъард хъæлæсæй загъта: – Фыдæбон æмæ фыдбылызы дæр бахаудтам: нæ къордæй дыууæ фæмард. Рухсаг уæнт.

– Рухсаг уæнт, – загъта Бородач дæр æмæ, йæ худ систа, афтæмæй æнкъардæй алæууыд. Иннæтæ дæр уый бафæзмыдтой.

Стæй Бородач сдзырдта:

– Цæут! Уæ фæллад суадзут. Уæ балцы тыххæй та уый фæстæ аныхас кæндзыстæм. «Уазæджы» уадзут коменданты бар.

Фæллад «цуанонтæ» ныххызтысты талынг æмæ æнуд ныггæндмæ. Уадз æмæ уа ингæны хуызæн, – æдасæй дзы бафынæй уыдзысты. Ма дзы уæд æрхуыссынæн хъæмп дæр, – нæзыйы хихтæ – сæ гобан æмæ баз, ногконд æндзæлттæй арæзт цар – сæ хъæццул. Æххормаг сты дык-каг бон, уый дæр ницы кæны, бафæраздзысты уал. Кæмæй цы радомой æгомыг хъæды астæу?! Партизанты бригад нырма ныр гуыры хæрз уымæл уалдзыгон зæххыл сау хъæды, фароны хæмпæлтæй æндæр дзы кæрдæг дæр нæма ис. Фæлæ ничи ницæмæй хъаст кæны, – уавæртæ куыд сты, уый алчи дæр æмбары. Харитон дæр афтæ. Ногкъахт ныггæнды йыл уазал дымгæ не 'мбæлдзæн, куы уара, уæд ыл тæдзгæ дæр нæ кæн-дзæн. Ног лагеры алыварс лæууынц хъалагъуртæ, æмæ сæм æвиппайды знаджы къух дæр нæ бахæццæ уыдзæн. Ахæм æдас ран фæфынæй кæ-нын – хуыздæр ницæмæ бæллыд Харитон ацы сæумæрайсом.

Бонрæфтыл Харитоны райхъал кодта фидиуæг:

– Командир дæм дзуры, – йæ уæззау даргъ къабазыл ын схæцыд.

Харитон, цыма фынæй дæр нæ уыд, афтæ рог фæгæпп ласта.

– Кæм ис командир? – сонтæй афарста æмæ йæ цæстытæ асхъаудта.

– Мæ фæдыл цæугæ, – цыбыр дзуапп радта фидиуæг.

Дыууæйæ дæр схызтысты ныггæндæй æмæ фæд-фæдыл цыдысты хъæды.

Фыдæлтыккон бæрз бæласы бын Харитон æнцад бадгæйæ баййæфта командир æмæ комиссары. Кæрæдзийæн салам радтой, стæй командир райста Хæтæджы-фырты къух æмæ йын раарфæ кодта.

– Бузныг, стыр бузныг, Харитон Алыксандры фырт: хорз, иттæг хорз сæххæст кодтай командиры хæслæвæрд!

– Службæ кæнын Советон Цæдисы сæраппонд! – фæцырд дзуапмæ Хæтæджы-фырт дæр.

– Æрбад нæ цуры, – фæлмæн хъæлæсæй сдзырдта Щербина æмæ хъуыддагхуызæй йæ цуры хъæды лыггагмæ ацамыдта: – Æрмæст, дæ хорзæхæй, фæлмæн къæлæтджын бандон дæ быны ма асæттæд.

– Йæ уæзæй ма зæххы дæр аныгъуылдзæн,– бахудт комиссар дæр.

– Гитлеронтæн знон цы бакуыстай, уый дæхи цæстытæй федтай, джигит? – афарста йæ майор Щербина.

– Федтон, æмбал командир! – хъæлдзæгæй дзуапп радта Харитон. – Фæлæ эшелоны цы ластой гитлеронтæ æмæ дзы цал вагоны ныффалгæрон, уый базонын мæ къухы нæ бафтыд. Раст уын куы зæгъон, уæд лидзæг фæдæн, сæгуыт дæр мæ нал баййæфтаид...

– Эшелоны афæлдæхтæй фашисттæн цас зиан æрхастай, уый мах фехъуыстам æмæ бæлвырдæй зонæм, – зæгъы командир. – Эшелоны уыдис дыууадæс æмæ ссæдз уæзласæн вагоны. Уыдонæй – æртындæс ныппырх сты... Æртæ та дзы афæлдæхт, фронтмæ салдæттæ кæм ластой, ахæмтæ... Хæлд æфсæнвæндагыл цæуæн нал ис... Дыууæ-æртæ боны бæрц...

– Цас немыцаг хæцæнгæрзтæ нал бахауд фронтмæ æмæ знаджы салдæттæй цæйбæрц фæхъуыдис, уый бахынцинаг у! – зæгъы комиссар дæр. – Уымæ ма ноджы бафтауын хъæуы, фашистты зæрдæты цас тасдзинад и, уый дæр.

– Раст зæгъыс, Димæ! – сразы командир. – Егъау моралон эффект! Гитлеронтыл къæбуты ‘рдыгæй ахæм гуыппытæ арæхдæр куы уайа, уæд сæ æхсæв хуыссæг дæр нал ахсдзæн... Знаджы къæхты бын советон

адæмæй чи уынæргъы, уыдонæн та – ныфс: «Фашистты ис къæбуты ‘рдыгæй цæгъдæн! Мастисджыты рæнхъытæм! Партизантæн æххуыс кæнынмæ!» Кæрæдзийы хуыздæр базонæм, Харитон. Æз, Щербина, Сырх Æфсады афицер, мæ дæсныйад – сгарæг. Æз ам дæн Линьковы бæсты. Мæнæ мæ фарсмæ бады кæстæр лейтенант Кеймах (фæсномыгæй – Димæ Корниенко), нæ комиссар... Ды дæр нын радзур, Хætæджы-фырт, дæ царды цаутæ. Мацы нæ басусæг кæн!.. Хъусæм дæм зæрдиагæй...

– Цымыдис стæм, уый тыххæй дæ нæ фæрсæм, Харитон, бафтыдта командиры ныхасыл комиссар. – Зонæм, мæнг паспорт дæм кæй ис, дæхи Ваня Лопатин кæй хоныс, уый. Фæлæ кæцон дæ?

– Слест мыл кæнут? – йæ мидбылты сæм мæстыгæрæй бахудт Харитон æмæ йæ былтæ асæрфта: хъыг æм фæкастысты хынцфæрстытæ, фæлæ йæхиуыл хæцыд. Нæ уарзы Харитон хи стауын!

– Афтæ дæр æй бамбар, – загъта командир. – Фæлæ дыл слест нæ кæнæм. Мах ныртæккæ стæм фыдгулы фæсчъылдым зынг къæйыл адæм. Нæ хæстон хъысмæт нæ кæдæм фæхæсдзæн æмæ нæ кæм æрæвæрдзæн, уый махæй ныртæккæ ничи зоны...

– Афтæ у, æмбал Хætæджы-фырт! – æргомдæрæй загъта комиссар: Ды коммунист дæ. Æмæ нæ хъуыддæгты дæуæй фылдæр домдзыстæм. Уый дæ зæрдыл дар. Ныр та уал нæм командиримæ ахæм фæнд ис: парторгæй дæ нысан кæнæм. Уый фæстæ махæй исчи тохы рæнхъытæй фæцух, зæгъæ, уæд ын, чи зоны, йæ бынаты ды æрбалæууай. Ахæм у нæ хъысмæт. Æмæ дæ хъуамæ лæмбынæгдæр зонæм.

– Стæй дæ хъуамæ ахуыр дæр скæнæм нæ куыстыл, – бафтыдта ма командир.

– Мæнæ бæллæх! – йæ ныхы сурхид асæрфта Харитон. – Чи дæн, цы дæн? Кæм райгуырдтæн æмæ цæмæн? Цы фыдæбæттæ федтон? Кæй хъæуынц?

– Мах, командиры æмæ комиссары! – цæхгæрæй загъта Щербина – Махæн ныртæккæ ахсджиагдæр хæс у, нæ къухы чи ис, кæуыл æууæндæм, уыцы адæймæгты хуыздæр базонын... Хъусæм дæм.

– Коли трэба, дык трэба, браточки, – загъта Харитон белоруссиагау æмæ дзырдта йæ царды цаутæ.

*«Мах дуг»-ы 1970 азы 6-æм номырæй ист*

*БАСИТЫ Мысост*

# МÆ ЗÆРДÆ МЫСЫ!..

## ХУР ÆМÆ ГÆЛÆБУ

Гæлæбу дымгæйæ
Абон нæ тарст.
Хур æм рæвдаугæйæ
Арвæй æркаст...

Æмæ йæ хъарм тынтыл
Систа хæрдмæ!
Загъта йын: «Базыртыл
Ратæх мæнмæ!

Рахæсс мæм уалдзæгæй
Хабæрттæ цырд!
Стыр зæххон уазæгæй
Фехъусон дзырд!..»



## НÆРТОНТÆ

Нæртон фæлтæртæ,
Нæ буц кæстæртæ, –
Мæ зæрдæдарæн!
Æз уæ æмбарын
Æмæ фæзарын
Дзæбæх уæ кадæн...

Сымах фыдæлтау
Ыстут æд æгъдау
Хæххон цæргæстæ!
Ныр дæр уæ номæй
Ныббуц æргомæй
Нæ Иры бæстæ!..

Мæнæн, дам, уыдон
Вæййынц æрвылбон
Мæ хъарм хъæбысы.
Æмæ сæ уымæн
Æхсæв дæр, бон дæр
Мæ зæрдæ мысы!..

## АРСЫ ФЫДУАГ ЛÆППЫН

Фыр нæрдæй æмдымбыл у арсы лæппын,
Мыд æмæ æхсырæй йæ хæссы йæ мад.
Дымгæйау сæрибарæй уарзы тæлфын,
Æппындæр бынаты нæ бады æнцад!

Кæм бæласмæ хизы йæ мады фæдыл,
Кæм ратулы кæрдæгыл рагъæй бынмæ!
Дызæрдыг фæкæны йæ мады фæндыл!
Йæхи зондыл уайы, нæ хъусы дзырдмæ!

Æрмæст æй куы баййæфта бæласыл уад,
Æмæ йæ куы систа бæрзæндты тыххæй,

Уæд фембæрста фыдуаг, куыд зынаргъ у мад!
Æвæццæгæн, дам, у мæ митæй фæллад!



## МАЛУСÆГ ÆМÆ САУЦЪИУ

Малусæг феуæгъд йæ фынтæй,
Атад йæ алыварс мит.
Хур æй рæвдауы йæ тынтæй,
Нал кæны дымгæ æхситт...



Сауцъиу æй ауыдта дардæй
Æмæ йæм базарыди:
– Малусæг, ма кæс æнкъардæй!
Уалдзæг нын ралæууыди...

Уый нæм æрбакасти райгæ,
Уый нæ-иу хъомыл кæндзæн...
«Иумæ нын айрæзут маймæ», –
Афтæ нын буцæй зæгъдзæн!

## СУДЗИН

Нанайы къухы
Фæллад нæ зоны:
Сынчытæгæнгæ
Фæцæйызгъоры.

Хъуымац хуыйгæйæ,
Телау нæ тасы.
Æндах йæ фæстæ
Цæрдæг фæласы.

Нанайы судзин
Куысты нæ сайы.
Мæнæн та уайтагъд
Мæ къухы суайы!..



# ÆНГУЫРСТУАН

– Чысыл æнгуырстуан –
Дзыгъуыр-мыгъуыртæ,
Цæмæн дæ афтæ
Хæбуздзыхъхъытæ?

Мыййаг, дæ кæрты
Кæд их фæхоста?
Æви дын дыдын
Ныууагъта ностæ?

– Нæ, нæ, мæ дарæг,
Æрдзæй дæн афтæ;
Мæ дæрзæг фæрстæн
Фæкæнынц арфæ.

Æнæ уыдон-иу
Æдзух куыд кусин?
Мæн бирæ уарзы
Нанайы судзин.

* * *

Чиныг мын балæвар кодта баба,
Гом дæр нæма уыди – ног у нырма.
Маст мын дзы ракодта иу дзырд æрмæст...
Судзæгау акодта уымæй мæ цæст!..
Байхъусут, цавæр уыд, уый уын зæгъон:
«Хæст», зæгъгæ, фыст уыди сыфы кæрон...
Иухатт куыд басыгътой знæгтæ нæ хъæу…
Уæвгæ... йæ дзурын дæр афтæ 'нцон нæу!
Зæрдыл æрбалæууыд уайтагъд мæ мад...
Донау мæ цæстысыг рустыл æруад…
Чи та цæттæ кæны хæстмæ, цæмæн?!
Абон æз уый тыххæй сидзæр куы дæн!

# ХЪÆБАТЫР БАРÆГ

Нымаддæр, кадджындæртæй уыдысты «Георгийы крест»-ы æххæст кавалертæ – уыцы хæрзиуджытæй цыппар чи райста, ахæм ныфсхаст адæм.

Ирон адæмæй дæр ахæм хорзæхтæ бирæтæ райстой. Уыдонæй иу – Хадыхъаты Алыксийы фырт Виссарион (Без).

Иубон, нæ горæты стыр уынджы цы дæндæгтæ дзæбæхгæнæн поликлиникæ ис, уым бадтæн, æнхъæлмæ кастæн, мæ рад кæд æрхæццæ уыдзæн, уымæ. Дохтыртæ рынчынты дæндæгтæм кæм зылдысты, уыцы уаты дуар байгом, æмæ дзы рахызт иу зæронд лæг йæ лæдзæджы æнцæйтты. Нæ фæрсты куы рацæйцыд, уæд мах, рады бадджытæ, кæрæдзимæ бакастыстæм: зæронд лæгæн йæ цæстытæ кæд уыдысты кæуындзаст. Æрлæууыд нæ цуры, йæ къухты кæлмæрзæн систа æмæ сабыргай йæ цæстытæ ныссæрфта, стæй йæ лæдзæджы ‘нцæйтты узгæ-узгæ дуары ‘рдæм араст. Уым ын кæстæртæй чидæр дуар байгом кодта æмæ, зына-нæзына йæ сæрæй «бузныг» зæгъгæйæ, зæронд лæг уынгмæ ахызт.

Мидæгæй мæ мыггаг загътон æмæ бацыдтæн. Сбадын мæ кодтой уыцы дохтырмæ.

– Зæронд лæджы тынг фæриссын кодтай, – дохтыры зыдтон æмæ йæм уæндон ныхас скодтон.

– Йæхæдæг мæ фæкæуын кодта, – загъта уый.

Æз скастæн дохтырмæ. Йæ цæстытæ уыдысты кæуындзаст æцæгдæр.

– Æз ын йæ дæндæгтæм æвналгæ дæр нал бакодтон, – загъта дохтыр, – растдæр зæгъгæйæ та, дыууæйæ дæр ууыл нæ уыдыстæм...

Æмæ мын радзырдта ахæм цау.

– Цæвиттон, ныртæккæ ардыгæй чи ахызт, уыцы зæронд лæг уыди Гугкаты Бади. Йæ гæххæтт йæ къухы, афтæмæй регистратурæйæ дæндæгтæ дзæбæхгæнæн уатмæ араст. Гæххæттыл фыст уыд дохтыры мыггаг – Хадыхъатæй. «Цымæ, кæй чызг уа?» – хъуыды кодта йæхинымæр. Æнæуи дæр зæронд фæрсаг у, æмæ йæ арæхстгай къæлæтджыныл куы ‘рбадын кодта, уæд æй бафарста:

– Хадыхъатæй кæй чызг дæ, мæ хур?

– Виссарионы, Без дæр æй хуыдтой, – дзуапп радта сылгоймаг.

Йæ разы йын фынгау æрæвæрдта кусæнгæрзтæ. Фæлæ зæронд лæг

уыдонмæ нæ каст. Уый йæ риуæй райста, дохтыр ыл цы урс-урсид хъуымац æрытыдта, уый æмæ йæ йæ разы æрбадын кодта.

– Уæдæ ды Безы чызг дæ?

– Ды мæ фыды зыдтай? – цымыдис фарст акодта зæронд лæджы.

– Æмæ уый та чи нæ зыдта, мæ хур? Уæуу, мæнæ Безæн цы чызг ис!..

Се ‘хсæн ныхас куыд нæ рауадаид...

Без райгуырдис 1890 азы Ольгинскæйы. Каст фæци дыууæ къласы аргъуаны приходы скъолайы. Йæ фыд иуыл æнæнизтæй нæ уыд, æмæ Безы бахъуыд йæ ахуыр ныууадзын. Зылди хæдзармæ. Йæ афон куы ‘рхæццæ, уæд æй акодтой паддзахы æфсадмæ. Службæйы уыд Армавиры, ирон дивизионы, бæхджын æфсады. Йæ службæ куыддæр фæцис, афтæ райдыдта фыццаг империалистон хæст. Дивизионмæ ма барвыстой бирæ ирæтты, æмæ дзы рауад бæхджын æфсады ирон полкъ. Уæдмæ Без ссис вахмистр. Уыцы уæззау хæсты тымыгъты рæстæг йæ фарсмæ чи тох кодта, уыдонæй дыууæ ам, нæ горæты, цæрынц. Сæ иуы кой ракодтон – Гугкаты Алыксийы фырт Бади, иннæ – Мамиаты Иуанейы фырт Миша. Адон сæ дыууæ дæр уыдысты æртæ хæсты (империалистон, мидхæсты æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты). Ис сæм се сгуыхтдзинæдты тыххæй хæрзиуджытæ.

Уыцы дыууæ дзырддзæугæ лæджы Безы тыххæй афтæ зæгъынц: «Уый уыд æцæг хъæбатыр. Афицер уыдаид, инæлар, – йæ фæрсты æрбацæуы, зæгъгæ, уæд ын йæ цыппар крестæн æмæ цыппар майданæн æгъдау лæвæрдта. Умæй – хæдæфсарм. Мах фæрсæй-фæрстæм хæцыдыстæм знаджы ныхмæ æмæ йын йе сгуыхтдзинæдтæй уыдыстæм сæрыстыр. Кæд сотнæйы командирыл афицер Обухов нымад уыд, уæддæр салдæттæн разамынд лæвæрдта, хæсты цæхæрмæ сæ кодта Хадыхъайы-фырт. Нæ хæцæн рæттæ уыдысты Украинæйы быдыртæ, Карпаты хæхтæ... Суанг Польшæмæ бахæццæ стæм.

– Иухатт, – зæгъы Бади, – Карпаты хæхтæм хæстæг знаджы фистæг æфсады полкъ нæ ныхмæ тынг куы схæцыд, æмæ йæм æргом бабырсгæйæ цалдæр хатты нæ фистæг æфсад куы фæсыкк, уæд полчъы командир Безмæ фæдзырдта.

– Цæй, хæххон джигит, дæ лæгдзинад æмæ дæхæдæг...

Мах бæлвырдæй нæ зонæм, булкъон æмæ Хадыхъайы-фырты æхсæн дарддæр цы ныхас рауад, уый, фæлæ хурныгуылды агъоммæ Без

йæ салдæттимæ æртæрдыгæй ныббырста æмæ знаджы уыцы фидæрттæ бацахста. Полкъæй ма чи аирвæзт, уыдон та æд командир уацары райста. Уый тыххæй йын лæвæрд æрцыд цыппæрæм хæрзиуæг æмæ ссис «Георгийы крест»-ы æххæст кавалер.

– Ноджыдæр ма дзы нæ зæрдыл цы бадардтам, – æрымысыд Мамиаты Миша, – афтæ-иу загъта: лæппутæ, нæхи ма фæхудинаг кæнæм, хъуамæ мах тыххæй нæ хистæртæм уайдзæф макуы ‘рхауа. Фидиссаджы бæсты хъуамæ уæм фæзминаг.

Бæхджын æфсады ирон полкъ Польшæйæ горæт Станиславмæ куы бахæццæ, уæд Уæрæсейы райдыдта революци, æмæ Рæстæгмæ хицауад уыцы полкъ фæстæмæ Уæрæсейы балæууын кодта. Поезд æфсæнвæндаджы станцæ Днойы æрлæууыд. Афицертæ загътой, Петрограды ис змæстытæ, æмæ хохæгты «хъæддаг дивизи» хъуамæ уырдæм æвæстиатæй ацæуа, басабыр кæна кусджыты змæлд. «Хъæддаг дивизи» кæй хуыдтой, уым уыдис ирæтты полкъ дæр. Кодтой сæ революцийы зынг ахуыссын кæнынмæ.

Кæд паддзахы аппæрстой, уæддæр кусджытæ æмæ зæхкусджыты уавæр нæ фæбæллиццагдæр. Хуыздæр уавæры нæ уыдысты салдæттæ дæр.

Иукъорд мæйы уыдис афтæ змæст. Фæлæ ахæм уавæрæн бирæ ахæссæн нæ уыд. Кусæг, зæхкусæг адæм большевикты партийы разамындæй сæхи цæттæ кодтой æцæг революцимæ. Разæнгард уыдысты уыцы хъуыддагмæ æфсады дæр, уым суанг æппæт æфсæддон хæйтты дæр ахъаззаг куыст бакодтой большевикты агитатортæ.

– Махæн не ‘фсымæртимæ ницы уаринаг ис Петрограды, æмæ сæ ныхмæ тохы дæр нæ бацæудзыстæм, зæгъгæ, загътам нæ афицертæн, – дзуры Мамийы-фырт. – Афтæ нын дзырдтой полчъы комитеты уæнгтæ дæр. Æмæ нын цы нæ фæкодтой нæ афицертæ, фæлæ мах нæ акуымдтам. Сæ хъуыддагæй куы ницы рауад, уæд нæ фæстæмæ уыцы поезды сбадын кодтой æмæ нæ суанг Кавказмæ уыцы иу цыдæй сластой. Без дæр немæ. Нæ афицертæ дæр фæйнæрдæм фæцыдысты, иутæ та дзы, куыд дзырдтой, афтæмæй фæсарæнтæм сæхи айстой. Ноджы ма дзырдтой, зæгъгæ, дам, уыцы афицертæ семæ ахастой нæ полкъæн йæ тырыса дæр, уымæн æмæ нæ полкъ кадджын æмæ хъæбатырыл нымад уыдис, хаста «Георгийы полчъы» ном.

Без империалистон хæстæй сыздæхт уæззау цæфтæй, уыдис дыу-

уадæс цæфы. Йе ссыдмæ йæ мад æмæ йæ фыд амардысты, æмæ йын йæ цæфтæм зылдысты йæ хæстæджытæ.

Ахуыссыд империалистон хæсты арт, фæцис мидхæст дæр. Советон адæм бавнæлдтой сабыр фæллоймæ. Бадзæбæх сты Безы хъæдгæмттæ дæр. Службæ кодта Сырх Æфсады. Йæ хæстон арæхстдзинадыл ахуыр кодта йæ кæстæрты. Нæ бахæлæг кодта йе ‘взыгъддзинад, Сырх Æфсадмæ кæй кодтой, уыцы æвзонг фæсивæдæн. Суанг ма-иу хъæуты бæхтыл хъазт куы уыдис йе-иу горæты цæхæрцæст лæппутæ сæ аив бæхылбадт куы æвдыстой, уæд-иу Без бæрæг дардта се ‘хсæнæй. Цæйбæрц арфæтæ-иу райста! Æппынфæстаг æй акодтой Армавирмæ бæхтыл бадджыты æфсæддон скъоламæ. Уый уым ахуыр кодта æрыгон курсантты. Уыцы хъуыддаджы тынг баххуыс кодта æфсæддон скъолайы командиртæн. Ныр дæр ма радзурынц, бæхыл бадгæйæ, дам, ахæм арæхстдзинад æвдыста, æмæ-иу ыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. 1929 азы та Таджикистаны ногæй карз тохтæ цыдис басмачты ныхмæ. Тогъойты Данелимæ уырдæм ацыд Хадыхъаты Без дæр æмæ та ам дæр равдыста стыр хъæбатырдзинад.

Басмачтæ дæрæнгонд куы ‘рцыдысты, уæд Безы уым баурæдтой, æмæ кодта алыхуызон бæрнон куыстытæ.

Без амард 1940 азы, æмæ йæ баныгæдтой йæ райгуырæн Ольгинскæйы.

Раззаг – хæсты, раззаг – фæллойы, раззаг – спорты. Ахæмæй баззад Хадыхъаты Без, чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты.

*ХЪАЙТТАТЫ Сергейы чиныг «Ирон хабæрттæ»-йæ ист*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***7 апрелы*** йæ цардæй ахицæн ахуыргонд, педагог, æхсæнадон архайæг Тахъазты Валери. Цыд ыл 66 азы.

► ***17 апрелы*** Хетæгкаты Къостайы номыл литературон музейы уыд поэт Дзаболаты Хазбийы мысæн изæр.

► ***21 апрелы*** Заманхъулы Культурæйы хæдзары арæзт æрцыд фыссæг, прозаик, Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг, Ирыстоны адæмон фыссæг Цомартаты Изæтбеджы сфæлдыстадон изæр.

► ***21 апрелы*** йæ цардæй ахицæн фыссæг æмæ артист Джимиты Кларæ.

► ***23 апрелы*** Алагиры чиныгдоны уыд фыссæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран, Японы хæсты архайæг Сечъынаты Ладемыры райгуырды 105 азы боны фæдыл мысæн изæр. Ладемыр куыста журнал «Мах дуг» æмæ газет «Рæстдзинад»-ы.

► ***15 майы*** Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты уыд ахуыргонд, историк, публицист, профессор Цыбырты Людвиджы чиныг «Мыслитель с путеводным даром»-ы презентаци. Чиныджы бакæсæн ис номдзыд ахуыргонд, лингвист, этимолог Абайты Васойы номарæн æрмæджытæ, авторы мысинæгтæ Васоимæ фембæлдтыты тыххæй, зонадон уацтæ.

► ***15 майы*** хорзæхджынгонд æрцыдысты РЦИ-Аланийы Хицауады æрвылазон преми «Мæ уарзон Ирыстон»-ы лауреаттæ: номинаци «Афæдзы темæ»-йы – газет «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг Джусойты Нинæ; номинаци «Мыхуыры æрмæджытæ»-йы – журнал «Ирæф»-ы автор, фыссæг Будайты Милуся; номинаци «Интернеты рауагъдады æрмæджытæ»-йы – информацион портал «15 регион»-ы уацхæссæг Хъоцыты Альбинæ; номинаци «Телеуынынады æрмæджытæ»-йы – НТК «Осетия-Ирыстон»-ы уацхæссæг Хуыбылты Жаннæ; номинаци «Радиойы æрмæджытæ»-йы – паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы журналист Газайты Зоя æмæ номинаци «Хабархæссæг репортаж»-ы - паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы уацхæссæг Хъайтмæзты Дзерассæ. Дипломæй хорзæхджынгонд æрцыд Кировы районы газет «Вперед»-ы кусджыты къорд, ирон æвзаг бахъахъхъæнынил æмæ йæ парахат кæнынил кæй архайынц, уый тыххæй.

*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 5. 2026 г.
Подписано в печать 20.05.2026 г. Выход в свет: 29.05.2026 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 164. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м². Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Равдысты къамтæ сты Дзыныхты Анжелæйы æвæрæнтæй.
Редакцийы кусджытæ йын зæгъынц бузныг йæ зæрдиаг лæггады тыххæй.

# Рафыссæм ирон журнал «МАХ ДУГ»!

## Зынаргъ хæлæрттæ!

*Райдыдта 2026 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд чи у, ирондзинад йæ зæрдæйы ræбинаг кæмæн у, уыдонæн 2026 азы дыккаг æмбисæн журнал «Мах дуг» сæ бон рафыссын у «Уæрæсейы пост»-ы кæцыфæнды хайады дæр. Нæ индекс: 37247. Аргъ – 792 сомы æмæ 12 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 728 сомы æмæ 46 капеччы.*

*Журнал асламдæр аргъæй, 500 сомæй (афæдзы æмбисæн), рафыссæн ис редакциййы. Афæдзæн та – 1000 сомæй.*

*Иу хорз хабар ма! 30 журналы кæнæ фылдæр чи рафысса (республикæйы скъолатæ, районты администрацитæ, æндæр куыстуæттæ...), уыдонæн сæ редакци хæццæ кæндзæн лæвар.*

*Нæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг*

**Редакциййы телефонтæ:**
**25-09-64, 25-09-74,**
**8 (962) 743 58 78, 8 (918) 835 33 56**




Индекс 73247
12+